# МАХ ДУГ



## ТЫХ НЫЛ КÆНÆД ÆРМÆСТДÆР УАРЗТ!

3
2026



*Ӕрцарди уалдзæг зæрдæты ‘мæ æрдзы.*
*Парахатæй йæ уæздан фæтк æвæры.*
*Ӕрвылаз нæм æрбацæуы, уæддæр дзы*
*Ӕдзух нæхицæн ног ныфсытæ ‘вæрæм.*

**КАМАЛ**



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

// МАХ ДУГ

3
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........................................ 5

**БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо: 145 азы**
БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо. Ныстуан ........................................ 10
Елбыздыхъойы тыххæй загътой ........................................ 14

**ДЗУГАТЫ Георги: 115 азы**
ДЗУГАТЫ Георги. Хъæбæрсæрст. Зæххы сой. *Радзырдтæ* ........................ 16

**ПОЭЗИ**
Дæ уарзт – æвдадз, дæ рæсугъддзинад – цин. ЧЕЛДЫТЫ-ГОДЖЫЦАТЫ Надя. БЫЗЫККАТЫ Земфирæ. ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. ГÆБУАТЫ Галинæ. *Æмдзæвгæтæ* ........................................ 32

**ПРОЗÆ**
ЦОЦИТЫ Емзар. Æрдхæрæн у æрдз. *Радзырд* ........................................ 38
ДАУЫРАТЫ Дамир. Фыд йæ фыртæн – минæвар.
*Цардæй ист хабæрттæ* ........................................ 41

**ИНТЕРВЬЮ.**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. «Тых ныл кæнæд æрмæстдæр уарзт» ................... 54

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. Æвзонг бæллицты дунемæ бæлццонтæ ............. 64

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ЦАРДЫСТЫ ÆМÆ УЫДЫСТЫ**
ХУЫГАТЫ Сергей. Цæрукъаты Алыксандр. *Мысинæгтæ* ...................... 67

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**
ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ........................................ 81

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
ГАССИТЫ Аннæ. *Æмдзæвгæтæ* ........................................ 99

**УДВАРНЫ ХÆЗНАТÆ**
ЦÆГÆРАТЫ Феликс. Нарт æмæ чызджыты æфсад ................................. 104

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**
МАМИАТЫ Таймураз. Нæ сомбоныл нын ауды сылгоймаг. *Уац* ......... 120
ГАСАНТЫ Валери. Рæсугъд зæрдæ æмæ арф зонды хицау. Уац ........ 124

**РОХУАТÆН ÆВГЪАУ**
ДЖИМИТЫ Хайырбег. Дыууæ нанайы. *Радзырд* ................................ 130

**БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН**
КАЛМАНТЫ Этери. Фæрдгуыты хал. *Радзырд* ................................ 136

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
Хæххон æлдары фырты æмæ быдырон æлдары чызджы аргъау ........... 139

**ТÆФÆРФÆС**
КОЛЫТЫ Витали ........................................ 142

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........................................ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## АХУЫРАД ÆРМÆСТ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ ДÆТТЫНЫ ПРОЦЕСС НÆУ...

Кæддæриддæр æнкъардтон ахуырадимæ æнгом бастдзинад. Цæгат Ирыстонмæ куы æрыздæхтæн, уæд бамбæрстон, мæ чысыл райгуырæн бæстæйы кусын куыд ахсджиаг хъуыддаг у, уый. Бинонты иузæрдиондзинад æмæ традицитæн аргъ кæныны хъуыддаг нæм сывæллæтты æнтыстытæн æвæрынц фидар бындур.

Ахуыргæнæджы дæсныйады сусæгдзинæдтæ æнкъарын райдыдтон Беслæны 8-æм астæуккаг скъолайы. Ам ахуыр кодтон алы скъоладзауы миддунемæ дæр фæндаг агурыныл, чи сæ цæмæ тынгдæр арæхсы, уый уынын æмæ сын сæ курдиат раргом кæныныл. Тынг бузныг дæн скъолайы директор Хæблиаты Аллæйæ, мæ профессионалон рæзтæн мын æдзух æххуыс кæй кодта, уый тыххæй.

Бирæ хорз ныхæстæ зæгъын у мæ бон мæ иннæ ахуыргæнджыты тыххæй дæр. Мæскуыйы хицауады раздæры министр æмæ Рухсады академийы президент Исаак Калина мæ хайджын кодта

йæ хъæздыг фæлтæрддзинадæй, Ахуырады министрады кусын куы райдыдтон, уæд. Александр Адамский мæ ахуыр кодта дардмæ уыныны зондыл хæст уæвыныл, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло мын æххуыс кодта мæ размæ æвæрд нысантæ, цы адæмæн кусæм, уыдоны хорзæхæн æххæст кæныны хъуыддаджы. Сæ руаджы мæ бауырныдта, алы арфæйаг хъæппæрис дæр царды рауадзæн кæй ис, уый.

Æз стыр аргъ кæнын советон ахуырады системæйæн йæ бæлвырд уагæвæрдтыл куыст æмæ удгоймаджы рæзтæн фадæттæ аразыны тыххæй, фæлæ мæ уырны, нырыккон ахуыргæнджыты бон кæй у ахуырадмæ ног фæрæзтæ æмæ фæзилæнтæ хæссын, уыцы иу рæстæг сывæллонмæ адæймагон ахаст нæ фæкайгæйæ. Ахуыргæнæг æрмæст зонындзинæдтæ нæ дæтты, фæлæ ма разæнгард дæр кæны, рæзгæ уды чи бамбара, ахæм хистæр дæр у.

Ме 'мкусджытимæ иумæ архайын ууыл, цæмæй нæ ахуырады системæйы алы сывæллон дæр йæхи æнкъара хъæугæ адæймагæй, алы ахуыргæнæгæн та уа йæ хъарутæ æмæ курдиат йæ куыстæн раттыны æмæ йæ дæсныйадæй сæрыстыр уæвыны гæнæн. Хорз ахуыргæнæг, фыццаджыдæр, у ахæм адæймаг, сывæллоны чи уыны æмæ хъусы.

Ахуырад – уый та æрмæст зонындзинæдтæ дæттыны процесс нæу, фæлæ ма, удгоймаг кæм гуыры, гражданин кæм æхсиды, сфæлдыстадон курдиат кæм раргом вæййы æмæ æнæхъæн бæстæйы фидæнæн бындур кæм сæвæрдæуы, ахæм уавæрты хъомысджын системæ. Ахуырады æнæ уыдонæй нæй рæзты гæнæнтæ, инновацитæ æмæ социалон хорзæхтæ тауæн. Уымæ гæсгæ нæ куыст арæзт у ахуырадон программæтæм ногдзинæдтæ хæссынмæ, ахуыргæнджытæн æххуысмæ, ног ахуырадон технологитæ парахат кæнынмæ æмæ хиуыл иудадзыг кусынæн гæнæнтæ дæттынмæ.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министрад стыр æргом здахы ирон æвзаджы рæзт æмæ парахатдзинадмæ. 18 скъолайы ис полилингвалон, ома дыууæ æвзагыл ахуырадимæ кълæстæ, кусы, ахуырад ирон æвзагыл кæм цæуы, ахæм Алайнаг гимназ дæрддзæф районтæй сывæллæттæн интернатимæ. Гимназы ма ис ирон æвзагыл ахуырадон уæлæмхасæн къордтæ, æмæ уый руаджы

сывæллæттæ ноджы хуыздæр æмæ бæстондæр базонынц æвзаг, истори æмæ культурæ. Сывæллæтты 115 рæвдауæндоны сарæзтам полилингвалон къордтæ, æмæ сæ хъомылгæнинæгтæ сабибонтæй фæстæмæ хъусынц ирон ныхас. Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы хъæппæрисæй сывæллæтты 30 рæвдауæндоны райстой иронау дзурæг 200 интерактивон фæлмæн хъазæны, сывæллæтты 200 рæвдауæндоны та – ирон æвзагыл аивадон уацмысты чингуыты æртæ мин экземпляры. Арæзт æрцыдысты æмæ федералон экспертизæ ацыдысты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæн чингуытæ, æмæ уымæй та фæфидар сты ахуыры методикон бындуртæ.

Уыимæ æмбарæм, цард ноджы æнувыддæр архайд кæй домы, æмæ ахуыргæнджытимæ, ныййарджытимæ, эксперттимæ дарддæр æвзарæм ирон æвзаг æнæмæнг фæлварæн скæныны фарста. Æрмæстдæр æмзондæй бантысдзæн скъола, бинонтæ æмæ æхсæнадæн ирон æвзаджы хъæздыгдзинæдтæ бахъахъхъæнын æмæ сæ фидæны фæлтæртæм агургæ æмæ æнæссаргæ хæзнайæ адæттын. Иууылдæр иумæ тырнæм ахæм фидæнмæ, алы сывæллон æмæ студентæн дæр, кæмфæнды куы цæра, уæддæр ын йæ хъарутæ æмæ зонд фæрныг хъуыддæгтæм аразыны фадæттæ куыд уа, æмбæлгæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинад кæм иса, æхсæнадæн пайда кæм уа. Зæрдиаг бузныг зæгъын ахуыргæнджытæн, ныййарджытæн, нæ хъæппæристы иннæ фарсхæцджытæн. Уæ куыст – ахсджиаг, стыр кады æмæ бирæ хорз ныхæсты аккаг!

Уалдзæджы бæрæгбоны арфæтæ кæнын нæ ахуыргæнджытæ, ныййарджытæ æмæ нанатæн! Уæ зæрдæтæ цины, уарзты æмæ уæлмонц æнкъарæнты уылæнтæй дзаг уæнт. Уæ тавиц, куырыхон зонд фидæны фæлтæрты ахуырад æмæ хъомыладмæ ахъаззаг бавæрæн сты. Амондджын, æнæниз æмæ рæстмæ ут кæддæриддæр!

*АЛЫБЕГТЫ Эллæ,*
*РЦИ-Аланийы ахуырады æмæ наукæйы министр*

*ГÆДИАТЫ Секъа*

# УАЛДЗÆГ ИРЫСТОНЫ

*Хур бæрзæндты хæтын систа, йæ хъарм тынтæ зæхмæ æппары. Зæхх хурмæ йæ риу фæзылдта, цыма хурмæ йæхи тавы. Ирыстоны куыд рæсугъд æмæ хъæлдзæг уалдзæг вæййы, ахæм рæсугъд æмæ хъæлдзæг уалдзæг æндæр бæстæты нæ вæййы: бæрзонд урс хæхтæ дон фестадысты, цъитирæбынтæй ихджын змæст дон нарæг кæмтты æнусты къæдзæхтыл пырхæнтæ калгæ денджызмæ тындзы, саухох, æфцæджытæ, рагъсæр уæзæгтæ, лæгъз æрнæджытæ, къуырфбын лæнчытæ кæрдæгæй цъæх адардтой, алы хъулон дидинæгæй сæхи сфæлыстой. Цардуалдзæджы размæ уыцы хорз дидинджыты тæф хурыскæсæны ирдгæ бæстыл дард рахæсс-бахæсс кæны. Адæймаджы зæрдæ уыцы хорз тæфæй уæлвонг сбады, йæ хъуыдытæ æмæ йын йæ зонд асыгъдæг кæны. Æрдæгфистæфтыд сау фосы дзугтæ сæрвæтты хизынц, сæ уæрыччыты тагъд-тагъд удайынц. Хъугоймаг дæргъауæдз хуымты къуыбырсы галтæ дзывыры ифтыгъдæй сау мæр фæлдахынц; кæрвæдз тымбыл хор, сысчы æмæ хъуыдалы мыггагæн тауынц. Нæ буц уазджытæ, зæрватыччытæ, æлдар кæмæн нæй, дард хъарм бæстæй æртахтысты, цъыбарцъыбургæнгæ бон-изæрмæ хæдзары къултыл ахстæттæ кæнынц, кусынил архайынц. Уалдзыгон мæргътæ арвы дæргъдзинады ленчытæгæнгæ алы ‘взагæй алы зарæг кæнынц. Æнæкæрон цъæх арвыл хурзæрин цæхæртæкалгæ фæленк кæны, стыр тыгъд денджызмæ йæхи фæласы. Изæрæхсид дыдзы хурæй цъæхсæр къæдзæхтæ сызгъæринау сæрттивынц, бæлæстæ сыфтæрæй сæхи бамбæрзтой; хурыскæсæны дымгæйæн фæлмæн хъырнынц. Уæд бæрзондæй куы ракæсай, – Ирыстоны тъæпæн дæ разы тымбыл фынг фестдзæн, йæ алы къуымтæй хъæутæ сау æндæрг хæссынц. Терчы дон йæ астæуты йæхи аивæзта къæдзтæ-мæдзтæ, Æрджынарæгæй фæдæле. Уæд арыхъхъæй куы скæсай бæрзонд урс хæхтæм, – урсзачъе зæронд лæгты бадт кæнынц. Сæ буц хъæбысты, сæ дæлæрмтты хъæутæ цæрынц. Сæ сыгъдæг ирдгæ адæмы зæрдæ сыгъдæг кæны. Дæу уарзын, Ирыстон, мæ гуырæн бæстæ, дæутыххæй кусын мæм цыныуадз кæсы.*

# БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪО:
# 145 АЗЫ



**(1881 – 1923)**

*Ӕвзӕрӕй цӕрын ӕнцон у, хорзӕй – зын.*

*БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо*

# НЫСТУАН

Фыццаг журналты сæфт махæн къуылымпыйы сем нæу. Уый тыххæй æмæ алы хъуыддагæй алы сæрмæ алы зонд цæуы. Арв æрцæвгæйæ, дины лæг Хуыцауæн кувы, хъæууон йæ рудзгуытæ æхгæны, сахайраг та æнцад у: рагацау уый йæ уæлхæдзар æфсæйнаг хъил ныссагъта æмæ йæ телтæй зæххимæ баиу кодта. Сахайраг зоны: ахæм хæдзар арв куы ‘рцæва, уæд цæфы тых æнæ искæй бахъыгдаргæйæ зæххы бынмæ телтыл ацæудзæн. Йæ зонды руаджы сахайраг æнцад у.

Ирон чиныг кæй нæ рæвдз кæны, уый чи Хуыцауы аххос кæны, чи зæгъы: ницæмæн хъæуы ирон лæджы чиныг, куы йæ хъæуид, уæд æй æлхæнид.

Чи зæгъы: фыссæг нæй, чи фыссы, уыдонæн сæ фыст иронау нæ, фæлæ хатиагау вæййы. Афтæмæй кæй зæрдæ райы ирон чиныгмæ? Хæрз дæсны ирæттæ та дзурынц: царды мидæг ирон чиныг ницæмæн хъæуы, уырыссаг чиныг æмæ æвзаг хуыздæр сты. Уырыссаг чиныг рæсугъддæр æмæ зондджындæр у, æмбарынæн – тынг æнцон. Ирон æвзаг куыдфæстæмæ фесæфдзæн (аивдзæн). Ирон æвзаг – æрдæгмард, ирон чиныг – лæмæгъгуырдз. Уыдон дзæбæх кæнын дзæгъæл фыдæбон у.

Ацы цыппар зонды бафиппайдтам ирон адæммæ. Æркæсæм сæм. Ирон чиныджы сæфт Хуыцауы аххос чи кæны, уымæн тæрхонгæнæг Хуыцау йæхæдæг фæуæд.

Ирон адæймаджы чиныг хъæуы – афтæ зæгъынц, чиныгæн йæ ад чи æмбары, уыдон. Хъæууон ирон куынæ балхæна чиныг, уæд аххосджын нæу: нæма йын зоны йæ ад. Уалдзыгон пысырайы æууæрцъ адджын у, фæлæ дзы чи нæма фæхъæстæ, уый æууæрцъхоры хæмпæлхор хоны. Дæсны æфсин куы ‘ртона уыцы пысыра æмæ дзы адджын цæхæра куы скæна, уæд ахæм хæринаджы хæмпæл ничиуал хондзæн.

Уыйау, чиныгæн йæ кæнæг дæсны куы уа, уæд æй бауарзын кæндзæн адæмæн. Адæймаг та, кæй уарза, уый æлхæныны фыдæй нæ ныууадздзæн.

Ирон æвзаг æмæ æгъдæуттæн сæ тæрхон конд у.

Фыдæлтæй нырмæ адæм бафиппайдтой: стырдæр адæмыхатты ‘хсæн къаддæр адæмыхатт куы фæуа, уæд къаддæрæн стырдæры æвзаг æмæ æгъдæуттæ æнæ бафæзмгæ æмæ æнæ райсгæ нæй. Æрмæст къаддæрæн йæ закъонтæ, йæ чиныг æмæ йæ зонды сæр тыхджындæр ма разынæнт стырдæры закъонтæ, чиныг æмæ зондæй.

Африкæйæ Испанмæ æрбабырстой мавртæ (адæмыхатт). Испан сыл сæхæдæг фæтыхджын сты. Мавртæ Испаны хæхты баззадысты æмæ испайнаг систы. Алантæ, ирæн сæ фыдæлтæ, иурæстæджы Францы бæсты Орлеан-сахары хуылфы æмæ йæ алфамбылай цардысты. Фæстаг ныхасæн æвдисæн лæууы проф. Кулаковский. Ныр Францы иу аллон дæр нал ис.

Ныртæккæ нæхи цардмæ куы ‘ркæсæм, уæд дзы ссардзыстæм, уырысы ‘рдæм кæй ивæм, уый нысæнттæ.

Хъæууон фæсивæдæй фыстæг уырыссагау йеддæмæ иронау ничи фыссы, сæ фылдæр иронау фыссын зонгæ дæр нæ кæнынц. Цы пайда у, зæгъынц, иронау фыссын: кад дзы нæй! «Во первых строках...» цы фыстæджы ма уа, уый нымæцмæ дæр нæ цæуы. Уырыссаг æвзаг æмæ ирон æвзаг иумæ чи зона, уый сæ дзургæйæ схæццæ кæны арвистонау. «Вот тебе на»-тæ æмæ «базалыстæн»-тæй дзурын худинаг нал у.

Европæйаг (уырыссаг) цард чи кæны, уыдонæн сæ зæнæг кæнæ æппындæр нæ зонынц иронау, кæнæ зонынц æрмæст «фыдбылызы фаг». Уыцы зæнæджы зæнæг та æппындæр нæ зондзæн иронау.

Ивæм! Кæй ивæм, уый нæ цæстытæй уынæм. Уыцы ивдæн йæ нысæнттæ се ‘ппæт радзурынæн ам бынат нæй, фæлæ сæ искуы зæгъдзыстæм.

Ассимиляци кæй хонынц, уый йæ тыхыл у. Цин ыл кæнæм æви кæугæ? Иу дæр нæ, иннæ дæр!

Адæмы ‘хсæн æфсымæрдзинад куы стыхджын уа, уæд дунейы хицæн æвзæгтæ ницæмæнуал хъæудзысты. Адæм тырндзысты иудзинадмæ, бахъæудзæн сæ иу æвзаг, кæцы уæдмæ уыдзæн цæттæ. Фæлæ уал ныр алчи æрмæст йæхи уарзы; адæм хицæн арæнтæ, хицæн уаг æмæ æвзагмæ уымæн бæллынц.

Алчи йæхи уарзы – адæймаг йæхи кæй хоны, уым зæрдæйы фаг зонд, рæсугъддзинад æмæ уаг куынæ уа, уæд сæ искæцæй райсын æфсæрмы нæ хъæуы. Исгæйæ та сæмбæлдзынæ æндæр адæмыхаттыл,

æмæ базондзыстут кæрæдзийы. Хорзæй базынд у æфсымæрдзинадæн йæ райдайæн.

Дзыллæйы ægъдау адæмæн иумæйаг у. Куы ‘рцахса, уæд дзы нæй аирвæзæн.

Ægъдау дæ æрцахста, Ирыстон, фæлæ ма фæтæрс, ма фæджих у! Зын у сæфты æнæхъапп цæстытæм æдзынæг бакæсын, фæлæ бауæн-дын хъæуы.

Кæд сæфæм, уæд сæфæм, фæлæ нæ сæфты агъоммæ зæгъæм нæ фæстаг фæндон: «Нæ сæрмæ не схæсдзыстæм сæфын! Худинаг нын у! Ир стæм!» Ахæм хъæртæй хæхтæ куы ныннæрын кæнæм, уæддæр нæ бон æрдуйы бæрц нæу. Ægъдау нæ ‘рцахста!

Адæмы сæфт иу лæджы сæфтау бонтæй нæ хицæн кæны. Хъæуы йын сæдæгай афæдзтæ. Нæ уд бахъарæм, дæргъсад рынчынау адæмæн дæр æмæ нæхицæн дæр нæ фæстаг бонты æнад цæмæй не суæм, ууыл.

«Сæфт» раст ныхас нæу: «ивд».

Кæд ивæм, уæд, цалынмæ нæ зонд нæхимæ ис, цалынмæ нæма сдзæгъæл стæм, уалынмæ, нæ фæстаг бонты рæсугъд æмæ кадджын цæмæй уæм, уый мæт бакæнæм...

Ма фæтæрсæм, нырма дард сты нæ фæстаг бонтæ! Уæдмæ цæрын хъæуы. Цард йемæ фæндæттæ хæссы. Царды койтæ кæнæм, нæ фæн-дæттæ дзурæм – уыдоны тыххæй чиныгыл узæлын хъæуы. Чиныг стыр хорзы йеддæмæ зиан никæмæн уыдзæн.

Нæхи мидæг куыд цæрæм, цы уаг нæм ис? Цы уыдыстæм, цы стæм? Нæ цардæн йæ хæлæнтæ кæцытæ сты? Куыд сын ис саразæн?

Иумæйаг цард æмæ хъуыддæгтæ (иумæйы дуканитæ) цас хорз сты, адæмтæ сæм цы ‘нхъæлмæ кæсынц, сæ кæнæн куыд хуыздæр у? Дзыллæ-йы цæрæм, сыхæгтæ нын ис – куыд цæрын хъæуы семæ? Адæмтæ цы дзурынц, цы кæнынц, Паддзахады Тæрхондоны цы зонд ис, цы тæрхон нын кæнынц; цы зæгъынмæ хъавынц нæ чиныгфыссæг фæсивæд? Зæххы куыстæн цы ног аивтæ ис – йæ пайдайæн куыд фæфылдæр кæнæн ис?..

Уыдон се ‘ппæты æмæ ноджы бирæ цæйдæрты кой кæндзыстæм. Не ‘взаг цы кæрда, нæ зонд цы ахса, уымæй нæ бацауæрддзыстæм.

Зæхмæ хуры тын куы ныккæса – кæдæм нæ бахъардзæн йæ рухс! Мах дæр фæзмдзыстæм хуры тыны. Йæ ном дæр ныл ис. (Ред. – 1912 азы Брытъиаты Елбыздыхъо уадзын райдыдта ирон литературон журнал «Хуры тын». Рацыд дзы 3 номыры).

Мах бæллæм хуры тынау талынг срухс кæнынмæ, уазал батавынмæ, уæнгты уæнгрог цæвæрынмæ!

Не 'фсымæртæ! Ма ныл фæгуырысхо ут, дард æмæ уазал бæстæйы хуры тын кæй фæзмæм, уый тыххæй. Нæ зæрдæты æвæрд у æнæрæвдыд уарзондзинад. Уарзæм нæ бæстæ, тырнæм æм, дзурæм æм.

Зæгъын кæй хъæуа æмæ кæй нæ зæгъæм, уый чи зæгъа, уымæн иттæг арфæ ракæндзыстæм. Дунейы хæзнадон æнхъæлмæ кæсы мах хæзнатæм дæр! Сæвæрæм дзы, сæвæрæм, æфсымæртæ, нæ нысайнаг! Хъуамæ, куы йæм бацæуæм, куы дзы исæм хæзна, уæд нын ахæм уайдзæф макæй бон уа: «Сымах та цы кæнут, ам уын куы ницы ис?!»

Рæсугъд æмæ уарзон царды тыххæй уæм дзурæм.


Фvццаг аз.

Хурv Тvн

Номхvhд:

I.
Ginnvyazætaj.
Нvстуан.
Толстојæн. З. Т. Біј-Аdv-рv-фvрт.
Рæвдауæн. Коста.
Стvр тох. Хірјаковv фvст: тæлмæн Цопко.
Мајмулі рухсаи! æгас цол ірон тіатр. Елбас-фо.
Саhæстæ. Хох.
Ірон æвзаг. Ба-бі.
Хабардон. а) «Тітанікv» сæфт... æ) Пашахаdv Тæрхондон.

II. Кæстæртv дунe.
Јæхæдæг јæхіцæн. Нoгі С.

III. Грамматіка.
Дамvhæтæ.
«Æ» кvvл фæхаvv.

№ 1. СПБ. 1912 аз. Апрел.

# ЕЛБЫЗДЫХЪОЙЫ ТЫХХӔЙ ЗАГЪТОЙ

Моцарт, Бах, Шопен кӕнӕ Чайковскимӕ куы фӕхъусын, уӕд арф ныуулӕфын ӕмӕ фӕзӕгъын: «Ехх, ныр махмӕ дӕр ахӕм фыддӕсны музыканттӕ куы уаид».

Сценӕмӕ «Фауст», «Отелло», «Горе от ума» кӕнӕ ӕппӕтдунеон литературӕйы ӕндӕр шедевртӕм куы фӕкӕсын, уӕд мӕ зӕрдыл ӕрлӕууынц «Амыран», «Дыууӕ хойы» ӕмӕ ӕндӕртӕ. Мӕ цӕстытыл ауайы уыцы уацмысты автор, ӕмӕ дзы вӕййын сӕрыстыр.

*КАЛОТЫ Хазби*

Бӕрзонд, рӕхснӕг ӕмӕ уӕнгджын лӕппулӕг уыд Елбыздыхъо. Рӕсугъд фидыдтой йе уӕнгтыл даргъвӕччи цухъхъа ӕмӕ сау куырӕт. Куырттаты комы ныр дӕр ма дзурынц иу ӕмбисонд: дӕ бӕрцагъуды ӕхсӕрдӕс бӕрцы куынӕ цӕуа, уӕд лӕпputы рӕнхъыты нӕ ацӕуудзынӕ. Елбыздыхъо ахӕм лӕппу уыд, ӕмӕ фӕсивӕдӕн сӕ рӕнхъы нӕ, фӕлӕ сӕ разӕй цӕуын дӕр фӕрӕзта.

*НАФИ*

...Елбыздыхъойы дуг уыд вазыгджын цардивӕн ӕмӕ стыр социалон ӕнкъуыстыты заман. Уыцы уавӕрӕн ӕнӕ фӕзынгӕ нӕ уыд нӕ драматурджы сфӕлдыстадыл. Царды цӕхгӕр фӕзилӕнты Елбыздыхъо хатгай нӕ арӕхст рӕствӕндаг ӕвзарынмӕ... Фӕлӕ уый ӕдзухдӕр уыд агурын ӕмӕ сгарыны фӕндагыл, раст кодта йӕ къуыхцытӕ, цы арӕзта, уый – йӕ адӕмы сӕрвӕлтау, рӕстдзинад ӕмӕ рухс фидӕны сӕраппонд. Елбыздыхъо нӕ цардарӕзты нӕма ис, йе сфӕлдыстад историон цыртдзӕвӕн нӕу, фӕлӕ цӕрӕгас аивад, уый нӕ ахуыр кӕны рӕсугъд ӕмӕ уӕздан хъуыддӕгтыл.

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

Елбыздыхъойы лӕджыхъӕд ӕмӕ сфӕлдыстадон сгуыхтдзинад кӕмдӕриддӕр ӕмӕ кӕддӕриддӕр фӕндагамонӕг, зондхӕссӕг ӕмӕ ныфсдӕттӕг уыдзысты, ахуыры къӕсӕрыл ӕфсӕрмдзастӕй чи ӕрлӕууа, ирон чиныг цымыдисӕй чи рафӕлдаха, уыдонӕн се'ппӕтӕн дӕр. Йе сфӕлдыстадимӕ, сӕ уарзон хъайтартимӕ фембӕлд сын ӕнкъуысын кӕндзӕн сӕ зӕрдӕтӕ ӕнӕкӕрон рӕсугъддзинадӕй. Сӕ размӕ канд хуымӕтӕг аивадон уацмыстӕ нӕ уыдзӕн, фӕлӕ нацийы хиӕмбарынады айдӕн ӕмӕ сӕрыстырдзинад.

*ХЪАНТЕМЫРАТЫ Римӕ*

# ДЗУГАТЫ ГЕОРГИ: 115 АЗЫ



**(1911 – 1986)**

*Йæ адæмы хъæбул чи у, уый, цыфæнды стыр лæг куы суа, уæддæр фидар баст вæййы, чи йæ схъомыл кодта, уыцы дзыллæимæ.*

*ДЗУГАТЫ Георги*

# ХЪÆБÆРСÆРСТ

*Радзырд*

Цæргæсон нырма иу мæйы бæрц ис горæты, фæлæ ныридæгæн сфæлмæцыд. Йæхи цы фæкæна, уый нал фæзоны. Бон куыддæр дзирдзур кæнын райдайы, афтæ йæ хуыссæнæй рагæпп ласы æмæ агуры, цы акуса, цы ми райдайа. Уæртæ та ныр дæр хæдзары къуымты йæ цæст хæссы, фæлæ дзы, йæ къух цæмæ фæкæна, ахæмæй ницы уыны.

Сабыргай, æнæ къæрццæй сæ фаллаг уатмæ бахызти. Йæ фырты чысыл лæппу Мурат адджын фынæй кæны йæ сырхцъар хъæццулы бын. Йæ комы дон йæ тæнæг былты зыхъхъырæй æрлæдæрст. Ус ын æй йе 'нгуылдзы уырзæй арæхстгай асæрфта, стæй хæрз ныллæг хъæлæсæй сдзырдта:

– Мæ чысыл къæбыс! Бон-изæрмæ цы ныккæны тæлфын æмæ рауай-бауайæ.

Фæстæмæ рацæуы. Уаты иннæ къуымы йæхи иунæг фырт Сардойы сынтæгмæ фемдзаст. Уый дæр у тарф фынæй. Йæ фæтæн риуыл йæ цъæхцъар хъæццул цадæггай дæлæмæ-уæлæмæ кæны. Йæ дыууæ стыр армытъæпæны йæ булкъдаст къæбуты бын бакодта. Йæ тымбыл цæсгомыл гæзæмæ мидбылхудт хъазы. Даргъ фындзы бын дзæбæх фидауынц йæ цыбырæлвыд сау рихитæ. Бæзджын æрфгуытæ зæрватыччы базыртау фæйнæрдæм ныттынг сты.

Цæргæсон æй æвиппайды куы ауыдта, уæд фæджихау: «Йæ мæгуыр фыды цæрмыстыгъд бакодта», – загъта йæ мидзæрдæйы. Уæлдайдæр, йе 'мкъай Мате хæстмæ цы бон цыд, уый размæ æхсæвы ныв усæн йæ цæстыты баззад.

Сардойыл уæд цыдаид фондз азы. Гъе æмæ уый койæ, йæ хъомыл кæныныл сагъæстæй дард, тæссаг балцы уæззау мæтæй лæг æмæ усыл хуыссæг нæ хæцыд суанг фыццаг кæркуасæнтæм, стæй Мате цадæггай афынæй. Фæлæ Цæргæсоны уæддæр йæ тыхст хъуыдытæ сæ базыртыл раскъæф-баскъæф кодтой. Суанг æй йæ рагбонты æхсызгон æнкъарæнтæм дæр ахастой.

...Æнæрцæф, къæйных чызг уыд Цæргæсаты Сахти. Лæппутæй йæм уæлдай дзырдæппарæн ничи уæндыд. Уайтагъд-иу æй йæ сæрдасæн æвзаг сурæй адзæнгæл ласта. Æрмæст Сæлбиты мадзура Матейы цур

йæхи цыдæр къуытты, дыгъуырццæг хатыдис. Уæвгæ йæм уый дзураг дæр нæ уыд. Фæлæ-иу æй йæ цæхæр цæстыты ферттывдæй ацарыдта...

Иуахæмы фæндаг аразыны зиуы фæрсæй-фæрстæм лæуд фесты. Мате джиркъайæ къахта, Цæргæсаты гуырвидыц чызг та сыджыт калдта. Цъупдзаг фыййæгтæ дæлвæндагмæ зыввытт ласта. Стæмхатт йе ставд сау дзыккуйы быд йæ къуыбыр риумæ куы ‘рхауы, уæд æй фæстæмæ фесхойы. Сæлбийы-фыртмæ йæ цæстытæ базилы:

– Лæппу, рæвдздæр æвнал! Æви дæ джиркъайы бырынкъ ныкъкъуымых? – сдзырдта æмæ йæ фætæн ныхы хид адаудта.

Мате йæм нæ ракаст. Йæ куыст кæны, афтæмæй загъта:

– Де ‘взаг йеддæмæ а дунейы къуымых æмæ ихсигæ алцы дæр кæны!

– Уый дæумæ ничердыгæй хауы! – фæлыг æй кодта чызг æмæ йæ хъæпæнурс кæрдæны къабæзтæ йæ рæсугъд дæллагхъуырмæ æнгомдæр æрбалвæста.

Мате йæ куыст фæуагъта, йæ астæу араст кодта. Хинæйдзагæй мидбылты бахудт:

– Фæлæуу, кæд мæм искуы æрхауис, хъал чызг, уæд...

Сахти йæм ницыуал сдзырдта. Æрмæст уый дæр сусæгæй бахудæнбыл æмæ та стыр æфсæн фыййаг йæ дыуугæ хъусмæ сыджыты асагъта.

...О, æмæ ныр, йæ бæлццон лæджы фарсмæ хуысгæйæ, Цæргæсон æппæт уыцы хабæрттæ æхсызгонæй æрымысыд. Ацæудзæн ын хæсты быдырмæ æмæ ма æрцæудзæн? Æви фæцу æмæ ма ‘рцуйы фæндаг у?

Æмæ ныртæккæ мæнæ йæ разы Сардойы фынæйæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ æвиппайды уымæн ныссæххæтт кодта. Æрмæст Матейæн йæ цæсгом хурсыгъддæр уыдис, æндæр сæ ницы хъауджыдæр ис, æгæрыстæмæй сæ рихиты æлвыд дæр.

Ацы уаты ма ис, йæ фырт кæуыл хуыссы, ахæм афтид хъæдын сынтæг. Цæргæсонæн йæ инженер чындз Фаризæт Мæскуымæ курсытæм куы цыд, уæд æй куыд бафснайдта, афтæмæй лæууы. Йæхæдæг дæр ам уымæн ис: цалынмæ йæ чындз здæха, уæдмæ сын сæ сывæллонмæ фæкæса. Хъæуы уал йæхи хæдзар йæ ходыгъды æвджид ныууагъта – сæ тæккæ сыхæгтæ сты. Уæдмæ та сæм йæхæдæг дæр зындзæнис. Ныр дæр ам, горæты, тыххæй лæууы. Æнæ кусгæ, æнæ змæлгæ сындзытыл бадæгау у.

Ацы сæурайсом дæр йæ фырты уатæй куы рахызт, уæд хъуыды

кæны: цæй, ныр цы акуса, цы ми райдайа? Фæрссаггæронмæ бацыд, æмбæрзæныл иуæрдæм ахæцыд, уынгмæ йæ цæст адардта. Иу чысыл цæуылдæр фæсагъæсы, стæй йæ урс дзыккутыл сау кæлмæрзæн æнгомдæр æрбабаста, тыргъмæ рахызт. Уым, чысыл чи аихсыд, иу ахæм цъылын систа æмæ кæртмæ æрхызт. Йæ алыварс афæлгæсыд, стæй сæ фатеры ракомкоммæ тротуар мæрзын райдыдта. Лæгъз асфальтæй иу гæппæл расæрфта, афтæ кæйдæр бæзджын хъæлæс йæ хъустыл ауад:

– Уый кæцы дæ уæдæ?! Ам æз куы фæмæрзын! Тагъд ныртæккæ фæдæлдзæх у!

Цæргæсон фæкаст. Уæртæ иу бурдзалыг цырыхъджын ус æрбассæнды, йæ даргъхъæд уисой – йе ‘ккойы. Æрбахæццæ æмæ йæ асхуыста:

– Дæхи айс, зæронд хæйрæг! – йæ уисой æм фæхъил кодта.

Цæргæсон ын йæ иу къухæй йæ хъæд ацахста, иннæмæй йын йæ синтæн цъылынæй иу сæргъæвта:

У-у-у! Дæ бындур ныззила, æвзæр лæгой цыдæр! Ам мæ лæппуйы уынг у, æмæ дзы дæу цы хъæуы, цы?!

Сардо сæ фæрссагæй ауыдта. Уайтагъд сæ уæлхъус февзæрд. Йæ мады цонгмæ февнæлдта:

– Гыцци, æрра фæдæ?! Цæмæн цæвыс кæйдæр усы?!

– Уæдæ йæ ам нæ дуармæ цы хъуыддаг ис? Чи у, кæй дзæгъæлкъах?!

– Оу, дарæг дæ ма уа! Нæхимæ-иу дæ хъæбæрсæрст дæр уымæн хуыдтой, гъе!

Ус ноджы тынгдæр смæсты, йæ фырты йæ цæсты зулæй ачъепп ласта:

– Фæлмæн къæрмæгæй та цы ми кæнынц, уый зоныс?

– Уый хицауады кусæг у. Ацы уынгты мæрзæггаг мызд исы, мызд! – загъта Сардо тызмæгæй.

– Æмæ уæ хицауад цы уынгæджы фæцис?! Дзуарбадæны хуызæн фатертæ уын лæвар радта, ноджы ма уын уæ уынгтæ дæр сæрфа? Цæсгом дæр ма дзы хъæуы!

– Гыцци, уынгтæ сæрфæггаг мах хицауадæн æхца фидæм, æхца!

– Æмæ уæ устытæ хæдзары хъуына куы кæнынц, уæд сæ уынгтæ расæрфынæй æфтаугæ фæкæндзысты? Æниу сæм æфтауинаг та цы ис?! Кæсын, æмæ сæ фылдæрæн – æрмæст иугай сывæллæттæ.

– Цæмæн иугай? Дыгæйттæ дæр дзы ис, – дзуапп радта Сардо.

– Ирон æмбисонд дæ ферох, мæ хъæбул: дыууæ иуыл нымад у, æмæ иу та – бынтон ницæуыл, – æдзынæг æм бакаст ус.

– Ох, гыцци, ды ам ног æгъдæуттæ не ‘рæвæрдзынæ. Алчи йæ цардæн йæхæдæг хуыздæр зоны.

– Куыд хуыздæр зоны, куыд?! Æмæ уæдæ ды æмæ де ‘фсин дæр раст кæнут? Уыцы иу дзынгайы номыл бадут дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр. Куыд уынын, афтæмæй йæ рæстмæ хъомыл дæр нæ кæнут. Афтæ йыл куы фу-фу кæнат, уæд уыдзæн хивæнд, магуса, хиуарзон.

– Цæй, хорз, хорз! Цом тагъддæр. Афонмæ сыхъал нæ дзынга æмæ фæкæудзæн, – загъта Сардо æмæ асинтыл рæвдздæр фæраст.

– Æмæ кæуæд! Сыгъзæрин цæссыг дзы æрхаудзæн?! Науæд æй сымах рæвдауæндонмæ цæуылнæ кæнут? Нæ, дам нын комы, кæуы. Уадз æмæ тъиза. Цас хъуамæ фæкæуа? Иу бон, дыууæ, æртæ, стæй банцайдзæн, – азымы сæ дардта мад.

Схæццæ сты. Сæ фатеры дуар бакодтой. Æцæгдæр, сæ хъустыл ауад Мураты кæуын:

– Къафетт мæ хъæуы...

Сардо уайтагъд буфеты лагъзæй дыууæ къафетты фелвæста, йæ мад ын йæ цонг ацахста:

– Фæлæуу! Мæхи бар æй уадз. Ды уæртæ газыл цай авæр, науæд дæ куыстмæ ферæджы кæндзынæ.

Мурат тымбыл къухæй йæ хуссæгхъæлдзæг цæстытæ æууæрды, хъуырна гæдыйау хъуыр-хъуыр кæны. Йе стырмады куы ауыдта, уæд йæ куыд ноджы даргъдæр айвæзта:

– Æ-æ-æ! Къафетт мæ хъæуы-ы-ы...

– Банцай, къулбадæджы сæнык – фæхъæр ыл кодта Сахти. – Ничи йæм кæсы! Сыст ныртæккæ æмæ дæ дарæс кæнгæ! – февнæлдта йын йæ пух цонгмæ. Кæны йын йæ гæлæбухъулон хæдон. – Акæн дæ дысы дæ къух!

Саби йæхи стылдта:

– Нæ мæ фæн-ды-ы-ы...

Ус ын йе ‘рбадæнтæ рацъыччытæ ласта:

– Æз дæ ныртæккæ фæрссагæй куынæ авзилон!

Лæппу тынгдæр ныккуыдта.

– Папæ...

Сардойæн тæвд цайдан йæ къухы, афтæмæй йæ фырты кæуынмæ дуарыл æрбалæууыд. Цæргæсон æм иу тызмæг каст фæкодта, йæ сау цæстытæ ферттывтой.

– Мæ мадыстæн, дæхи айс, æндæра дзы дæуыл дæр æрхаудзæн!

– Ой, сывæллон, – фæкодта ма лæг æмæ ахызт.

Мурат йæ кæуынæй цæхгæр фæлæууыд. Ус æй ныр йæ хъæбысæй æрæргъæвта. Йæ разы дзуццæджы æрбадт æмæ йын йæхи æххуысæй йæ дарæс скодта, стæй йæм йæ чысыл дзабыртæ радта:

– Гъа, мæ хур! Ныр дæ галатæ та дæхæдæг скæн.

Уый пъолыл æрбадт. Куыддæр йæ иу дзабыры йæ къах атъыста, афтæ худæндзастæй дзуры:

– Ай, ай, мæ гала... Мæхæдæг...

– О, мæ чысыл хур, о! Ды бæргæ хорз лæппу уаис, фæлæ а дæ ныййарджытæ ницы... нæ, нæ, уыдон дæр хорз! Æз дын ныртæккæ цай æмæ гуккутæ ратдзынæн.

...Сардо сихоры улæфтыл æрцыд. Тыргъы йæ пъалто раласта, йæ къухтæ ахсадта æмæ хæдзармæ æрбахызт. Йæ лæппу йæ хъазын фæуагъта, рауади йæм, йæ уæрагыл ын йæхи атыхта. Лæг æй фелвæста, йе уæхскыл æй авæрдта, стæй йæ диванмæ æриста. Уый йын йæ дыс райваз-байваз кæны:

– Папæ, æчу мæ хъæуы... Æчу мæ...

– Æнцад, мæ бон, æнцад! Æз фæллад дæн.

Лæппу стæлфыд, йæ къæхтæ сцагъта:

– Нæ, нæ, æчу мæ хъæуы...

Сардо сыстад. Пъолыл йæ цыппæртыл æрлæууыд. Мурат йæ чъылдыммæ сбырыд æмæ йæ скъæры. «Æчу, æчу»-йæ не ’нцайы. Уый йæ къуымты ралæс-балæс кæны.

Цæргæсон хæринаггæнæнæй рахызт. Ахæм хуызы сæ куы ауыдта, уæд сагъдауæй аззад:

– Æй куыд дын амардтæн, гъе, мæ хъæбул! Уый цы ми кæныс, цы? Цытæ дæ сæрмæ хæссыс? Дæ рихитæ зæххыл куы хафыс! Лæг куы дæ, уаих фæуай, лектор!

Сардо лæппуйы æриста:

– Цæй, гыцци, цы ’рцыдис? Мæнæ сывæллон хъазы, æндæр...

– Уый хорз хъазт нæу! Афтæ йæ куы сахуыр кæнай, уæд стырæй дæр æккойы бадын домдзæн. Нал дын коммæ кæсдзæн. Бацу, уæртæ уæ лывзæ ныууазал, – загъта уайдзæфгæнæгау æмæ скъапмæ бараст.

Сардо йæ куыстмæ ацыд. Мурат сихор куы бахордта, уæд сæ диванмæ сбырыд. Йæхи йас стыр бур арсимæ хъазыд, стæй йæ фарсмæ бафынæй, йæ чысыл цæнгтæ йыл æртыхта, афтæмæй. Цæргæсон хæдзары зылдтытæ куы фæцис, уæд сæ дуарæй рахызт æмæ æхсæны асин сæрфын райдыдта. Йе ʻмбисмæ куы ʻрхæццæ, уæд кæсы, æмæ дæлæ йæ чындз сзындис.

Раст цыма зæд æртахт, уыйау тæмæнтæ калы сæрæй къæхтæм. Йæ къæсхуыргомау цæсгомыл сæуæхсиды уылæн ивылы. Ахæм хуыз ис, йæ чысыл урс хъустыл цы зынаргъ хъусцæджытæ ис, уыдонæн дæр. Джиппы уагъдау ыл фидауы йæ урс зæлдаг къаба. Йæ бæрзондзæвæт туфлитæ йæ уæлиау систой. Цыдæр сæрыстырдзинад зыны йе ʻппæт уæнгты айсты.

Дыууæ усы кæрæдзийыл ацинтæ кодтой.

– О, дæ ныводн куыд фæдæн, æгайтма æрхæццæ дæ. Мæнæн дæр мæ зæрдæ нæхимæ ахсайдта. Афонмæ мæ папитæ цытæ баисты?..

– Ой, куыд тагъд нæ афæлмæцыдтæ?! Науæд уым дæр иунæгæй кæдмæ уыдзынæ? Дæ муртæ ныууæй кæн æмæ мæнæ махимæ цæрдзынæ, – загъта Фаризæт, стæй йæ мыдхуыз цыбырæлвыд дзыккутæ йæ сыгъзæринкъухдарæнджын армæй фæстæмæ адаудта. Йæ ныхасмæ ма бафтыдта: – Цом хæдзармæ! Ацы асинтæ иннæтæ цæуылнæ мæрзынц? Уыдон сыл фылдæр бинонтæй куы хъеллау кæнынц.

– Нæ, нæ, мæ чындз! Уыдон та дæуæй фæзæгъынц, нæ, дам сæ мæрзы. Науæд цыхуызæн сыхæгтæ стут? Скæс-ма уæлæ уырдæм, – амоны йын цармæ, – лампæ дзы цæуылнæ ис?

– Мах дзы цалдæр хатты бакодтам лампæ, ныр та уыдоны рад у, – загъта Фаризæт.

Зæронд ус исдугмæ ницыуал сдзырдта, стæй йын афтæ:

– Хорз, хорз! Ацу, æз æй æххæст кæронмæ асæрфон. Уымæй мæ син нæ фæдæлдæр уыдзæн.

Фаризæт йæ тæнæг сырх ахуырст былтæ фæцъупп кодта, йæ нарæг уæхсчытыл хæрдмæ фæхæцыд æмæ, йæ чемодан йæ къухы, афтæмæй сæ фатермæ сивгъуыдта. Куыддæр дуарæй бахызт, афтæ Мурат фехъал. Йæ сау цæстытæ атъæбæртт-тъæбæртт кодта. Йæ диванæй хауæгау рагæпп ласта æмæ, «мамæ, мамæ» хъæргæнгæ, йæ размæ ратахт. Йæ цыбыр къабайы фæччийыл ын ацауындзæг æмæ æппæлы:

– Ай, ай! – амоны йын йæ дзабыртæм, – ныр мæ галатæ дæр æмæ мæ цацатæ дæр мæхæдæг фæкæнын.

– О, о, Муратик! Фæлæуу, кæдæм хæрдмæ бырыс?! Счъизи мæ кæндзынæ! Æз дын Мæскуыйæ бирæ цыдæртæ æрхастон, æрбадæм уал.

* * *

Ацы райсом дæр иннæ хæттытау Цæргæсон æхсæвыцъæхæй фестад. Рафт-бафт та кæны: цы акуса, цы ами кæна? Иннæ уатмæ та фæраст, фæлæ дуаргæрон цæхгæр фæлæууыд. Ныр йæ чындз дæр уым ис йæ лæгимæ, æмæ аив нæу бацæуын. Дыгъуырццæгæй ӕдзынæг лæууы. Фаллаг уатæй йæм райхъуыст йæ фырт æмæ йæ чындзы хъаугъа ныхас:

– Ныууадз! Ма та сæрра у! – дзуры Сардо.

– Нæ, нæ! Нæй мын æндæр гæнæн. Мæ бар мæхи у, – хъуысы усы цъæхснаг хъæлæс.

– Нæ зонын... Мæн бынтондæр нæ фæнды, – загъта та лæг.

– Дæуæн цы у? Цы мæт дæ ис? Фæлæ уыцы зындзинад æз нал сфæраздзынæн, – тыхстдæрæй райхъуыст Фаризæты ныхас.

Цæргæсон сын сæ быцæуæн ницы бамбæрста. Кæронмæ сæм байхъуса, уый та йæ сæрмæ нæ бахаста. Цæрæн уатмæ бахызт. Дис æм кастис йæ кæстæрты хъаугъа ныхас. Фæстæдæр цай цымынил куы æрбадой, уæд сæ афæрсдзынæн, зæгъгæ, ахъуыды кодта, фæлæ йæм уый дæр раст нæ фæкаст. Цæмæй зоны, дыууæ æрыгон æмкъаймæ цы сусæг ныхæстæ вæййы.

О, фæлæ нырма сæумæрайсом у, æмæ цы акуса? Къуымты та йæ цæст хæссы. Дæлæ телевизоры къаннæг стъолы бынмæ фæкомкоммæ Мураты чысыл сырх цъындатæм. Систа сæ, лыстæг сæм кæсы. Сæ иуæн йæ зæвæт фегом. Ус йæ къандзолы тарæй ӕдфæдзæл судзин сласта. «Бæргæ сырх æндах куы уаид, фæлæ сауæн дæр ницы у», – загъта йæ мидхъуыдыйы æмæ сынчытæ райдыдта. Уæдмæ сыстадысты иннæ бинонтæ дæр. Фаризæт, йе ‘фсины хуыйгæ куы ауыдта, уæд йæ разы алæууыд:

– Цы ми кæныс, цы? Уыдон нал бæззынц, нал, æмæ сæ æз æппаргæ акодтон.

– Куыд нал бæззынц? Мæнæ йын йæ зæвæт цалдæр сынчы фæкодтон, æмæ ногæй агæпп ласта. Сылгоймаг хъуамæ судзинæн мидæмæ рацу зæгъын зона.

– Ох, ацы хъæууон адæм, куыд мæрддзæст стут, куыд! Мæ иунæг сабийыл æмпъызтытæ дарæс куыд хъуамæ скæнон?! Худинаг нæу? – дзырдта чындз æмæ кæсæны размæ бахызт.

– Цы худинаг у? Дæ лæг æмпъызтытæ дарæсы схъомыл, уый тыххæй æвзæр лектор у?! Науæд иунæг, иунæг куы кæныс, уæд иунæг цæмæн у дæ саби? Рынчын, мыййаг, стут? – уайдзæф кæны æфсин.

Чындзмæ ацы азымы бадард тынг хъыг фæкаст, æмæ цъæхснаг хъæлæсæй фæтъæлланг ласта:

– Уый никæй хъуыддаг у! Иу сывæллон мын уа æви фынддæс, уый æрмæстдæр у мæхи бар!

Цæргæсон сывæллоны цъындатæ куы æрбæстон кодта, уæд цъылынæй хæдзар мæрзын райдыдта. Фæсдуар лыстæг телæй быд бырæтты къалатийы суыдта урс дзулы къæбæр. Йæ сау æрфгуытæ алхынцъытæ сты. Йæ дæндæгтæ кæрæдзимæ фелхъывта. Къæбæр systa, бафу йыл кодта. Ӕдзынæг бакаст йæ фырт æмæ йæ чындзмæ:

– Ацы къæбæр бырондоны чи ныппæрста?

Уыдонæй исдугмæ ничи ницы дзуры. Фаризæт кæсæны раз йæ сæры хил фасы æмæ æрæджиау йе уæхсчы сæрты ракаст:

– Ӕз æй ныппæрстон. Цы ‘рцыдис?

– Ӕмæ йæ цæмæн ныппæрстай? – иу къахдзæф раздæр бакодта æфсин.

– Ох, дæ хорзæхæй, ныууадз мæ! Цæмæн, цæ, сывæллон æй пъолмæ æрæппæрста, счъизи.

– О, æмæ, уаих фæуай, кæд сыгъдæг пъолыл афтæ счъизи, уæд æй ды та сырддонцъиутæн æрæвæрдтаис. Бырæттæм æй куыд æппарыс?! Бæстæ æмæ адæмы фарнæй йемыдзаг куы у. Хоры азарæй дæр нæ тæрсыс?!

Фаризæт ницыуал сдзырдта. Зæронд усы фæрсты иннæ уатмæ аселф ласта. Сардо чъылдымыздæхтæй цыдæр чиныджы йæ фындз ныссагъта, цыма ацы хъаугъа уымæ нæ хауы, уыйау. Ӕрмæст йæ мады уæззау цæстæнгас йæ фæтæн уæхсчытыл æнкъары, тыххæй йæ уромы...

– Гыцци, исты хæринаг дзы ис? Институтмæ мæ тагъд фездæхын хъæуы, – загъта Сардо, сихоры улæфтыл куы æрбацыд, уæд.

– Чысыл фæлæуу. Ӕххæст чындз дæр æрбацæуа. Иумæ басихор кæндзыстæм.

Сардо газет райста æмæ йæм кæсы. Йæ цæст ыл æрхаста суанг цыппæрæм фарсы онг. Йæ цонджы сахатмæ фæкомкоммæ:

– Уæууа! Байрæджы мын ис.

– О, æмæ уал уæд та ды басихор кæн, фæлæ чындз куыд æрæгмæ цæуы? – сдзырдта мад, æмæ тæбæгъты хъæр райхъуыст.

– Уый, чи зоны, æрæгмæ æрбацæуа. Æвгъæддон хæдзармæ цæуинаг уыдис æмæ... – загъта Сардо.

– Æмæ йæм цæмæн цыд? Исчи йын дзы ис æви? – цымыдисæй афарста Цæргæсон.

Абон сæумæрайсом йæ фырт æмæ йæ чындзæй цы быцæу ныхæстæ фехъуыста, уыдон æм ныр цыдæр дызæрдыггаг фæкастысты.

Сардо газеты фарс иннæрдæм æрзылдта æмæ æнæбарыгомау афтæ:

– Нæ, ничи йын дзы ис, фæлæ йæхæдæг...

– Цы йæхæдæг?! – фестъæлфыд зæронд ус.

– Сывæллон, дам мæ нæ хъæуы æмæ...

– Æмæ йæ хъуамæ фæдæлдзæх кæна, нæ? Ды дæр ын бар радтай? – цæхгæр афарста йæ фырты.

– Гыцци, алкæмæн йæ бар йæхи у.

– Æй, уаих куыд фæдæ, гъе! Худ куы дарыс, уæд де ‘мкъайæн «ма кæ» зæгъын дæ бон нæу?! Лæгæй хъуамæ лæджы тæф ма цæуа?! Цæмæн дæ æвæстаг кæны, цæмæн? Фæлæуу! Æз ныртæккæ уырдæм згъорын. Чи зоны ма йæ баиргъæвон йæ фыдракæндæй. Стæй, уыцы æбуалгъ митæ чи аразы, уыцы дохтыртæн дæр, мæ мадыстæн, сæ мард, сæ дзуар хъуамæ сæ сæрыл фæхойон, – тыфылтæ калы Цæргæсон, йæхи лæбурынмæ цæттæ кæнгæйæ. – Ахæм диссаг ма искуы æрцыдис?! Адæймаг адæймаг у, æмæ йæ фæнды хъомылæй амар, фæнды гуыбынмæ, уæддæр уый лæгмард у. Чи дæтты уыцы бартæ, чи?! Йæ карчы цъиуы куы ничи амардзæн, уæд ай цы æвирхъау хабар у? Цæмæй зонынц, цыхуызæн уды цард асккъуынынц, – загъта мæстыйæ æмæ йæ цæсты раз февзæрдысты сæ комбæсты разагъта лæгтæ, номдзыд сылгоймæгтæ.

Гъа ныр араст уа, афтæ дуар сабыргай æрбайгом. Цудтытæ кæнгæ, цикъæйау фæлурсæй æрбахызт Фаризæт. Сындæггай бахылд æмæ йæ сынтæгыл бахауд.

Зæронд ус исдугмæ дурдзавдæй баззад. Тарф рынчынау тагъд-тагъд улæфы, стæй знæт фыранкау йæ фырты размæ багæпп ласта. Стъол

тымбыл къухæй нырриуыгъта. Тæбæгътæ хæрдмæ фесхъиудтой æмæ пъолыл нызгъæлæнтæ сты.

– У-у-у, тæригъæдджын лæгмартæ! Адæймаг хъуамæ уæ цæхх, уæ кæрдзын бахæра, уæ хæдзары иунæг æхсæв дæр сбон кæна? – йæ кæттаг хызыны йæ дарæсы муртæ æвæры, афтæмæй хъæр кæны Цæргæсон. Стæй дуар нытътъæпп ласта æмæ асинтыл ауырдыг. Сардо йæ фæдыл æрызгъордта:

– Гыцци, фæлæуу уал! Нæ хъæумæ автобус изæры фондз сахатыл уыдзæн. Мæнæ дæхицæн фæндаггæгтæ дæр айс, бастайдзынæ. Цы тæргæйттæ кæныс, цы ‘рцыдис?! Дæ чындз йеддæмæ афтæ ничи бакæны?!

Цæргæсон ма йæм фæстæмæ иу каст фæкодта:

– Ехх, мæ хъæбул, мæ хъæбул! Дæ фыд афонмæ мæрдты дыккаг мард акодта, уæлæуыл ын йæ зæрдæйы уидæгтæ кæй куынæг кæнут, уый тыххæй! – сдзырдта ма асины бынæй æмæ уайтагъд хæдзары фисынæй фæаууон.

# ЗÆХХЫ СОЙ

*Радзырд*

Æрталынг, бæстæ, цыма сой нуазынæй нылгъæд, афтæ ныссабыр. Иунæг змæлд никуыцæй хъуысы. Рæубазыр уддзæф дæр бæлæсты сыфтæрты астæу æрæнцад æмæ адджын рæдзæ-мæдзæ кæны. Æгæрыстæмæй схъæлзæнг цъысцъысгæнджытæ дæр цыма æмдзырд бакодтой, уыйау кæмдæрты нынныгъуылдысты.

Æрмæст хъус гæзæмæ ахсы, сæрды тæвды нарты чызгхонтау кæмтты йæ зарæг кæмæн нæ сысы, айнæг дуртæ авдсæрон уæйгуытау йе ‘рмтты чи ауузрды, уыцы цæугæдоны иугъæдон «шш-шш». Стæй маноджы дардæй æрбайхъуысы уæрццы сæртæг быллыхъхъ-быллыхъхъ.

Мæйы фыццаг фæлурсдзæсгом уæздан фæлмæн тынтæ фæзындысты Ирыстоны бæрзонд хæхты цъуппытыл. Дæлæмæ-дæлæмæ сæхи исын райдыдтой. Ауон йæ тæнæг сау пæлæз мæйрухсы разæй скъæфын райдыдта æмæ уайтагъд тыгъд быдыртæм æрхæццæ.

Æфсæрмдзæстыг ног чындз йæ урс хызы бын куыд цытджын æмæ нымд кæнгæйæ фæлæууы, афтæ лæууыдис æрдз. Ахæм æмбисонды фæлурс æгуыппæгдзинады адæймаджы нæ фæнды хъæрæй сныхас кæнын дæр: мыййаг, куы фехæла уыцы æгъуыстаджы цавæрдæр сусæг сабырдзинад.

Ӕрмæст ахæм изæр цадæггай фæлгæс, фæлгæс, дæ цæст кæйонг æххæссы, уырдæм… Ӕппæт дæр дæ цæстытыл уайдзæн, æппæт дæр йæ урс дарæсы дæ размæ ленк кæндзæн…

Уæртæ конд хуымы кæрон дзуццæджы бады къæсхуыргомау саулагъз лæппулæг. Йæ ауон сау æрчъиаджы султъыйау йæ фарсмæ дæргъæй-дæргъмæ зыны.

Сыджытæй цыдæр сисы, лыстæг æм æркæсы. Куы йæ йæ дæндæгты 'хсæн дæр акæны, стæй, йæ къухы цы фыссæн чиныг ис, уым цыдæртæ афыссы. Чысыл дарддæр бауайы æмæ та ноджы афтæ бакæны.

Уæдмæ йæ разы балæууыдысты сæ колхозы сæрдар, мылтыхъарæзт æмбис кары лæг Мурту æмæ бæзæрхыг бæрзондгомау æнæхуд лæппулæг Илас. Цалынмæ сдзырдтой, уæдмæ сæ æвзонг агроном нæ фæфиппайдта, афтæмæй йæ фыссæн чиныджы цыдæртæ нысæнттæ кодта.

– Байрай, Чермен! – уарзон хъæлæсы уагæй сдзырдта Илас. – Куыд у, ницыма?

Чермен дзуапп нæма радта, афтæ Мурту йæ хистæр æнгуылдз йæ сины сæр йæ фæтæн роны æрсагъта æмæ фæцырд:

– Ӕнхъæлмæ кæсут, æнхъæлмæ! Афон нæма у ныр уыйбæрц рæстæджы? Ӕмæ, нæ тауинаг æмæ куыстбонтæ дзæгъæлы кæй фесты, уый мæт мæ нал ис, фæлæ æгас районы аллайаг фæуыдзыстæм, аллайаг, – загъта сæрдар æмæ та фыр мæстæй йæ урсхæццæ схъæл рихийы галиу æрдæг йæхимидæг стæлфыд.

Чермен ницы сдзырдта, æрмæст парторгмæ фæрсæджы каст бакодта.

– Ам ницы аллайаг ис! Чермен нырма æвзонг агроном у, ауалдзæджы райдыдта кусын, æмæ йын баххуыс кæнын хъæуы. Ӕгайтма нæ зæхкуысты размæцыдæн ног фæндæгтæ агуры, зæххæй фылдæр сой сисынил архайы. Иу хатт къуыхцы дæр куы фæуа, уæд дæр ницы кæны. Дыккаг, æртыккаг хатт та рæстмæ фæуыдзæн. Ӕз æппындæр дызæрдыг нæ кæнын, мах зæххыл дыккаг тыллæг райсæн ис, ууыл, – загъта парторг.

– Замана дæр уый у, гъе! – йæ хъоппæг цæстытæ фæдзагъыр кæнгæ, загъта Мурту, – йæ хъуымыз йæ былтыл кæмæн нæма басур вæййы, сыджыты тæфмæ чи нæма басмуды, уый дæр ног хъуыддæгтæ аразынил схæцы. Фыдæй-фыртмæ нæ бæстæйы цынæ фендæуыд, уый аразынил сифтындз… Гъей, гъей, гъей!

Чермен æввахсдæр балæууыд дыууæ лæгмæ, йæ даргъ сау æрфгуытæй иуыл уæлæмæ схæцыд æмæ афтæ:

– Сыджыты тæфмæ басмудын фаг нæу! Раргом хъæуы нæ зæххы хæрзиуджытæ æмæ сусæгдзинæдтæ. Кæсут ацы хъæдуры æвзартæм, стæмтæ йеддæмæ иууылдæр сæ сæртæ сдардтой, зæрдæ сæ рухс кæны. Нартхæрттæй дæр бирæтæ сæвзæрдысты. Æрмæст дон хъæуы, дон, дон! Сæйраг къанау нæм афтæ дард нæу, æмæ уæд нæ зæххæй æнæмæнг райсдзыстæм фылдæр сой.

Мурту йæ бынаты базмæлыд, йе ʻрфгуытæ фæхъуынджын кодта:

– Дон, дон! Кæмæндæр, дам, йæ куырой фезгъæлста, æмæ йын йæ сасир дæр йæ фæстæ фехста. Ныр та дон уадзыныл дæр куыстбонтæ куы бахардз кæниккам! Æвзартæ, дам, сæ сæртæ сдардтой. Диссаг! Уал бонмæ сæ сæртæ нæ, фæлæ хуым хъуамæ бынæмбæрзт уаид, бынæмбæрзт. Ау, дæхи агроном куы хоныс, уæд халсартæ цалгай бонтæм æвзæрынц, уый нæ зоныс? Уæдæ афтæмæй зæххы хæрзиуджытæ агурыс? Хуымы ныртæккæ цы æнæбары æвзартæ ис, уыдон дæр сты æдых, зырзырæг сыл схæцдзæн, бахус уыдзысты, æмæ ууыл фæуыдзæн уæ ногдзинад æмæ уæ зæххы хæрзиуæг. Кæмдæр хъæздыг зæххытыл цыдæртæ кæнынц, æмæ сымах дæр уыдон фæзмут. Нæ, нæ, афтæ нæу! Зæхх афæдз иу тыллæг куы радта, уæд æй хъæуы баулæфын иннæ азмæ, – æлхынцъæрфыгæй загъта сæрдар æмæ та йæ рихи тæпп-тæпп кæнын систа.

– Кæмдæрты цы кæнынц, уыдонæй бирæтæ махмæ дæр сырæздзысты, – загъта та Чермен, – фæлæ уал нæ абоны хъуыддагæн та тæккæ райсом дон рауадзын хъæуы, дон.

– Мах зæхх сыгъзæрин у, сыгъзæрин. Бауарз æй, йе ʻвзаг ын базон, сбуц æй кæн, æмæ дæ йæхæдæг дæр бамбардзæн, дæ фæллой дын йæ уæлæ нæ ныууадздзæн, нæ, – æвзармæ æргуыбыр кæнгæйæ, амонæгау бакодта Илас, стæй слæууыд, Черменмæ хæрз хæстæг балæууыд æмæ афтæ: – Тыхсгæ ма кæн, мæ хæлар, – агрономы уæхскыл йæ къух æрæвæрдта, – кæсыс, уæлæ Бурхохы сæрмæ мигътæ фæзынд, стæй мидæгæй ирдгæ кæнын дæр райдыдта... Мæнмæ гæсгæ, къæвда уыдзæн. Барометр дæр афтæ амоны, фæлæ уæддæр, Мурту, тæккæ райсом дон рауадзын хъæудзæн.

– Уæ хорзæхæй, рауадзут, рауадзут! Илас, дæ бригадæн иу боны куыст йеддæмæ нæу, æмæ ма стæй та цæй æфсон кæндзыстут? Фæлæ

нæ зонын, нæ зонын, уæ ногдзинад куынæ фæсыкк уаид, – цæхгæр алыг кодта Мурту, фæзылд хъæуы ‘рдæм, атындзыдта, фæстæмæ дæр нал фæкаст, афтæмæй.

Илас æмæ Чермен йæ фæдыл араст сты. Алчи дæр сæ йæ хъуыдыты аныгъуылд, æмæ æгомыгæй цыдысты. Æрмæст ма хъуыст доны иугъæдон «шш-шш» æмæ стæмхатт уæрццы быллыхъхъ-быллыхъхъ.

* * *

Фæсахсæвæрæй раджы ахызти, уæддæр ма Чермен бадти йæ кусæн стъолы фарсмæ.

Электрон рухс тæмæнтæ калдта ногцагъд уаты къуымты. Кæсы чиныг æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ цыдæртæ афыссы. Куы та æдзынæг алæууы, арф хъуыдыты аныгъуылы: «Кæд, мыййаг, Мурту раст зæгъы. Чи зоны, махмæ афæдз дыууæ тыллæджы райсæн нæй… Кæнæ йæ кæд æгæр раджы байтауын кодтон. Мыййаг, нæ куыст уæгъды куы фæуа, уæд адæмы ‘фсæрм… Худинаг. Фæлæ нæ, тæккæ райсом дон, дон…»

Афтæ хъуыдытæ кæнгæйæ, Чермен сыстад, йæ чысыл библиотекæйæ райста иу бæзджын чиныг. Йæ сыфтæ йын кæрæдзийы фæстæ тагъд-тагъд йæ уырзтæй рауагъта, æмæ дзы æрхаудта чысыл хуызист. Лæппу йæм исдугмæ федзынæг, стæй йæ фелвæста. Бурдзалыг цъæхдзаст чызг къамы худтис фæлмæн мидбылтæй. Дыууæ даргъ æрфыджы дардыл æрзылдысты. Чермен æм лыстæг æркаст, æмæ уый дæр йæ мидбылты бахудт: «Анютæ! Волгæйаг рæсугъд, уæд та мын ды ам куы фестис. Мæ сагъæстæ ихы къæрттау бæргæ атаиккой. Фæлæ уал каст фæу дæ институт, стæй а лæппу уалдзæджы донвæндагыл уæ къæсæрыл балæудзæн æмæ дæ Ирыстонмæ рачындз кæндзæн».

Черменæн ацы ныхæстæ афтæ хъæрæй дзырд фесты, æмæ йæм сæ фаллаг уатæй Фæрнион æрбадзырдта:

– Бадгæ ма кæныс, Емме? Уæ, мæнæ мыл сау бонтæ... Бон-изæрмæ быдыры, æхсæв-бонмæ та чингуытæ, чингуытæ... Ох, æнæрай сæ макуы фæуай... Схуысс, дæ нывонд фæуон, схуысс, ныр кæркуасæнтæм æввахс у.

– Бахатыр кæн, нана, райхъал дæ кодтон. Хуыссын!

Къаммæ ма иу каст æркодта, стæй йæ йæ бынаты бавæрдта. Хæрзæхсæв, нана, зæгъгæ, фæкодта æмæ йæ дарæс ласынмæ фæци,

рухс ахуыссын кодта. Хуыссæны дæр рафт-бафт кæны. Йæ цæстытыл уайынц йæ хуымы ногдзыд æвзартæ. Йæ хъусты зæлы, райсом сæм къанауы дон куы рауадзой, уæд куыд фæлмæн сæх-сæх кæндзæн, уый. Стæй æрæджиау афынæй.

Цынæ диссæгтæ уайы йæ цæстытыл... Мæнæ Анютæимæ кæддæрау Мæскуыйы хæрзфæлыст парчы хъеллаугæнæнтыл афтæ тынг хъеллау кæнынц, æмæ чызг ныцъцъæхахст кæны. Йæ даргъ сыгъзæринхуыз дзыккутæ дыууæ быдæй уæлдæфы ауыгъдæй аззайынц, йæ æрвхуыз цæстытæ ферттивынц, йæ фындзы кæрæттæ стæлфынц. Куы та цъæхснаг хъæлæсæй ныччыр-чыр кæны. Фæлæ фæци уыцы æхсызгон фын...

...Мæнæ, быдырæй куыд рацæйцæуы, афтæ ногæвзæрд хъæдуры нæмгуытæ йæ фæдыл згъорынц. Схъиудтытæ кæнынц æмæ лæгъстæгæнæгау дзурынц: «Дойны нын у, дойны, уаих фæуай, нæ ком ныссур…» Куы та нартхоры нæмгуытау сæ цъæх æвзæгтæ æрласынц æмæ лæнк-лæнк кæнынц: «Дон, дон, дон!» Иууыл диссаг та уый уыд, æмæ мæнæ нæ ногконд хуыммæ къанауæй рæсуг дон æрызгъоры. Йæ разы цæхгæрмæ сæхи ныппыхцыл кодтой Муртуйы стыр схъæл урсхæццæ рихитæ æмæ дзы хуыммæ цъыртт дæр нæ уадзынц, цъыртт. Галиу рихийы æрдæг кæд чысыл стæлфы, уæд йæ бынаты доны таг дзыгъал-мыгъул кæнгæ атæхы...

Уалынмæ Чермены хъустыл æваст гыбар-гыбур ауад, фесхъиудта, йæ уаты фæбадæг. Дыккаг хатт тынгдæр ныкъкъæс-къæс кодта арв. Лæппу пуртийау йæхи рахста сынтæгæй. Бæгъæмвадæй фæрссаггæронмæ азгъордта, акаст – дзæбæх сбон, уары лыстæггай.

– Нана, нана, къæвда, – фæдзырдта йæ мадмæ æмæ йæ дарæс кæныныл фæци, йæ цырыхъхъыты æнæ цъындатæй йæ къæхтæ атъыста, пæлæз йæ уæлæ æрбакодта æмæ, сæ фаллаг уаты дуар фегом кæнгæйæ, дыккаг хатт бадзырдта:

– Нана!

Фæлæ нана уым нал уыди.

Чермен æрызгъордта сæ асинтыл. Фæтæхы быдырмæ. Къæвда сабырдæр кæны æмæ фæстагмæ бынтондæр банцад. Арв ирд кæнын райдыдта, мæргътæ фæскъæвда сыгъдæг уæлдæфы ленчытæ систой. Сæ цъыбар-цъыбурæй æрдз фæндыры цагъд фестад.

Хур гæзæмæ йæ был сдардта, афтæ Чермен, тыхулæфт кæнгæ,

бахæццæ сæ ногконд хуыммæ, афæлгæсыд æмæ, сæ зæххы хай кæрæй-кæронмæ арвы цъæхы хуызæнæй куы ауыдта, уæд хъæуы ‘рдæм фæзылд æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта:

– Илас, Мурту!

– Мæнæ, мæнæ, Чермен, – йæ хъустыл ауад парторджы хъæлæс æвваxсæй. Агроном фæстæмæ фæкаст. Дæлæ хуымы дæллаг кæрон стыр кæрдо бæласы бын лæууынц Илас æмæ Фæрнион, сæ мидбылты йæм худынц. Чермен исдугмæ фæджихау, зæгъгæ, мæ разæй куыд фесты, стæй сæ цурмæ азгъордта, йæ цæстытæ фыр цинæй цæхæртæ калдтой.

– Лыстæг, фæлмæн къæвда раджы райдыдта, раджы, мæ хъæбул. Суанг фæсахсæвæрæй, фæлæ та ды чиныг кæсынил фæдæ æмæ йæ нæ базыдтай. Æз та дын æй барæй нæ загътон. Илас дæм раст фыццаг кæркуасæнты æрбамидæг, фæлæ дæ йæ цæст сыхъал кæнын нæ бауарзта, – дзырдта Фæрнион, йæ урс дадалийы бындзыг йæ сæрбæттæны бынæй бæлоны базырау æрзынд, афтæмæй.

– О, о! Кæсут-ма, кæсут! Уæлæ нæ сæрдар худаистæй куыд æрызгъоры, – загъта Илас æмæ Муртуйы ‘рдæм араст.

Мурту хуымы кæрон æрлæууыд. Йæ хистæр æнгуылдз та йæ сины сæр йæ роны æрсагъта æмæ фæлгæсы бынæмбæрзт зæххы хаймæ. Йæ рихийы æрдæг фыр цинæй фыццагау стæлфыд.

– Куыд дæ зæрдæмæ цæуы, Мурту? – афарста йæ йæ мидбылты худгæ Илас.

Сæрдар хæларзæрдæйæ ракаст æмæ загъта:

– Æвæццæгæн, æз æгæр фæзæронд дæн, кæстæртæ, æмæ мыл тых кæнын райдыдтат. Фæлæ ницы кæны, уый æрдзы æгъдау у. Ам уыйбæрц цъæх холлаг æрзайдзæн, æмæ нæ ног силосы уæрм къахын бахъæудзæн. Йæ цъæх хъæдур та йын уæй акæндзыстæм. Фæлæ ныр цæугæ, æмæ ма йæм дон дæр рауадзæм. Къæвда, чи зоны, фаг нæ уа, – загъта Мурту æмæ хъæуы ‘рдæм фæцæуæг.

Уæдмæ хур дзæбæх ракаст. Йæ сыгъзæрин тынтæ рæдауæй айтыгъта, æмæ ногæвзæрд хуым разындис, цъæх хъæдабæйыл сырх хæрдгæйæ нывæфтыдтæ куыд сарæзтæуа, афтæ.

# ФЫСДЖЫТÆ СЫЛГОЙМАДЖЫ ТЫХХÆЙ

Æнæ сылгоймаг нæдæр хъæбатыр ис, нæдæр поэт!

*Максим ГОРЬКИЙ*

Ног фæлтæртæ цæмæй хорз хъомыл кæной, уымæн хъæуы ахуыр æмæ размæдзыд бинонтæ, æмæ ахæм бинонтæ саразынæн та хъæуы фыццаджы-фыццаг ахуыр æмæ размæдзыд сылгоймаг – Мад.

*КОЛЫТЫ Аксо*

…как бы сильно не было ожесточение ссорящихся, дерущихся и сражающихся, одно появление женщины обуздывает буянов, останавливает и прекращает кровопролитие…

*ХЕТÆГКАТЫ Къоста*

Цард æппæты фыццаг сылгоймаджы зæрдæйы райгуырд. Сылгоймаджы зæрдæйы уагимæ баст у дунейы æппæт дæр: сывæллоны фыццаг цъæхаст, хъæбулы фыццаг бахудт, авдæны фæлмæн зарæг, фæндыры æмбæхст дуне, нæлгоймаджы кадавар цæссыгтæ, хæстоны нæргæ кад æмæ хъарæджы фæйнæрдæм тонгæ хъуырдухæн. Æрмæстдæр сылгоймаджы зæрдæйы уыд уыдонæн райгуырæн!

*ЦÆГÆРАТЫ Максим*

Сылгоймагæн йæ цæссыгтæ æдзухдæр йæ цæстыхаутыл лæууынц.

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

Зæххыл цыдæриддæр хорзæй, рæсугъдæй ис, уыдонæй бирæ райгуыры сылгоймаджы уарзтæй.

*ЦОЦИТЫ Резо*

Сылгоймаг фыццаг хатт йæ уарзондзинады цин æмæ удхæрттæ кæимæ бавзары, ууыл йæ зæрдæ никуы ивы.

*НИГА*

Хæдзары сылгоймаг куынæ уа, змæлынхъом сылгоймаг, уæд бинонтæ æгъуыдзæг кæнынц.

*БАСИТЫ Михаил*

# ДÆ УАРЗТ – ÆВДАДЗ, ДÆ РÆСУГЪДДЗИНАД – ЦИН

*ЧЕЛДЫТЫ-ГОДЖЫЦАТЫ Надя*

## УАЛДЗÆГ ИРЫ ХÆХТЫ

Арвы кæрæтты йæ бæхыл
Сырх сæуæхсид сиры.
Уый фæрдыгæнгæс æртæхыл
Барæвдыдта Иры.

Сырх зынгæй гуырд бур тынты хал
Пиллон арты ризы.
Даргъ цæхæркалгæ æндахыл
Боны рухс æрхизы.

Рагъыл дзæбидыртæ кафынц,
Зилахар – къуындæг тыргъ.
Дзæхст! Зынджы цæхæрты фæлгонц,
Хохы риуыл апырх.

Æврæгътæй гуырд цыргъдзаст цæргæс
Басыгъта йæ базыр.
Хъæды зардвæдисы хъæлæс
Ивазы йæ фæндыр.

Урс æхсæрдзæн хуры тынтæм
Даргъ дзыкку æрфаста.
Терк йæ дурджын змæлаг былтæм
Уылæнтæ фæхаста.

Нартхоры фæлмæн къæбила
Райхъал хуры хъармыл.
Уый бæркадджын фарны гуыдын
Адих кæндзæн цардыл.

# УАРЗТЫ ДИДИН

Мæ уды царди уарзты дидин,
Йæ сыф – уырзæй фæлмæн.
Йæ хæрздæф, феста уый сыгъзæрин,
Мæ сæр дзы зылд мæнæн.

Йæ къуск куы уыд хæрздæфæй йедзаг,
Уыд царбæллон йæ хуыз,
Куы йыл зарыд рæузæл булæмæргъ,
Бæллыдтæн-иу æм æз.

Кæм дæ ныр та, кæм, уыцы дидин,
Кæм бамбæхстæ мæнæй?
Æстдæсаздзыдæй ма фæцæрин,
Фæлæ мыл худдзæн Мæй.

Рæвдауæд уæ зынг уарзты дидин,
Кæнæд хæрздæф цыбæл.
Æнус кæм ис, йемæ ‘мдзæрин,
Уæддæр æм, хæлар, бæлл!

Æвдадзы хос уын уæд йæ хæрздæф,
Уæлæрвты уæ хæссæд.
Уæ сæрмæ уадзæд уарзты рухс фæд
Æгæрон уарзты зæд…

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ*

# СЫЛГОЙМАГ

Ирон сылгоймаг – фыдæбойнаг,
Цы дæ хъæуы дунейыл, цы?!
Мæлдзыг зæххыл куыд быра, уыйау
Цæргæбонты ды уаргъ хæссыс...

Нæхи æндæр цæуыл абарæм?
Фыдæбойнаг ысси нæ цард...
Цы уынæм ‘мæ цы федтам азты,
Нæ нын уыдысты цыма фаг?!

Нæ зæрдæ алырдæмты ʻхсайы,
Æнæрæнцойы зæрдæ уа!..
Æхсайы, ʻхсайы... Уарзы, уарзы!
Æнахуыр монцты – бонты таг.

Цы ма дæ хъæуы, цы, дунейыл?
Цæмæ фæтындзыс ʻдзух, цæмæ?!
Æрлæуу-ма иу ран, дæ хæдзарыл!..
Куыройау разылди дæ сæр...

Уæддæр ыздыхсыс, ʻнцой нæ арыс,
У уарзты тых дæ цин, дæ мæт.
Ды удхæрттæй дæхи фæмарыс,
Дæ сæр дæ кой вæййы æппæт...

Дæ хъуыддæгты лæгау сæрæн дæ,
Æнæ уæлдай – уæздан ныхас...
Ды адæмыл тæлыйау ʻртыхсыс,
Дæ уарзт тыхджын у, судзгæ уарзт!

Уæддæр кæцытæй дæ, о, уастæн?!
Æппын бæрæг дын нæй, бæрæг...
Уæууа, Æна, фæлидзынц азтæ...
Ысдæн æнæсæрæн, дæрзæг.

Мæ фыссæн сис мæ къухы, афтæ,
Мæ кусæнгарз мæнæн – цæттæ.
Нæ хабæрттæ, нæ цардуаг, адæм
Ысты мæ чингуыты æппæт.

Нæй, ницы мæ нæ рауад, Æна,
Хуыздæрхъуаг у дæ чызг, хуыздæр...
Ныууадзон сæ уæд та ма, Æна,
Мæ æмдзæвгæты стыр рæдзæгъд...

– Кæй, дам, хъæуынц? – ныр дзурынц алкæд,
Æвзаг куынæуал ис, æвзаг?
Фæивта цард, æнахуыр – адæм,
Сæфы, дам, мадæлон æвзаг...

Тыхцард, тыхми, тыхтухæнтимæ
Уыдис нæ царды фæтк æнус...
Уæддæр æвзаг – аланты рухс уаг –
Цæрдзæн нæ хъуыддæгты æдзух!

Ныр абон нал ис зæгъинæгтæ,
Мæ сагъæстæй мæ зæрдæ ссау:
Зæхх æмæ арв дæр куы бану уой,
Уæддæр цæрдзæн ирон æгъдау!

Нæй фесæфæн æрдхæрæн Зæххæн.
Æндонварс Царды цалх – æвзаг!
Лæджы кадæн, нæртонты фарнæн
Хуыцаумæ кувдзыстæм фыццаг!

*ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ*

## АБАЙТЫ ДАВИДЫ МАД ЗИНÆЙÆН

Радта сылгоймагæн иунæг Хуыцау
Уарзт æмæ цардæн йæ тыхджындæр фарн.
Зæрдæйы рæбын куы равзæры цард,
Уæдæй фæстæмæ свæййы уый мад.

Къухтæм куы райсы хъæбулы къуыбар,
Уымæй хуыздæр ма цы ракура мад?
Æмæ йæ рæвдыд, йæ уарзондзинад
Раттынц хъæбулæн царды бынат.

Айрæзы, ахизы хъæбысæй тагъд,
Æмæ йæ фæндæгтæ акæнынц дард.
Мады фандиаг нæу алкæй фæндаг, –
Амæндтæ уарæгæй арæзт нæ цард.

Чидæр лæгдзинады фæдыл цæуы,
Райгуырæн хъахъхъæнын уымæн хæс у.
Мады хъæбысау куы уарзай дæ зæхх,
Уымæн æвгъау уæд нæ кæнис дæ сæр.

Иунæг хъæбулы цы мад фæхаста,
Уый йыл æрхъæцмæ нæ хъæцы цыма...
Фæлæ хъæбатыр æрыгон хæстон,
Хæстмæ цæугæйæ, нæ кодта фæсмон.

Бабын и хæсты, йæ цард уыд нывонд,
Мад та йæ фæстæ æлгъиты йæ бон.
Хурмæ хæрам кæны, мæимæ – хыл,
Хъарæг – цæссыгимæ, нал уыны фын.

Фыны куы ‘рбацæуид мадмæ уæд та,
Исты ныфс авæрид мадæн цыма...
Фæлæ æгъатыр у мадмæ адзал,
Удæгас агуры цардæн мадзал.

Уарзон ныййарæг, хъæбатыры мад,
Ис дын дæхицæн, дæ хъæбулæн кад.
Ма фæцуд, ма фæкæл. Цæр æмæ цæр.
Радтай дæ адæмæн ахæм кæстæр.

*ГÆБУАТЫ Галинæ*

## МАД

Мады фыдæбæттæ ничима бафыста,
Мадæн æгæрон – йæ уарзт.
Уый аккаг ныхæстæ ничима ныффыста,
Мадæн бæрзонд у йæ кад.

Мадæн йæ хъарм хъæбыс – авдæн йæ хъæбулæн,
Зары йын а-лол-лай: цæй,
Байрæз, мæ буц хъæбул, Ирæн йæ фидæнæн,
Акæн уал адджын фынæй.

Бирæ æнæхуыссæг æхсæвтæ арвыстай
Сабийы авдæны цур.
Растдæр фæндагыл, æгъдауыл æй арæзтай:
– Алкæд рæстдзинад-иу дзур!

Абон Хуыцаумæ æз кувын мæ зонгуытыл...
О Хуыцау, фехъус мæ дзырд!

Ратт-ма ныййарæгæн бирæ цæрæнбонтæ,
Фестæд æнусон йæ цыт!

Райсæд мæ арфæтæ алы ныййарæг дæр:
Бирæ фæцæрут фæрнæй.
Махæн сымахæй зынаргъдæр ‘мæ уарзондæр
Ацы стыр дунейы нæй.

* * *

Æнкъараг зæрдæйæн цæй зын у цæрын,
Мæнг дунейы цæлхдуртыл размæ бырсын...
Цырагъау кæмдæр ма рæстдзинад зыны, –
Æрвылбоны тары йæм хъавгæ цæуын.

Цомахъæй мæрдтæм дæр æфсæрмы кæнын,
Æрфæрсдзæн бæгуыдæр мæн искæдбон уый:
– Зæгъ-ма мын æргомæй, мæн зонын фæнды,
Ирон дзырды фарнæн цы сарæзтай ды?

«Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы» – нæ фыдæлты загъд,
Æдзæмæй цæмæн лæууут абон сымах?
Нæ хæхтæ, нæ кæмттæй куы нал хъуысы сидт,
Æрмæст ма дзы дымгæ ныккæны къуыззитт.

Ирон лæг лæгдзинадæй никуы уыд цух.
Нæртон адæм се ‘взагыл систой сæ къух.
Æрмæстдæр ма карз нозты тæфмæ ирон
Æрымысы фынгыл нæ фыдæлты ном.

«Æз – хицау!» мондагæй кæрæдзи хæрынц,
Æхцамæ – æнæфсис, фыр зыдæй мæлынц.
«Къуыдайраг, дыгурон, уый – цъиусæр», – зæгъынц,
Фыдгулы ардыдæй нæ дихтæ кæнынц.

Къостайæн йæ фæдзæхст, цæй, баххæст кæнæм,
Йæ фæндон æнгомæй, цæй, размæ цæуæм!
Нæ иудзинад, не ‘взаг, нæ фарн æмæ ‘гъдау
Куыд нæрой нæ зæххыл кæддæрау цытау!

ЦОЦИТЫ Емзар

# ÆРДХÆРÆН У ÆРДЗ

*Радзырд*

Хуры фыццаг тынтæ сæхи æруагътой цъæх æрдузы æмæ хъазыдысты ногдзыд кæрдæджы сыфтыл æрттиваг æртæхтимæ. Мæргъты сæдæмырон зæлтæ дидинджыты будтæфау апырх сты райдзаст æрдузы алфамбылай. Иу дзырдæй, æрдзы алцы дæр удæгас адæймагау цин кæны уалдзæджы æрбалæудыл. Уæлдæр, хъæдгæрон, уазал суадон хæлхæлгæнгæ циндзастай згъоры дæлæмæ æрдузы нувæрсты ададжы ‘рдæм...

Хъæдæй хус къæцæлты къæрццытæ райхъуыст, базмæлыдысты ногдзыд сыфтæртæй фæлыст бæлæсты цæнгтæ æмæ се ‘хсæнæй разынд æрдзы фидауц – пæлæхсар сыкъаджын саг. Саг афæлгæсыд йæ алыварс, сæрбæрзондæй æрлæууыд æрдузы кæрон суадонмæ хæстæг. Ногæй та базмæлыдысты бæлæсты цæнгтæ, къутæртæ, æмæ дзы рахызт мадæл саг йæ родимæ. Род дыууæ саджы ‘хсæн уæрыккау æркафыд, стæй фæзылд æмæ йæ мады фæдæгыл йæхи андзæрста.

Уысммæ нæл сагæн йæ фындзыхуынчъытæ ауæрæх сты, йæ хъустæ фæхъил кодта, фæйнæрдæм афæлгæсыд, асмыстытæ кодта – йе смудæнтыл æнахуыр тæф амбæлд æмæ сабыр хъæлæсæй фæдисы уаст бакодта мадæл сагмæ.

...Йæ уæлвæд хъæды дзыхæй æрхызт бирæгъ йæ фондз лæппынимæ. Лæппынтæй иу, мадбирæгъы фæрсты цæугæйæ, йæ хъустæ фæгæмæл кодта æмæ сагты ‘рдæм фæраст сабыр къахдзæфтæй, фæлæ æвæлтæрд сырд йæ мады тызмæг рыхынмæ фæлæууыд æмæ йæ бынат бацахста иннæты цур. Мадæл бирæгъæн йæ фæрстæ бахаудтой фыр æххормагæй, йæ комы дæттæ уадысты сагтæм кæсгæйæ. Йæхи цæттæ кодта тохмæ, фæлæ цæуылдæр тыхст... Нæл саг цыртау лæууыд æмæ джихæй каст мадæл бирæгъмæ; мадæл саг куы бирæгъмæ кæсы, куы йе ‘мбалмæ, хатт та тыхстхуызæй йæ родыл ацинтæ кæны...

Иуафон бирæгъы лæппынтæ сæхи фæстæмæ хъæдмæ байстой, æвæццæгæн, сæ мады бардзырд æххæст кодтой. Мадæл бирæгъ йæхи хæстæгдæр баласта сагтæм æмæ зæххыл æрхуыссыд.

Бирæгъæн йе уæнджы мигъ бæргæ бадт саджы цыргъ сытæм кæсгæйæ, фæлæ æххормагдзинад тасы йæ ауон бакодта, æмæ сфæнд кодта

куыдфæндыйæ дæр роды аскъæфын.

Нæл саг йæ аив гуыр базмæлын кодта, сæрыл бæрзонддæр схæцыд, стæй, йæ сыкъатæ размæ фæкæнгæйæ, тохмæсидæг уаст бакодта æмæ араст бирæгъы ‘рдæм.

Сырд æй цыма уынгæ дæр нал кодта, уыйау æнæзмæлгæйæ хуыссыд йæ бынаты æмæ каст роды ‘рдæм.

Хæрз хæстæг æм бацæугæйæ, саг йæхи уыцы иу скъæрд бакодта йе знагыл, фæлæ бирæгъ портийау иуварс фæхауд æмæ тындзгæ уадæй балæууыд роды уæлхъус. Мадæл саг, роды йæ фæстæ амбæхсгæйæ, йæхи æрцæттæ кодта тохмæ, йæ роды фыдæнхæсæй бахизынмæ, фæлæ уысмы бæрцмæ сырды ссыртæ йæ хъуырыл андæгъдысты...

Уыцы рæстæг нæл саг та дугъы уад æххуысмæ æмæ… йæ ахъаззаг цæфæй бирæгъ æмæ мадæл саг иумæ асхъиудтой æртæх кæрдæгыл.

Бирæгъ ма фестынил ацархайдта, фæлæ йæ саг йæ цыргъ сытæй зæхмæ нылхъывта, нал æй суагъта стæлфын.

Мадæл саг сыстад, йæхи бауыгътытæ кодта æмæ каст удуæлдай тохмæ. Бирæгъы мæлæтдзаг ниудмæ йæ лæппынтæ йæ уæлхъус алæууыдысты. Сырд, йæ лæппынты ауынгæйæ, йæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кодта, саджы сыты бынæй йæхи атыдта æмæ, цудтытæ кæнгæ, йæ лæппынты йæ разæй хъæды ‘рдæм ахаста. Лæппынтæ хъæды бæргæ фæмидæг сты, фæлæ сæ мадæн нал бантыст хъæдмæ баирвæзын. Дуне та йыл аталынг саджы тыхджын цæфæй. Саг æй цавта йæ цыргъ сытæй, цалынмæ сырд бынтон нæ ныхъхъус, уæдмæ.

Мадæл бирæгъ ма йæ мæлæты размæ иу каст акодта хъæдмæ, йæ лæппынты ‘рдæм, йæ цæссыгтæ фемæхстысты, йæ лæппынты æвæгæсæгæй кæй уагъта, уый тыххæй æмæ бамыр.

Нæл саг йæхи сраст кодта, йæ бырынчъыты туг калд, йæ риу дæр – тугамæст, фæлæ, йæ рыстытæ ницæмæ даргæйæ, сæрбæрзондæй бараст мадæл саг æмæ родмæ. Мадæл сагæн дæр йæ хъуыр уыд дæндагдзæфтæ, фæлæ уый дæр йæ рыст нæ равдыста.

Сагтæ хæстæг бацыдысты, сæ риутæ кæрæдзимæ сбыцæу кодтой æмæ кæрæдзийыл цинтæ кодтой уарзæттау. Хатт-иу амондджын каст бакодтой, сæ фарсмæ æнæмæтæй цы род хъазыд, уымæ.

…Бирæгъы лæппынтæ хъæдæй кастысты сæ мадмæ æмæ, саг йе ‘мбæлттæм куы бацыд, уæд уыдон дæр тæрсгæ-ризгæйæ бацыдысты

сæ мады мардмæ, йæ алыварс зылдысты, зæрдæхалæн хъыс-хъыс кодтой, стæй кæрæдзийы фæдыл йæ фарсмæ æрхуыссыдысты æмæ йыл сæ сæртæ æрæвæрдтой…

Мадæл саг бирæгъы лæппынтæм æдзынæг кæсгæйæ баззад, йæ æрдæбоны амонддджын æнгас айсæфт, йæ цæстытæ куы æрныкъуылдта, уæд дыууæ цæссыджы йæ рустыл æртылдысты… Каст æнахъом сырдтæм нæл саг дæр, исдуг сæм бацæуын дæр афæнд кодта, тызмæг хуызæй се 'рдæм иуцалдæр къахдзæфы дæр акодта, æвæццæгæн сæ хъавыд сæ мады фæдыл барвитынмæ, фæлæ йæ фæурæдта мадæл саджы лæгъстæмхæццæ уаст.

Мадæл саг нал багъæцыд, йæ сæр ныттылдта, азылд иннæрдæм æмæ хъæды бахызт. Род æмæ нæл саг дæр йæ фæдыл æнæ сымæй араст сты…

Цы диссаг дæ, æрдзы сконд – дæ цæрджытæй иу иннæйы мæлæтæй агуры цард, иу иннæйы мæлæтæй æнкъары æдасдзинад…

Хур раздæрау худы йæ мидбылты, мæргътæн нæ фæныллæгдæр сæ зард, суадон дæр æхцон хæл-хæл кæны раздæрау. Ницы фæивта хъæды дæр, цыма дзы мæлæтдзаг тох дæр нæ уыд, цыма фондз чысыл сырды сидзæрæй нæ баззадысты…

Æрдхæрæн у æрдз…



*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# ФЫД ЙÆ ФЫРТÆН – МИНÆВАР

*Цардæй ист хабæрттæ*

**«Сæ дуар сын ехсы хъæдæй бахоста»**

Мæ райгуырæн хъæу Хуымæллæджы дыууæсæдæ азы юбилеймæ чиныгæн æрмæджытæ æмбырд кæнын куы райдыдтон, уæд ныхас кодтон нæ хистæр фæлтæры минæвæрттæй иу, мæ раздæры ахуыргæнæг Бызыккаты Георгиимæ æмæ йæм мæнæ ахæм фарст радтон:

– Дæ фыд Дзаналды æвдайæм азты йе ‘цæг дунемæ ацыд, хæрзаудæн дыл кæнæд, фæлæ, мæнæ ныр æмгæртты æхсæн йæ кой куы рацæуы, уæд сын дзы арæхдæр йæ цавæр мийы тыххæй радзурыс, æхсызгонæй дзы тынгдæр цы æрымысыс?

Мæнæ мын цы æнæнхъæлæджы дзуапп радта:

– Йæхæдæг мын уæртæ Нартыхъæумæ минæвар куыд ацыдис, уый тыххæй... Æз хæсты фæстæ ахуырмæ бацыдтæн педагогон институтмæ. Иуизæр нæм, мæнæ лæппуты æхсæн ныхас куыд рауайы, афтæ чызджыты койтæ рауад. Сæ иу афтæ зæгъы, ам, дам, æмдзæрæны иу æнахуыр рæсугъд чызг ис æмæ йæхимæ хæстæг никæй уадзы, уый мæнæ Жорикæн йеддæмæ никæмæн бакомдзæн. Мæхинымæр, куы йæ, зæгъын, фенин, уагæры цавæр у. Ме ‘мбæлттæй мын иу – Борыхъуаты Сослæнбег, уый дæр мæн хуызæн хæстон лæг – иубон афтæ:

– Цом-ма, æз дын уыцы чызджы фенын кæнон...

Кæсын, æмæ уынджы цалдæр чызгæй лæууынц.

Сослæнбег мын мæ хъусы дзуры:

– Уæртæ кæройнаг, цъæх къабайы, Мæдинæт...

Мæ зæрдæмæ нæ фæцыд, куыд æй ныддиссаг кодтой, ахæм рæсугъд мæм нæ фæкаст. Иу дзырдæй, ферох мæ ис. Ууыл иу афæдзы бæрц рацыд. Æз, нæхи Кокайты Саламджери, Дзубиаты Тамерлан, стæй Реуазты Митя æмæ Хъазиты Бабег Нартыхъæуæй æмдзæрæны иумæ цардыстæм. Иуизæр дын мын уыцы Бабег афтæ:

– Дæлæ фыццаг уæладзыджы мæ хъæуккаг чызджытæ цæрынц, æмæ сæ цом æмæ фенæм. Чысыл раздæр сæ фæндыры цагъд хъуыст...

Ныццыдыстæм. Æртæ чызгæй бадынц, иу дзы цæгъды, æмæ дын

уыцы иухатты чызг дæр уым. Фæкомкоммæ йæм дæн æмæ цыдæр кодтон, ай, зæгъын, æцæг рæсугъд куы у... Иу дзырдæй, уымæй фæстæмæ йæ уæгъд нал суагътон. Фæлæ уый цыппæрæм курсæй фæсауон ахуырмæ раивта, сæхимæ, Нартыхъæуы, кусын райдыдта, æмæ йыл курджытæ сагъуыдысты. Йæ фыд æй лæвæрдта иу хæстон офицерæн, фæлæ чызг йæ мадæн загъта: «Цалынмæ институт каст фæуон, уæдмæ мой нæ кæнын». Ныр мах та ныхасгонд уыдыстæм: мæнмæ æнхъæлмæ кæсдзæн. Йæ фыд та тызмæг лæг уыдис. Уалынмæ та йæм æндæр курæг фæзындис – сæхи хъæуккаг Дзабарæтæй, дæлæ Мæскуыйы Хæстон Академийы ахуыргæнæгæй куыста, уыд дæлбулкъон, æртæ азы фæстæ та инæлары цин райста. Чидæр ын банымыгъта Мæдинæты.

Мæ бынаты ды цы кодтаис? Мæ быны дон бацыд, зæгъын, цы нæ вæййы, аскъæфын дæр æй сæ бон у. Старстæн. Æмæ уæд минæвæрттæ барвыстам: нæхи Хадзымæт, нæ сыхаг Æлбегаты Хæритон – уæд уый Фæллойы хъæбатыр нæма уыди – æмæ Дзампаты Зелимхан. Йæ фыд къæрттæй цъула не 'ппары: махмæ Хуымæллæгмæ чызг дæттинаг нæй, куы йæ дæттæм, уæддæр Мæскуымæ.

Афтæ цалдæр хуыцаубоны фæцыдысты мæ минæвæрттæ. Уæд дын иубон мæ фыд афтæ:

– Мæнæн мæ рæсугъддæр лæппуйæн йæ чызджы чи нæ дæтты, уый мын æнæ фенгæ нæй. Уый уагæры йæхæдæг цавæр лæг у?

Колхозы сæрдар Бабегмæ бацыд, йæ фæнд ын загъта, бидаркæ, дам мын ратт ардыгæй Нартыхъæумæ. Æмæ йын уый афтæ зæгъы, дæуæн, дам, дæхицæн минæвар цæуын не 'мбæлы, мæнæ фæззæгмæ фæлæуу, æмæ уæд иумæ ацæудзыстæм.

Нæ йæм байхъуыста, æмæ йын уæд бидаркæ æд бæх радта. Уый дзы иунæгæй сбадти æмæ араст и. Фæндагыл æй тыхджын къæвда æрцахста, ныддонласт, фæлæ фæстæмæ нал раздæхт, йæ бæх сын сæ тæккæ дуармæ баурæдта æмæ йæ ехсы хъæдæй бахоста. Чызджы мад æм рацыд:

– Чи дæ?

– Æз дæн Хуымæллæгæй, Бызыккаты Дзаналды.

Сылгоймаг хабар бамбæрста, ныфсæрмытæ, фæлæ уæддæр бауæндыд æнæнхъæлæджы уазæгмæ:

– Дæуæн не 'мбæлдис махмæ æрбацæуын...

– Уый æз мæхæдæг хуыздæр зонын. Уазæгæн-ма дуар бакæн...

Мидæгæй йын йæ хуылыдз хæдон раласын кодтой, цыдæр куырæт ын радтой, уайтагъд ын йæ цуры фынг авæрдтой, цывзыджын арахъхъ... Суанг боныцъæхтæм чызджы фыдимæ фæбадтысты, фæныхас кодтой. Дзаналды дзыхæй дæсны уыд, цыфæнды лæджы дæр-иу басаста.

Иу дзырдæй, чызджы фыды зæрдæмæ Дзаналды тынг фæцыд, æмæ йын загъта:

– Абон хуыцаубон, иннæ хуыцаубоны уæ минæвæрттæ æрбарвитут.

Ныр нæ хæдзары ссады тæпп нæй, кусæрттаг нæй, æз уæд нырма мæгуыр студент уыдтæн.

– Бирæ ма дзур, – сбустæ мыл кодта, – уыдон дæ хъуыддæгтæ не сты, йæ боны алцы дæр уыдзæн.

Уæд мæ фыд Арыхъхъы куыста, уымы рæгътыл нефть чи агуырдта, уыдоны техникæ йæ бæрны уыдысты. Уырдыгæй йемæ иу дынджыр тохъхъыл фыс æрбаласта, иннæ та нын нæхи Хадзымæт радта – фыдыфсымæры лæвар. Арахъхъ нæхимæ рагæй лæууыд уæрмы æмбæхстæй. Гъе уыдæттæй чындзæхсæв скодтам.

Мæ фыд бирæ уарзта йæ чындзы, уайсадын дæр æй нæ бауагъта, скъоламæ куыстмæ цæугæйæ йын йæ сæрбæттæн дæр сисын кодта. Куы æрлæмæгъ, сынтæгæй куы нал стади, уæд æм ме ‘фсин йæхи фыдау зылди, ныннадта-иу æй, ныддаста, куы фæзиан, уæд ын нæ хъæуы хистæртæ, нæ мыггаг уый тыххæй бирæ арфæйы ныхæстæ загътой.

Æз уæд фыццаг хатт фехъуыстон, фыд йæ усгур фыртæн йæхæдæг минæвар ацыдис, ахæм хабар, кæд ма исты зонын, уæд нæм нæ рагфыдæлтæй ахæм æгъдау нæ баззадис – мыггаджы, сыхбæсты, хæстæджыты кадджындæр æмæ дзырдарæхстдæр лæгтæ-иу ацыдысты чызджы хæдзармæ.

– Дзæгъæлы дис кæныс, – загъта мын Георги, – нæ уыныс, не ‘гъдæуттæ куыд ивынц, уый. Уæвгæ дардмæ цæмæн цæуæм? Мæнæ нын нæ тæккæ сыхаг гуыппырсар Сæлбиты Амырханы куыннæ зондзынæ? Мах фæстæ та уый бакодта афтæ. Мæ фыды мын бафæзмыдта æмæ дæлæ кæройнаг уынджы Гугкатæм йæхæдæг ацыд. Сæ хæрæфырт Колыты Ирæ уыдонмæ хъомыл кодта,  æмæ йын æй йæ фырт Гоянæн нæ лæвæрдтой. Чызгæн йæхи та фæндыдис... Лæппуйæн ма йæхи бафæрс, уый дын уæд хабæрттæ лæмбынæгдæр радзурдзæн, кæд дын цымыдисаг сты, уæд...

## Сæлбиты Гоян: «Мæ бинойнаг мæ фыдæн йæхи агуырд уыдис»

– Мæ фыд Амырхан хуымæтæг лæг уыдис, æнахуыргонд, фæлæ йæ ныхас алы ран дæр цыдис, алырдыгæйты-иу æй агуырдтой, арæх бадт фынджы хистæрæн, арæх æй кодтой куы къухылхæцæг, куы – æмдзуарджын. Арæх-иу цыд минæвар иу мыггагæй иннæйы ‘хсæн, фидар хæст уыд нæхи ирон æгъдауыл. Æцæг æй иу хатт фехæлдта. Мæнæ мæн тыххæй…

Уый та куыдæй рауади? Тынг æй фæндыдис, цæмæй йæ фырт, мæнæ æз, афоныл бинонты хъуыддаг бакæна, йæхинымæры мын чызг дæр ма равзæрста.

Æвæццæгæн мын мæхимæ æфсæрмы кодта æмæ мын уый зæгъын бафæдзæхста нæ сыхаг чындз Бызыккаты Райæйæн. Иуахæмы ацы Райæ хъæуастæу йе ‘мбал дыууæ чызг-ахуыргæнæгимæ лæууы, æз сæм бацыдтæн, салам сын радтон. Уæд дын мæ мæ сыхаг ныхасы æфсон иуварсмæ куы акæнид æмæ дын мæм æнæнхъæлæджы фарст куы раттид:

– Акæс-ма, дæлæ уыцы дыууæ чызгæй дæ зæрдæмæ тынгдæр кæцы цæуы?

Зæгъын, рахизæрдыгæй чи ис, уый – Кудзаты Симæ.

Уый, дам, цæстæвæрд у, Галазты Юрик æй уарзы. Уæртæ иннæ дæр диссаджы хорз чызг у, дзæбæх-ма йæм æркæстытæ кæн. Колыты чызг, Гугкаты хæрæфырт. Нæ хуыздæр ахуыргæнджытæй иу. Мæ цæст дæр дын æй уарзы. Стæй дæ фыды... Æмæ хин худт бакодта. Æз хабар бамбæрстон, дзæбæх æм æркастæн, равзæрстон æй.

Æз уæд институты фæстæ Тамбовы куыстон. Иухатт отпусчы ссыдтæн æмæ загътон, зæгъын, чындзæхсæв скæндзыстæм æмæ мæ къайы дæр мемæ аласдзынæн, кæннод мын-иу мæ мад тæргæ кодта, уым, дам дæ исчи æрцахсдзæн, кæрцæн, дам, йе ‘мпъузæн хъуамæ йæхицæй уа. Иу хуыцаубон мæ фыд нæ хъæуы кадджындæр лæгтæй дыууæйы – Æгкацаты Федыр æмæ Бызыккаты Хадзымæты – минæвар арвыста, фæлæ сæ Ирæйы мадыфсымæр Гугкаты Сергей мидæмæ дæр нæ бауагъта: махмæ, дам, Сæлбитæн куринаг чызг нæй. Стæй та ногæй – иннæ хуыцаубоны. Уæддæр та – афтæ. Уæдмæ мæ отпусчы бонтæ атахтысты, иунæгæй та аздæхтæн.

Æвæццæгæн мын мæ фыд мæ уавæр бамбæрста, рамæсты æмæ иубон зыбыты иунæгæй чызджы хæдзармæ ныццыд. Разынд дзы æрмæст сылгоймæгтæ, уыдон æй ской кæнын дæр нæ уагътой, æмæ сын уæд мæ фыд загъта:

– Æз ардæм сымахимæ, сылгоймæгтимæ, быцæу кæнынмæ не 'рцыдтæн. Ам хæдзары лæг ис, зæронд лæг Гадæццо, æз дзуапп хъуамæ уый дзыхæй фехъусон. Бадзурут мын æм, зæгъут ын, Амырхан дæ, зæгъ, агуры...

Бадзырдтой Гадæццомæ, уый йыл бацин кодта, мидæмæ йæ бахуыдта, æз, дам, куы ницы зыдтон. Бирæ фæныхас кодтой, кæрæдзийы бамбæрстой, дзуапп ын радта, уæ хъуыддаг, дам, кæнут уæд æмæ уæд. Æмæ мæм уæд Тамбовмæ тел ныццавтой, æмæ дыккаг бон æз ам æрбалæууыдтæн. Сомы дын кæнын, Дамир: абон æз стыр бузныг дæн мæ фыдæй, сыгъзæрин бинойнаг мын равзæрста. Ирæ дæр дын, зонын æй, афтæ зæгъид мæнæй.

### Сæлбиты-Колыты Ирæ:
### «*Æз* мæхи амондджын адæймагыл нымадтон»

– Цæй амондджын уыдтæн, æвæдза, æз, педагогон училище каст куы фæдæн, уæд мæ кусынмæ мæхи гыццыл астазон скъоламæ куы арвыстой, уæд. Мæ фыццаг ахуыргæнæг Уыртаты Риммæимæ райдыдтон кусын 1 «б» къласы. Ахуыргæнæджы дæсныйад дæр æз уымæ гæсгæ равзæрстон. Æмæ нæ фæрæдыдтæн, мæ зондамонæгæй мыггагмæйы бузныгæй баззадтæн. Мæ фыццаг урок райдыдтон ахæм ныхæстæй: «С сегодняшнего дня вы не просто дети, а ученики. Я расскажу вам, почему дуют ветры, почему идут дожди... В общем, я научу вас мечтать!» Уыцы ныхæстæ мæ зæрдæйы баззадысты, кæддæр кинонывв «Сельская учительница» куы федтон, уæдæй. Уæдæй фæстæмæ бæллыдтæн, кусын куы райдайон, уæд сæ зæгъдзынæн мæ ахуырдзаутæн нæ фыццаг фембæлды. Æмæ сæ загътон!

Фæлæ йæ, æвæццæгæн, иунæг Хуыцау йеддæмæ ничи зыдта, разæй мæм цы æнхъæлмæ кастис, уый. Кæцыдæр бон скъолайæ мæ фæндаг ракодтон нæ хъæуы бæстастæу универмагыл – мæ мадыфсымæр Гугкаты Валодяйы бинойнаг Райæ уым куыста, цыдæр ныхасæн мæ хъуыдис. Уый мæм иннæ хæттытæй уæлдай цыдæр хинæйдзаг худт бакодта æмæ мын афтæ куы зæгъид:

– Уæлæ дæ Сæлбиты Гоянæн нымудзынц, уый зоныс?.. Минæвæрттæ уæм сæ æрцæуинаг сты.

Исчи мыл цыма фыцгæ дон бакалдта, афтæ фæдæн, мæ туг иуууылдæр мæ сæрмæ ныццавта, æрмæст ма Райæйæн уайдзæфы ныхæстæ зæгъын сфæрæзтон, зæгъын, дæ цæст мын иукъухыг лæппуйы йеддæмæ æндæр ницы уарзы. Уый йæхæдæг дæр хорзау нал фæцис, фæлæ йæ уæд уый дæр æмæ æз дæр нæма зыдтам, мæ амонд ахæм кæй рауайдзæнис, уый. Афтæ рауад, æмæ уыцы æхсæв мæ фыны федтон, цыма Гоян хъæуы астæу лæууыд, алырдæмты ракæс-бакæс кæны. Уалынмæ кæсын, æмæ йæм ме 'мбал ахуыргæнджытæ Уыртаты Риммæ, Бызыккаты Райæ æмæ Гозойты Оля базгъордтой, сæ хъæбысы йæ фелвæстой, хæрдмæ йæ фехстой æмæ фæйнæрдæм кæл-кæл худт кæнгæ алыгъдысты. Фæлæ кæцæйдæр фæзынд йæ фыд Амырхан, йæ дæргъæццон къухтæ йæм бадардта, æрцахста йæ, стæй мæн ауыдта, комкоммæ мæм æрбацыд æмæ загъта:

– Æрцæр, мæ къона Ирæ, мæ фыртæн та ногæй дыууæ къухы ис...

Æз ныккуыдтон, стæй цыдæр фæдæн, фæлæ, мæ хуыссæны куы райхъал дæн, уæд мæ цæссыгтæ гæр-гæр кодтой. Уæд æй нæма зыдтон, хъуыддæгтæ Амырханæн йæхицæй рацыдысты, уый. Уый мæ гыццылæй фæстæмæ зыдта, мæ мадыфыд Гадæццоимæ хæларæй цардысты, иумæ куыстой колхозы бæхтыл, нæхимæ дæр-иу арæх уыд, мæн-иу, авдаздзыд чызджы, йæ хъæбысы сбадын кодта æмæ-иу мæ фарста абон та, дам, скъолайы цавæр бæрæггæнæн райстай. «Фондз», зæгъгæ-иу ын куы загътон, уæд-иу мын ныффæдзæхста: «Хорз ахуыр кæн, æмæ дæ ахуыргонд чызг рауайа, æз дæ мæ фыртæн ракурын кæндзынæн». Æмæ-иу ныххудти.

Уыцы æхсæвæй фæстæмæ, бауырнæд дæ, Дамир, æз цыдæр кодтон, цыдæр мыл æрцыдис. Ноджы ма мын куы радзырдтой, кæддæр, æртыккаг къласы, дам ма куы уыд, уæд сæ тута бæласæй æрхаудта æмæ йæ рахиз къух схъис саст акодта. Фыццаг æххуыс ын сыхæгтæй чидæр кодта, фæлæ йын йæ сæстытæ хорз нæ расыгъдæг кодтой æмæ йын дохтырты бон дæр ницыуал бацис, сау кæнын ын байдыдта, æмæ йын æй уæд бынтондæр алыг кодтой. Дамгъæтæ фыссын галиу къухæй ахуыр кæнын райдыдта. Ноджы ма мæ иу хъуыды æппындæр цух нал уагъта: «Адæмы цæсты уымæй хуыздæр лæппу нæй, æмæ йын куынæ бакомон, уæд уый не скæнæг Хуыцауы зæрдæмæ куынæ фæцæуа, æмæ

куы зæгъа: «Кæд ахæмæн нæ комыс, уæд дын мæнæ лæппу дыууæ къухимæ, фæлæ ницæйаг, æмæ тухæнтæ кæн йемæ цæргæбонты».

Æмæ йын тæригъæд кæнын дæр райдыдтон æмæ уæд загътон: «Цæй, цы уа, уый уæд!» Æмæ дæ бауырнæд, Дамир, фæсмойнаг нæ дæн. Ницæмæй.

Ныр 52 азы цæрын Сæлбиты хæдзары, æмæ æз нæ хъуыды кæнын, искуы мын исты зындзинад скодта, уый: мæ царды кæд мæ къухы исты хорзæй бафтыд, уæд уый руаджы. Йæ бирæ хорздзинæдтæн ын рохгæнæн нæй. Тамбовы цæргæйæ, æз рынчындонмæ бахаудтæн. Гоян мæм цыд алы бон дæр, ме 'мкусæг ахуыргæнджытæ дæр. Иубон мæ Гоян фæрсы, дæ зæрдæ, дам, цы зæгъы, кæд цъиуы æхсыр зæгъай, уæд дæр дын æй ссардзынæн. Мæн, зæгъын, фæнды фенын мæ мады, æндæр мæ ницы хъæуы. Ныр æдде уыд тъæнджы мæй.

Цалдæр боны мæм нал фæзынд, æмæ æз тыхстæн, мæт кодтон, уæдæ цы хабар у, уал боны кæм уа. Æртыккаг бон мæм дохтыртæ æрбадзырдтой палатæмæ, телефонæй, дам дæм чидæр дзуры. Уый уыд Гоян, æз ыл сбустæ кодтон, æмæ дын мын афтæ, мæнæ, дам-ма уал дæ мадимæ аныхæстæ кæн. Фыр цинæй скуыдтон, дзурынæн дæр нал уыдтæн, стæй та дзырдтон мæ тиу Бузыримæ. Хъуыддаг та уыд афтæ: Гоян йе 'фсымæрмæ телеграммæ арвыста, Ирæ рынчындоны ис, зæгъгæ, æмæ, дам, тагъд рацу, Ирæйы мад Тамарæйы дæр демæ ралас. Æрхæццæ сты Тамбовмæ, Гоян сæ размæ ацыд. Дыккаг бон æрбацыдысты рынчындонмæ, мæхи рафыссын кодтон. Иу къуыри фесты махмæ, мæ цинæн кæрон нæ уыд, фæлæ фæстæмæ куы цыдысты, уæд та тынг æрæнкъард дæн. Раст зæгъгæйæ дзы мах дæр бирæ нал афæстиат стæм. Гоян куыста колхозы сæйраг экономистæй, æз та скъолайы ахуыргæнæгæй. Уымы адæм нæ бирæ уарзтой, хорз нын уыдысты, фæлæ дзы мæнæн нæ фаг кодтой ирон ныхас, нæ цъитиджын хæхтæ, нæ рæсугъд æгъдæуттæ. Афтæ мысыдтæн Ирыстон, æмæ ма уымы уырыссаг сывæллætты сахуыр кодтон иронау зарын, «Симд» кафын дæр. Афæдз ма дзы бæфæрæзтон, стæй нæхимæ рахæцыдыстæм, Къостайы загъдау: «Мæ цæстысыг донау мызти, мæ зæрдæ фыр цинæй рызти, куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм».

Ныр ссæдз азы бæрц, зоныс æй, кусын Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номхæссæг 13-æм скъолайы директорæй. Уыдыстæм тынг амондджын бинонтæ. Нæ чызджытæ Зæлинæ æмæ Мæдинæ сæ амæнд-

тæ ссардтой Царахатæм æмæ Дулатæм, нæ ллæппу Ибрагим та йæ цард баиу кодта Беккуызарты Анжелæимæ. Чындзытæ дæр алыхуызон вæййынц, фæлæ махмæ æрбацыд æппæтæй æххæст чызг. Рантыст сын дыууæ чызджы: Аидæ æмæ Аминæ. Фæлæ сæ амонд бирæ нæ ахаста, ацардысты фондз азы, æмæ нæ лæппуйæн фæндаггон фыдбылызы аскъуыд йе ‘рыгон цард... Нæ бафсæстысты цæрынæй, уарзынæй, сæ дыууæ гыццыл хъæбулы баззадысты сидзæрæй, æнæ фыдæй. Ууыл махæн дæр Гоянимæ нæ хъæлдзæг, нæ амондджын цард ахицæн. Уæлдæр ма дын æй куы загътон: Хуыцау йеддæмæ йæ ничи фæзоны, разæй кæмæ цы кæсы, уый. Ды æндæр хуызы хъуыды кæныс, Дамир?

Сæ дыууæмæ дæр разæй æнхъæлмæ каст уыцы æнæхайыры низ – ковид. Дыууæйæ дæр фæрынчын сты, иумæ цалдæр къуырийы рынчындоны фæхуыссыдысты, фæлæ сын дохтырты зæрдæвæрæн ныхæстæ æмæ, цыдæр ныфсæнхъæл кæмæй вæййæм, уыцы хостæ никæцырдыгæй феххуыс сты. Раздæр Гоян ацыд йе ‘цæг дунемæ. Никуы мæ ферох уыдзæн зианы бон сæ сыхаг сылгоймаджы хатдзæг, цыма йе уæны касти:

– Ацы дыууæ æнахуыр æнувыд уыдысты кæрæдзиуыл. Афтæ дæр нæ хъæуы, нæ. Афтæ ма-иу кæсут, цымæ йæ Гоян тагъд йæ фæдыл нæ акæнид...

Рынчындонæй куы рацыдысты, уæд сæ æз сæхимæ бабæрæг кодтон æмæ Ирæйы ныхæстæй бамбæрстон, нырма йæхимæ дæр æмæ Гоянмæ дæр йæ зæрдæ кæй æхсайы, уый, – мæ цуры мæнæ афтæ ныккатай кодта:

– Тæхуды, Гоянимæ иу бон куы амæликкам!..

Нæ рауади. Мæйы фæстæ йæ Хуымæллæджы астæуккаг уæлмæрды йæ къайы фарсмæ бавæрдтой...

Мæ хъæу Хуымæллæджы ма ивгъуыд æнусы æхсайæм азты, сæ лæппутæ цы чызджыты равзæрстой цардæмбæлттæн, уыдоны хæдзæрттæм минæвар ацыдысты ноджыдæр æртæ фыды сæхæдæг: зындгонд Кæсæбиты Митя бахоста нæхи хъæукаг, сæ сыхаг Бызыккаты Мысырбийы кæрты дуар. Уыцы æнахуыр мийы кой хъæубæстыл куы ахæлиу, уæд сæ Митя æрсабыр кодта:

– Мысырби йæхæдæг уæртæ авд хохы сæрты куы ахызт, Къобмæ ацæуын куынæ фæзивæг кодта йæ фырт Борикæн амонд агурæг, йæ иу ацыдæн сæ куы сразы кодта, уæд мæнæн, иу уынджы цæргæйæ, ардыгæй ардæм цас суаинаг уыди. Стæй Мысырби ме стыр æрдхорд

у, уый уæ рох фæци? Куыннæ нын хъуамæ радтаид йæ чызджы? Мæнæй бирæ хистæр лæг Бызыккаты Дзаналды уæртæ Нартыхъæуы куы балæууыд йæ бидаркæйы, уæлæсыхаг Сæлбиты стыр Амырхан зыбыты иунæгæй куы бафидыдта фалæсыхаг Гугкаты Гадæццоимæ, чындзæхсæвы бон дæр иумæ куы снысан кодтой. Цы зæгъдзынæ Кокайты Пуцырæй? Скъолайы кусгæйæ, йæ цæст æрæвæрдта Азиаты дзæбæх чызг Людæйыл, йæ лæппуйæн æй равзæрста. Фæсаууонмæ дæр-иу зонгæты 'хсæн Людæйы хорз миниуджыты кой кодта, афтæ йæхи цур дæр.

Иу кæцыдæр хатт Людæ амондхæссæг къæйныхдзинад равдыста æмæ йын афтæ куы бакæнид:

– Пуцыр, æдзух мæ æппæлыс, фæлæ мæ уæд дæ лæппуйæн цæуылнæ банымудзыс?

Уый дын зæгъай Пуцырæн! Таймураз зыдта, йæ фыдæй хуыздæр амонд ын никæй зæрдæ зæгъы, уый, æмæ йæ абон æгас Ирыстон дæр зоны, цы стыр амондджын бинонтæ сты, уый.

## «МÆ МАД МÆ ФÆТÆРСЫН КОДТА, ÆЗ, ДАМ ДЫН ХЕТÆГКАТÆМ МÆХÆДÆГ ЦÆУЫН МИНÆВАР»

Цалдæр азы размæ мæ документалон уацау «Æвдæм министр»-ыл куы куыстон, уæд йæ хъайтар, нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Кучиты Эльбрусимæ мæнæ цæуыл фæцис нæ ныхас нæ фæстаг фембæлды:

– Ныр та дæм, мæхимæ гæсгæ, сæрзилæджджын фарстатæ. Дыууæ фæд-фæдыл. Æз къостайыхъæуккæгтæй кæимæдæрты ныхас кодтон, дæ кой нæм рауад, æмæ æндæр дис ницæуыл кæнынц, йæ рæстæджы, дам, йæ бинойнаг Оля Иры рæсугъддæр чызджытæй иу уыд. Кæм фæхæст дæ, йæхи хуызæн рæсугъд лæппуйы чи равзæрста, ахæмыл?

– Бахатыр мын кæн, Дамир, дардмæ цæуын æм нæ бахъуыд агурæг... Иу къласы ахуыр кодтам, кæрæдзийы уарзтам, уынгты-иу куы фæцæйцыдыстæм, уæд-иу нæ къæйных сабитæ уырыссагау, «жених и невеста», зæгъгæ, мæстæй мардтой.

Æз фронтмæ куы ацыдтæн, уымæй чысыл фæстæдæр Оляйæн йæ мад фæзиан, хæдзар ныр йæхимæ касти, скъола ныууагъта æмæ

горæты ахуыр кæнынмæ бацыд, афæдзы фæстæ немыцаг æвзаджы ахуыргæнæгæй раздæхт.

Уæдмæ дзы куринаг чызг рауади, æмæ хъæуы æндæр кой нал кодтой, Хетæгкатæм, дам, минæвæрттæ уыдис, мæнæ сæм хæстæгдæр сабаты та фидауджытæ æрцæудзысты. Мæнмæ дæр сыхъуыст, æмæ ма уæд æз горæты лæууыдтæн?! Зæгъын, ай цы хабар у, чызгæн йæхи фенон. Фæлæ куыдæй? Сæхимæ йæм нæ уæндыдтæн. Æмæ уæд мæ хæлæрттæй иуæн – Хетæгкаты сиахс уыдис – ныллæгъстæ кодтон, зæгъын, уæхимæ йæ изæрæй исты хуызы æрбасай, æз йемæ аныхас кæнон, бафæрсон æй, нæ ахастдзинæдтæ цы фесты, уымæй. Ме ‘мбæлттæ та иннæ уаты талынджы бадтысты. Æрбацыд, дард мæм æрлæууыд. Ныры сусæг уарзæттæ ахæм уысм кæрæдзийыл сæхи андзарынц, хъæбыстæ, батæ. Мæнæ йыл æнгуылдзæй дæр андзæвон? Цытæ дзурыс? Æхсæвы-иу Беслæны фæстаг поездæй рахызтыстæм, фистæгæй-иу авд километры фæцыдыстæм. Уырны дæ, йæ къухмæ дæр ын никуы бавнæлдтон. Хуыцау бахизæд!

Фæрсын æй, зæгъын, мой кæныс? Афтæ куы дзурынц, сабаты уæм фидауджытæ уыдзæни.

– Чи фидауы, уый фидауæд, æз никуыдæм цæуын!

– Ау, куыд фидауынц, кæд дæу нæ фæнды, уæд?

Ныхъхъус и, ницы дзуры.

Æмæ уæд æз ме ‘мбæлттæй иуæн бафæдзæхстон, зæгъын, сæхимæ йæ бахæццæ кæн. Иннæ лæппутæ мæм лæбурæгау кæнынц, мах, дам, уæлæ тигъыл бæхты бричкæ цæттæйæ куы дарæм, уæд ды та цы бакуыстай – цæй æмæ йæ аскъæфæм…

Зæгъын, тагъд ма кæнут, цæмæй дзы райсом афтæ зæгъой, уæртæ Кучиты лæппуйы фæдыл алыгъдис, зæгъгæ, уый мæн нæ фæнды, уый кад нæу чызгæн дæр, мæнæн мæхицæн дæр. Мах æндæр хуызы бакæндзыстæм, ма мæ тырындз кæнут.

Фæлæ мæнæ цы рауади.

Мæ мады хъуыстыл æруади, Хетæгкатæм минæвæрттæ сарæх сты, уый. Тынг æй фæндыд, Оля йæ чындз цæмæй бауыдаид, уый æмæ мын иубон афтæ куы зæгъид:

– Æз сæм мæнæ ацы хуыцаубоны мæхæдæг минæвæр цæуын! Афтæ-ма-иу кæсæнт сæхимæ!

Ныллæгъстæ йын кодтон, зæгъын, мацы хуызы бакæн афтæ, адæмæй худинаг у, кæд федтай уый, æмæ мад йæхæдæг ацæуа?

Æмæ, дам, мæнæ нæ сыхаг Сократы мемæ айсдзынæн.

Æз та уыцы Сократы нæуарзæгау кодтон рагæй: иухатт мæ расыгæй хъæугæрон пысыраты астæумæ басхуыста, мæ гом хурсыгъд зæнгтæ басыгъдысты, иу къуыриййы бæрц мын дудгæ фæкодтой.

Зыдтон æй: мæ тызмæг мад цы сфæнд кæна, уымæн-иу æнæ бакæнгæ нæ уыдис, æмæ уæд æндæр хъуыддагмæ фæразæй дæн: дыууæ боны фæстæ иу æнæзонгæ шофыры баххуырстон – гуыффæджын машинæ йæм уыд. Майрæмбоны, мæнæ абырджыты æхсæв, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм саудалынг рауади, цæсты къух бакæнæн нæ уыд. Ме ‘мбæлттæй иу Хетæгкаты рудзынг бахоста, уе ‘фсымæры хæлар, дам уæм Мæскуыйæ ссыд. Нæ амондæн, хæдзары чызджытæ йеддæмæ ничи разынд. Дуар куы байгом, уæд мидæмæ бакалдысты, Олямæ сынтæгмæ фæлæбурдтой, афтид мидæггаг хæдоны йæ рахастой.

Йæ кæстæр хо фæдис систа, хабар куы бамбæрста, уæд, æмæ ме ‘мбæлттæй иуæн афтæ зæгъын, ай дæр, зæгъын, машинæмæ ахæссут – уый та Дзапарты тигъыл лæууыд. Фæлæбурдтой йæм.

Фарныхъæуы цур скъæфджытæй иу хъæрæй цыдæр сдзырдта, æмæ йæ Оля йæ хъæлæсæй базыдта, Состык у, уый æмæ йын афтæ зæгъы, ды дæр, дам, ам дæ? Уæды онг, чи йæ скъæфта, кæмæн, уый нæма зыдта, æз дæр семæ дæн, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд.

– Дæхи Эльбрусы æмбал куы хуыдтай, уæд ма йæм ныр цы цæсгом равдисдзынæ?

Уыдон йæ фыццаг ныхæстæ уыдысты, æмæ уæд æз кабинæйы сæр мæ армытъæпæнæй æрхостон, зæгъын, бауромут-ма. Уыцы талынджы æз дæр уым дæн, уый чызг нæ уыдта. Æмæ йæм уæд æз хæстæг бацыдтæн æмæ йын загътон:

– Оля, дæс минуты рацыд, уæхицæй куы рацыдтæ, уæдæй нырмæ. Ацы хъуыддаг æз иубон дæр бакодтаин, фæлæ адæм цы загътаиккой, дæ сæры кадыл  хъуыды кодтон – загътаиккой, йæ фæдыл алыгъдис. Ныр афтæ ничи зæгъдзæн. Кæд дæ нæ фæнды, уæд ныртæккæ машинæ фæстæмæ разилын кæндзынæн, уæ тæккæ дуармæ æрхиздзынæ. Мæн ацы царды дæу йеддæмæ ничи хъæуы. Цы мын зæгъыс?..

Куы та ныхъхъус и, уæд ма мын æй цы бамбарын хъуыд. Æмæ уæд лæппутæн загътон, зæгъын, йæ хойы йын хæдзарыл сæмбæлын кæнут.

Уæд ууыл цыдаид 13 – 14 азы. Уый, цыма йæ зæрдæ бахъарм, афтæ барæй зæххыл æрзоныгыл æмæ йæхи суанг хъæумæ кæйдæр æккойы фæхæссын кодта. Куыддæр мах хæдзары дуармæ ныххæццæ сты, афтæ æргæпп кодта æмæ нын донбылы уираг дуртæй нæ рудзгуытыл ралæууыд, базгъæлæнтæ сты, стæй алыгъд. Уыцы афон сыхæгтæ уынгмæ ракалдытсы, мæ мад дæр рацыд, кæмæн, дам, цы кодтам, зæгъгæ, скуыдта. Дæлæ, дам, дæ фырт Хетæгкаты чызджы аскъæфта, æмæ уæ йæ кæстæр хо Зарæ йæ маст райста.

Фондз фысы нæм уыд, иу дзы нывонд уыдис, фæлæ йæ æз фæивд-дзаг кодтон æмæ, скъæфынмæ куы цыдтæн, уæд æй сусæгæй раластон, ме ‘мбал та сæ царæй йæ мады æмбæхст арахъхъ æриста – дæс литры балон. Уыдон дæр уæд немæ машинæйы гуыффæйы уыдысты хицæн къуымы, æмæ нæ афтæмæй ме ‘ххуырст шофыр горæты сæхимæ баласта. Дыккаг бон Хетæгкатæ сæ чызджы куы агуырдтой, уæд, кæм стæм, кæмæ стæм, уымæн ничи ницы зыдта, фæдисæттæ мын мæ хæстæджытыл фæзылдысты, кæм ницы уыд, ахæм рæтты.

Æртыккаг бон ме ‘мбæлттæй иу нæ хъæусоветы секретары сласта, гæххæттытæ нын скодта, æз дæр æмæ дзы Оля дæр зæрдиагæй нæ къухтæ сæвæрдтам. Уый уыди 5 октябры, 9 октябры та чындзæхсæв скодтам. Афæдзы æрдæджы бæрц мæ Хетæгкатæ сæ сиахсыл дæр нæ нымадтой, уый фæстæ сын мæнæй хуыздæр сиахс нал уыдис.

Скъæфгæ йæ цы машинæйы ракодтам, уый шофырæн иу стипенди-йæ иннæ стипедийы райстмæ æхца æрæмбырд кæнын мæ бон нæ уыдис, æмæ йын уæд мæ браунинг лæвар кæнын бахъуыд. Уый мын Хъесаты Руслан Берлинæй схаста фæсхæст. Уарзоны тыххæй цы нæ рауæлдай кæндзынæ?

– Æмæ дæ рæсугъд ус, министры ус, йæхи куыд дардта, уымæ Горбачевы Раисæйæ ницы фæхæццæ? Иннæ хицауады устытимæ кæрæдзийы зыдтой?

– Зæгъæм, нæдæр Оля, нæдæр æз партийы обкомы секретарь Æгкацаты Валодяйы усы нæ цæсты кæронæй дæр никуы федтам. Мæ дохтырты æххуыс æй никуы бахъуыд, никуы мæ бацагуырдтой исты хостæ дæр. Билар, зоныс æй, æрæгмæ бахъуыддаг кодта, лæппуйы цард фылдæр уарзта. Йæ ус Майæ дæр нæм хæстæг нæ цыд, кæнæ нæ йæ сæрмæ нæ хаста, кæннод та йæ удысконд ахæм уыд. Одинцовы ус дæр мæнмæ, куыд министрмæ, никуы ницæй тыххæй æрбадзырдта,

Оляйæ дæр æй никуы ницы хъуыд. Уæвгæ-иу нæ рынчындонмæ æрбацыд, йæхи дзæбæх кодта, фæлæ йæхимæ зилын уагъта æрмæстдæр йæхи æвзæрст дохтыры.

Оляйы тыххæй та дын ахæм диссаджы хабар радзурдзынæн. 1959 азы Мæлгъæвæгæй куы ссыдыстæм, уæд кусын райдыдта горæты дыккæгæм скъолайы, хаста йæ чызгон мыггаг – Хетæгкатæй. Фараст азы рацыд, æз министрæй кусын куы райдыдтон, уæдæй, афтæ дын иуизæр куыстæй æрбацыд æмæ мын мæнæ цы радзырдта худгæйæ:

– Урочы фæстæ ахуыргæнджыты кабинетмæ раздæхтæн, иннæтæ дæр афтæ, æмæ дзы иу хъæрæй афтæ куы зæгъид:

– Сымах зонут, Ольгæ Александровнæ нæ министртæй иуы бинойнаг у, уый?

Иууылдæр ныддис кодтой, нырмæ, дам, уый куыннæ зыдтам...

Мæ зæрдыл ма мæнæ цы æрлæууы арæх: чызгыскъæфты фæстæ хъæумæ бауæндыдтæн ныццæуын æмæ, нæ хæдзары къæсæрæй куы бахызтæн, уæд дзы бадгæ баййæфтон нæ сыхаг цалдæр усы, æвæццæгæн нæм арфæ кæнынмæ æрбацыдысты, мæ мад – сæ астæу. Мæн куы ауыдта, уæд фестад, мæ размæ рацыд, йæ амонæн æнгуылдзæй мæм бавзыста, æрбахъæбыс мæ кодта, стæй устытæм азылд æмæ загъта:

– Мæ æгоммæгæс ләппуйæ уын рахъаст кæнон? Хетæгкатæм мæн мæхи фæндыд минæвар ацæуын, фæлæ мæ нæ бауагъта, æндæра ахæм хабæрттæ, ахæм загъта-багътатæ нæ рауадаид...

Устытæ схор-хор кодтой:

– Афтæ дын хъуыди!

– Тынг раст дын бакодта...

Мæ мад сæм фæлмæн худти.

# «ТЫХ НЫЛ КÆНÆД ÆРМÆСТДÆР УАРЗТ»

*«Дунеон оперæйы стъалы», «хуыцауысконд сопрано», «оперæйы налхъуыт-налмас» – афтæ фæзæгъынц аивадуарзджытæ, не ’мзæххон, дунейыл зындгонд зарæггæнæг, УФ-йы сгуыхт артисткæ Джиоты Вероникæйæн аргъ кæнгæйæ. Хуыцау æй цы курдиатæй фæхайджын кодта, уымæй æфтауы дисы оперæйы цууыл стырдæр дæсныты. Дунейы хуыздæр дирижертæ æмæ режиссертæ бæллынц Вероникæимæ иу сценæйыл æрлæууынмæ. Йæхицæн дæр афæдз раздæр йæ гастрольтæ вæййынц рагацау бæрæггонд. Иу хатт йæ тыхджын хъæлæсы кæлæнты бахаугæйæ, адæймаджы йæ къæхтæ сæхæдæг фæхæссынц йемæ ног фембæлдтытæм. Йæ репертуары – Марфæ («Царская невеста», Н. Римский-Корсаков), Графиня («Свадьба Фигаро», В. Моцарт), Татьянæ («Евгений Онегин», П. Чайковский), Елизаветæ («Дон Карлос», Дж. Верди), Леди Макбет («Макбет», Дж. Верди), Виолеттæ («Травиата», Дж. Верди), Аидæ («Аида», Дж. Верди), Эльвирæ («Дон Жуан», В. Моцарт) æмæ бирæ æндæр партитæ. Азарыд дунейы хуыздæр театрты – Цюрихы оперæйы театры, театр Ла Моннейы Брюсселы, театр «Реал»-ы Мадриды, Немыцаг оперæйы Берлины, Гамбурджы паддзахадон оперæйы, Прагæйы оперæйы, Финнаг национ оперæйы, Хьюстоны оперæйы, оперæйы театр Кальярийы Италийы, Гонконджы оперæйы театры, дунейы æппæты стырдæр театр Колоны Аргентинæйы… Иу сценæйыл æрлæууы дунейы хуыздæр дирижертæ Гергиты Валери, Тревор Пиннок, Михаил Плетнев, Владимир Федосеев, Теодор Курентзис, Владимир Спиваков, режиссертæ Дмитри Черняков, Питер Селларс, Пако Азорин æмæ æндæртимæ.*

*Уый – сценæйы. Царды та Вероникæ у хуымæтæг хъæлдзæг ирон чызг. Бæллы Ирыстоны оперон зарæггæнджыты академи байгом кæнынмæ. Йемæ ныхас кæнгæйæ адæймаг бахауы йæ цинхæссæг æнкъарæнты ахæсты. Цардмæ кæсы мидбылхудгæйæ. Æмæ уыйхыгъд – æппынæдзух йæхиуыл чи кусы, фæллад чи нæ зоны, нысан уынгæйæ, цæлхдуртæ хъуыды дæр чи нæ кæны æмæ сæ сæрты чи ахизы, уыцы ныфсхаст æмæ хъæддых удыхъæды хицау æрыгон хæрзконд æнтыстджын сылгоймаг. Ис ын фырт æмæ чызг, дыууæ та – хъæбулы хъæбултæ.*



**– Вероникæ, стыр бузныг дын, рæстæг кæй ссардтай æмæ ирон литературон журналы редакци кæй бабæрæг кодтай, уый тыххæй! Мах иуылдæр стæм сæрыстыр дæуæй. Уæвгæ, диссаг у, хуымæтæг ирон чызг Хуссар Ирыстонæй дунейы хуыздæр, стырдæр æмæ хъуыстгонддæр сценæты кæй басгуыхт. Уымæ уыд æрмæстдæр бæллæн! Куыд рауад дæ фæндаг стыр сценæмæ?**

– Мæ фыд Раман мын бауарзын кодта оперæ. Йæхæдæг дæр дæсны уыд зарынмæ – æрдзæй йын лæвæрд уыд. Хорз тенор, ансамбль «Накадули»-йы солист. Фæлæ уыцы рæстæг равзæрста спорт. Йæ бæллиц та уыд, йæхицæн цы нæ бантыст, уый мæ къухы куы бафтид, уый. Йæхæдæг цагъта фортепианойыл, гитарæйыл, уыд Гуырдзыстоны ССР-ы чемпион уæззау атлетикæйæ, хъæууон хæдзарады къабазы разамонæг, æмгарджын, зæрдæхæлар. Ныр мæ мадимæ цæрынц Германы. Мæ алы хъуыддаджы дæр сæйрагдæр уыд, мæ фыд цы зæгъдзæн, уый. Тынг мæ фæндыд, цæмæй мæ йæ сæр бæрзонд хæсса. Абон мæ ныййарджытæ сты зæрдæрухс сæ кæстæртæй. Царды зындзинæдтæ дæр куыд нæ вæййы, фæлæ сæ мах нæ ныййарджытæн хъæр дæр никæд скæнæм. Уыдон сæ хæс раджы сæххæст кодтой æмæ абон цардæй хъуамæ исой æрмæст удæнцой. Ууыл ахуыр кæнын мæ хо æмæ ме ‘фсымæры дæр. Нæ хистæртæ хъуамæ цæрой æрмæст нæ цинæй. Уымæ гæсгæ мæ мад æмæ мæ фыд абон мæхицæй æрыгондæрхуыз сты *(худы).*



Вероникæ йæ фыдимæ

**– Фыццаджыдæр цы æрлæууы дæ зæрдыл дæ фыды «афтæ ма бакæн»-тæй?**

– Сабитæй тынг бирæ уарзтам сæлдæг, фæлæ рынчынтæгæнаг кæй уыдыстæм, уымæ гæсгæ нын æй нæ фыд нал уагъта хæрын. Уæд-иу мæ хо Ингæимæ бавдæлдыстæм æмæ-иу нæ мондæгтæ тæдзынæджы ихтæй суагътам. Уый нæ фыд куы базыдта, уæд нæм дзы дзæбæх æрлæвæрдта. Уæдæй фæстæмæ нал уæндыдтæн уазалæй исты хæрын. Уæвгæ та хъуыд, уымæн æмæ афтæмæй нæ иммунитет фидардæр кодтаид.

**– Фыццаг хатт сценæйыл кæд æрлæууыдтæ, уый ма хъуыды кæныс?**

– Уымæн ферох кæнæн нæй. Уый уыд рæвдауæндоны. Гыццылæй мæм ахæм тырнындзинад уыд мæхимæ адæмы æркæсын æмæ æрыхъусын кæнынмæ, æмæ мын-иу мæлæты дзæбæх рауад. Уыцы карæй æз уыдтæн лидер. Алцæмæй дæр хъуамæ уыдаин фыццаг. Конкурстæ-иу ииуылдæр рамбылдтон. Мæхи къухтæй-иу билæттæ сныв кодтон æмæ-иу нæ подъезды бынæй сбадтæн. Мидæмæ цæуæг уа, æддæмæ цæуæг уа, се 'ппæтæн дæр лæвæрдтон билеттæ, изæры уыдзæн мæ концерт, зæгъгæ, æмæ уæ хонын. Æртындæс азы мыл куы цыд, уæд Ногдзауты сфæлдыстады галуаны сарæзтон мæ фыццаг сæрмагонд концерт кафынæй. Мæ фыдыхо мын хуыдта дарæс ме 'ппæт кæфтытæн дæр.

**– Уыцы костюмтæ нæ бахъахъхъæдтай?**

– Стыр хъыгагæн, нæ. Фæлæ мæм ис бæллиц. Фæнды мæ музей саразын мæ къабатæн, костюмтæн æмæ иннæ дзаумæттæн, дунейы хуыздæр сценæтыл æмæ кадджындæр мадзæлтты, фембæлдтыты мæ уæлæ чи уыд, уыдонæн. Се 'ппæтæн дæр сæ ис йæхи истори. Мария Калласæн ис ахæм музей Грецийы, мæнæн та хъуамæ уа Ирыстоны. Фæндтæ – Хуыцаумæ.

**– Мæ цæстытыл уайынц уыцы хæзнатæ. Æппæты зынаргъдæр та дзы дæ удæн кæцы у?**

– Сочийы æртындæс президентæн цы къабайы зарыдтæн, уый.

Се ‘хсæн уыд Уæрæсейы Президент Владимир Путин дæр. Равдыст «Модный приговор»-ы амонæг Александр Васильев мын тынг ныллæгъс-тæ кодта, дæ къабатæй, дам мын иу нæ музейæн балæвар кæн. Æмæ йын уыцы къаба балæвар кодтон. Ныр Гурченкойы, Зыкинайы æмæ иннæ зындгонд артистты къабатимæ дунейы музейты æвдыст цæуы.

**– Зонæм æй, дæ уæлахизтæн кæрон кæй нæй. Дæ УФ-йы сгуыхт артисткæ, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артисткæ, ис дæм европейаг премиты иу хал, Æппæтдунеон конкурсты премитæ, кадджын ном «Афæдзы адæймаг», майдан «Ирыстоны намысæн». Цавæр у де стырдæр æнтыст царды дæхимæ гæсгæ та?**

– Алы æнтыст дæр зæрдæйæн зынаргъ у, уымæн æмæ дзы сæ иумæ дæр уæлæнгай цæстæй никæд акастæн. Оперæйы аивады æнцонæй къухы ницы бафты. Зæгъæм, æртæсæдæ архайæджы ‘хсæн хъуамæ суай æппæты хуыздæр. Спортсмен Олимпиадæйы фæуæлахиз, уæд суанг аэропортæй нæ буцгæнæнтæ райдайынц æмæ сын кæрон нал вæййы. Культурæйы кусджыты уæлахизтæн ахæм кад цæуылнæ кæнæм?! Оперæ элитарон аивады хуыз у, æмæ йын бирæтæн сæ бон уый тыххæй аргъ скæнын нæу. Бирæтæ йæ не ‘мбарынц. Иннæ ахæм, чи ис абон культурæ-йы кусджытæй Парламенты? Ничи! Спортсментæ – бирæ! Интернеты тыгъдады бафысджытæ кæмæн фылдæр ис, æдылы ныхæстæ чи кæны, цъыфкалæнтæ чи фыссы, уыцы блогерты ахæсты бахаудтам. Уымæ гæсгæ æцæг аивадæн нæ дуджы тынг зын у йæ бынат ссарын.

**– Диссаг та куыд нæу, 2000 азы Санкт-Петербурджы консерватори-мæ дæ гæххæттытæ куы балæвæрдтай, уæд демæ сæ гæххæттытæ балæвæрдтой 500 адæймаджы æмæ сæ фæсте фæуагътай.**

– Зонын, кæй мын баххуыс уыцы хъуыддаджы мæ характер, мæхиуыл кæй æууæндыдтæн, уый. Стæй, цард куыд равдыста, афтæмæй нысанмæ фæхæццæ уыдзынæ æрмæст, дæхиуыл æнæрæнцойæ куы кусай, уæд. Мæ къухы цы бафтыд, уый – мæхи хъарутæй. Ме ‘мкурсонтæй бирæтæн æххуырстой хорз фатертæ, цы конкурсты архайдтой, уыдонæн сын фыс-той æхца, уыд сыл фæхæцджытæ. Æз та цардтæн коммуналон фатеры, æмæ уымæй дæр – бузныг. Мæ уарзондзинад оперæмæ алцæуыл дæр фæуæлахиз. Бынтон диссаг та ма дзы уый уыд, æмæ фæлварæнты рæстæг мæ хъæлæс кæй æрбайсæфт. Ныр цы кæнон, зæгъгæ, мæты бацыдтæн. Фæлварæн куынæ раттон, уæд нæ бахаудзынæн консерваторимæ. Уæд дын, мемæ фæлварæнтæм цы ахуыргæнæг æрцыд Ирыстонæй, Хестан-ты Нелли, йæ удæй арт чи цагъта, цæмæй мæ хъæлæс йæ бынаты сбада,

ууыл, уый фæмæсты, роялы цæппузыртæ мæстыгæрæй иу цæф фæкодта æмæ мын афтæ: «Ацу, дæ хурхы уадындзтæ дæр атон, фæлæ ныртæккæ куыд азарай, афтæ! Æз мæ рынчын мады уый тыххæй нæ ныууагътон хæдзары, цæмæй ды консерваторимæ ма бахауай!» Мæнмæ гæсгæ, уыцы бонæй хуыздæр никæд азарыдтæн! Бахаудтæн консерваторимæ!

**– Вероникæ, иу æмæ дыууæ хатты нæ бакастæн æрмæджытæ журналтæ æмæ Интернеты дæу тыххæй. Иууылдæр дæ хонынц, фидар характер кæмæн ис, ахæм сылгоймаг, цыфæнды цæлхдурты сæрты ахизын кæмæн бантысдзæн нысанмæ фæхæццæйы тыххæй, ахæм Хуыцауысконд артист. Мæнмæ гæсгæ, ам ирдæй сæхи раргом кæнынц дæ уидæгтæ дæр. Фæстæмæ нæ историмæ куы акæсæм, уæд ирæттæ нæлгоймагæй, сылгоймагæй иууылдæр сты ныфсхаст æмæ æхсарджын адæм. Æндæр куыд уыдис гæнæн дунейы стырдæр дæс конкурсы уæлахиздзау басгуыхын?! Уыимæ Афинты Мария Калласы номыл дунейы стырдæр конкурсы Гран-при райсын амæй-ай хуыздæр артистты ‘хсæн. Афтæмæй конкурсы архайынмæ ацыдтæ рынчынæй…**

– Уый æцæг уыд дисссаг! Фыццаг æмæ дыккаг æвзарæн къæпхæнты архайдтон, гриппæй зыбыты рынчын фæдæн, афтæмæй. Зындгонд оперон зарæггæнæг Джоан Элстон Сазерленд уыд нæ къамисы уæнг. Адæм бæллыдысты, цæмæй йыл андзæвой, уый та мæнæн хъæбыстæ кодта, куы азарыдтæн, уæд. Фыццаг мæ фындзы туг фемæхст заргæ-зарын, фæлæ не ‘рлæууыдтæн. Къамисы уæнгтæ уыдтой мæ арæхстдзинад, мæ курдиат æмæ мын бар радтой дарддæр архайынæн. Афтæмæй æппæт къæпхæнтыл дæр æнтыстджынæй ахызтæн. Мæхимæ сæ æркæсын кодтон. Фæлæ та ам дæр мæ туг æркуыста. Мæн фæндыд, цæмæй уыдаид æрмæстдæр иу уæлахиздзау, æмæ уый уыдаин æз!

**– Дунейы амæй-ай хуыздæр æмæ хъуыстгонддæр артисттимæ, режиссертимæ æмæ дирижертимæ æрлæууыс иу сценæйыл. Гергиты Валериимæ дæр куыстай æмæ кусыс. Æнцон у йемæ? Куыд ирон, афтæ дæм иннæтæй уæлдай фылдæр цæстдард науæд буц митæ æрхауы маэстройæ?**

– Гергиты Валерийы æз мæ уды бæрц уарзын. Куы йæ фенын, уæд мæ фæфæнды, цæмæй йыл æппынæдзух цинтæ кæнон. Уый раст цыма зæххон адæймаг дæр нæу. Абон уымæй диссагдæр музыкант дунейы нæй. Фæсарæнты куы фæзарын, уæд мæ фæкурынц, цæмæй Валеримæ

фæхæццæ кæнон се стыр уарзондзинады ныхæстæ. Мæхи цас фæндид, уыйбæрц нæма куыстам иумæ, фæлæ радтам стыр концерт. Ахæм тыхджын æмæ хорз энерги дзы цæуы, æмæ диссаг! Зæххыл ахæм стыр зарæггæнæг нæй, йемæ иу сценæйыл æрлæууынмæ чи нæ бæллы. Тынг буц дæн Гергиты Валерийæ!

**– Дæ интервьютæй иуы загътай, æппæты фылдæр кæй уарзыс Китайы аивадæн аргъгæнджыты. Мæ зæрдæ йæхицæн бынат нал ардта ацы ныхæсты фæстæ.**

– О, афтæ у! Китай рагæй дæр мæ зæрдæйæн у тынг адджын. Цæуынц мæ зæрдæмæ сæ адæм, стæй, оперæйы зарæггæнджытæн уыдон цы стыр аргъ кæнынц, афтæ æндæр ран нæ фендзынæ. Ус-паддзахы лæггад мын фæкæнынц, куы сæм æрцæуын, уæд! Сæ культурæ, сæ ахастдзинæдтæ адæммæ бынтон æндæр сты. Уыцы æмвæзадмæ кæд схиздзыстæм мах, уый зын зæгъæн у. Сæ миддуне дæр æндæр у. Хуымæтæг æмæ хъæздыг. Арæх фæзарын Китайы.

**– Нæ фæлтæрæй никуы ферох уыдзысты, нæхæдæг æвдисæн кæмæн уыдыстæм, Ирыстоны уыцы уæззау историон цаутæ. Дæхи цæстæй федтай 1992 азы хæст, гуырдзиаг экстремисттæ Хуссар Ирыстоныл арт куыд бафтыдтой, уый. Уый фæстæ – 2008 азы уæззау цаутæ дæр…**

– Æнаххос адæмыл нæмыджы зæйтæ куы ныккалдтой, уæд нæ хæдзарыл дæр сæмбæлдысты, æмæ æмбæхст уыдыстæм пъадвалы. 2008 азы та æз уыдтæн Африкæйы, афтæмæй телевизорæй федтон, мæ хойы хæдзар куыд равдыстой æрдæгкалдæй, æмæ райхъуыстысты амонæджы ныхæстæ: «Ночью грузинские войска атаковали Южную Осетию…» Телефоныл мæхи ныццавтон – бастдзинад нæй. Ныр мæ фырт, мæ хо – уым. Æртæ бонмæ мæ уд æрдуйæ нарæгдæр ссис. Ратæхæн мын нæй. Цыппæрæм бон мæ фырт Раманимæ телефонæй дзырдтон, загъта, мах иууылдæр æгас стæм, æмæ ныккуыдта, мамæ, ме 'мкъласонты мын хæдзарæй мардæй куыд рацæйхастой, уый федтон, зæгъгæ. Мæ зæрдæ йæхи къултыл хоста. Уæрæсе куынæ баххуыс кодтаид, уæд хорзмæ æнхъæлмæ кæсæн нæ уыд.

**– Дæ фырт абон дæр Хуссар Ирыстоны цæры?**

– О. Нæ ракуымдта æндæр искæдæм цæрынмæ ацæуын, кæд ын фадат уыд, уæддæр. Ис ын бинонтæ, дыууæ сывæллоны. Афтæ – мæ хо дæр.

**– Зонын, Гуырдзыстонмæ дæ кæй фæхонынц зарынмæ, фæлæ кæй нæ сразы вæййыс.**

– Куыд бæрзонд аивады минæвар, афтæ нæ уарзын политикæйы фарстатыл дзурын. Фæлæ бæлвырд у иу хабар – æз аргъ кæнын гуырдзиаг културæ æмæ традицитæн. Бирæ гуырдзиæгтæ систы Ирыстоны сгуыхт æмæ адæмон артисттæ, Уæрæсейы æмæ дунеон оперæйы сты хуыздæрты æмрæнхъ сæ аивадæй. Маквала Касрашвили куынæ уыдаид, уæд æз дунеон сценæ мæ цæсты кæронæй дæр нæ федтаин, æвæццæгæн, фæлæ Гуырдзыстоны нæ зарыдтæн æмæ нæ зардзынæн. Мæ адæмæн уыйбæрц зиан чи æрхаста, уыдонæн куыд хъуамæ зарон?! Фæлæ, зæгъæм, Уæрæсейы ис алы адæмты иумæйаг концерт, гуырдзиæгтæ дæр кæм архайынц, уæд уым азардзынæн.

**– Вероникæ, дунеон стъалы уæвгæйæ, хуымæтæг адæймагæй баззад?**

– Æз стъалы дæн æрмæстдæр сценæйыл. Æнæуи та дæн хуымæтæг ирон чызг, нæ уарзын кæнгæ митæ. Уæвгæ та хъуамæ алкæй зæрдæмæ куыд цæуон, æхцайы голлаг нæ дæн, мыййаг.

**– Хуыцауæй цы ракурис?**

– Уарзондзинад нæ адæмæн! Фæнды мæ, цæмæй мæ кæстæртæ ма уой цух зæрдæйы хорзæй, адæмы фарнæй, хорз цæстæнгасæй. Адæймагæн æнæ уарзондзинадæй уæвæн нæй. Уæд ыл тых кæнынц хæлæг æмæ хин. Æргомæй йæ зæгъын: дунейыл æрзылдтæн æмæ мах бæрц хæлæгдзинад никæмæ федтон. Иу миниуæг мæм ис – мæхимæ хæстæг æвзæр адæмы нæ уадзын. Суанг социалон хызæджы дæр куы фенын æппæрццæг миниуджытимæ адæймаг, тыхныхас дзы чи кæны, цъыф чи калы, уæд дзы уайтагъд мæхи ссæрибар кæнын, дуæрттæ йыл æрæхгæнын. Цæмæн æм хъуамæ хъусон, йе 'взæрдзинадæй цæмæн хъуамæ чъизи кæна мæ алыварс? Уый бар никæмæн ис. Дзурын, цæрын æмæ кусын дæр хъæуы хорз адæмимæ, дæ зæрдæйæн æхцон чи у, хорз хъуыддæгтæ чи аразы. Уымæ гæсгæ йæ Галуанты Людмилæйы ныхæстæй зæгъдзынæн: «Тых ныл кæнæд æрмæстдæр уарзт!»

**– Адæймагæн йæ кæцы миниуджытæн фæкæныс аргъ?**

– Стыр аргъ кæнын уыцы адæймагæн, йæ размæ нысан сæвæрын чи базыдта æмæ йæ уды хъаруйы фæрцы йæ къухы стыр æнтыстытæ кæмæн бафтыд. Зындзинæдтæ кæй нæ басастой, афтæмæй бæрзæндтæм чи схызт йæ равзæрст фæндагыл.

**– Æнæмæнг дæм ис бæллицтæ.**

– Ацы аз мæ фæнды Ирыстоны саразын оперæйы зарæггæнджыты фестиваль «Аланийы стъалы». Уый размæ йæ арæзтам Мæскуыйы, Новосибирскы, Цхинвалы дæр цалдæр хатты. Конкурсы домæн уыдзæн, цæмæй архайджытæ зарой æрмæстдæр ирон æвзагыл. Фæнды мæ, цæмæй алы бæстæтæй æрцæуой зындгонд зарæггæнджытæ, мæхæдæг иу сценæйыл кæимæ фæзарын, къамисы уæнг кæимæ вæййын, уыдон, æмæ уой къамисы уæнгтæ. Сæхи дæр тынг фæнды Ирыстонмæ æрцæуын. Арæх фæзæгъынц, фæнды нæ фенын, кæм райгуырдтæ, дæу цы адæм схъомыл кодтой дунейæн, уыдоны, зæгъгæ.

**– Зонæм æй, дæхæдæг иронау кæй дзурыс, кæй зарыс, кæй кæсыс. Дæ кæстæртæ та?**

– Уыдон дæр зонынц! Мæ фырт, уый цот иууылдæр дзурынц иронау. Æрмæст мæ чызг Адрианæ цæры фæсарæнты æмæ уый арæх нæ хъусы ирон æвзаг.

**– Сабидуг бындур сæвæры адæймаджы фидæнæн, йæ зондахастæн цардмæ, уæд сбæрæг вæййынц йæ хъайтартæ. Аргъæуттæ дын чи каст?**

– Мæ мадыфыд уыд Хъæцмæзты Евген, Дзауы скъолайы директор. Рацыдис ын цалдæр чиныджы. Нæхимæ сты йæ къухфыстытæ. Мæ мадæн уыд уырыссаг хъомылгæнæг, æмæ сывæллæттæ гыццылæй фæстæмæ зыдтой уырыссаг классикты уацмыстæ зæрдывæрдæй. Мæ дыууæ нанайы дæр кодтой диссаджы таурæгътæ. Мæ фыдыфыд та уыд хæстон лæг. Уыдтæн сын буц.

**– Арæх вæййыс къамисты уæнг, куы та сæргълæууæг. Карз домæнтæ дæм вæййы архайджытæм?**

– Мæ гыццылæй фæстæмæ, конкурсты архайгæйæ, тынг бирæ æнæрастдзинæдтыл сæмбæлдтæн. Æз æй нырма абон бамбæрстон, къамисы уæнгтæ сæхи хъомылгæнинæгты размæ кæй кодтой, уый. Тыхджындæрты-иу размæ нæ уагътой. Уымæ гæсгæ æз абон дæн, сæ хъарутыл сæ чи бауæндын кæны, къамисы ахæм зæрдæхæлар уæнг. Курдиатæй Хуыцау кæй фæхайджын кодта, уыцы кæстæртæн æххуыс кæнын хъæуы. Мæн фæфæнды алы архайæгæн дæр преми раттын. Ракæсын сæм мидбылхудгæ.

**– Ирыстонæй дарддæр ма дæ зæрдæмæ хæстæг цавæр бынат у? Кæм ма дæ фæндид цæрын?**

– Бирæ хур кæм ис, уым! Æвæццæгæн, Италийы. Мæ гыццылæй фæстæмæ дæр бирæ уарзын Итали. Нæхи хуызæн сты. Æрмæст махæй

уæлдай цардмæ кæсынц мидбылхудгæ, кæд цыфæнды зындзинæдтæ февзарынц, уæддæр. Сæйрагдæр сын у ныртæккæйы уысм, æмæ архайынц куыд хуыздæрæй йæ арвитыныл.

**– Куыд ма дæ равдæлы хæдзары куыстытæм та? Хæринаг кæнынмæ?**

– Æргомæй уын æй зæгъын – хæринаг кæнын нæ уарзын. Афтæмæй та зонын хæбизджынтæ кæнын дæр. Бафснайдзынæн хæдзар, балæггад дын кæндзынæн, фæлæ хæринаг скæнын – нæ!

**– Хæринаджы кой скодтам, æмæ дæ æнæ бафæрсгæ нæй, дæхæдæг та цавæр хæринæгтæ уарзыс?**

– Ирон хæринæгтæ! Чъиритæ, цæхджынтæ, цывзыдзæхдон, нартхоры кæрдзын, дзыкка, давон! Цы ма уа хуыздæр?! Кæмфæнды ма уон, æрымысын хæбизджын.

**– Цæмæй райдайы дæ райсом?**

– Телефонæй. Уым сты мæ куысты фæдыл хабæрттæ. Уый мæ бæтты алы бæстæтимæ. Ахæм рæстæг скодта! Стгæ та скæнын сæумæрайсом, æртæ сахатыл.

**– Улæфгæ та куыд æмæ кæм фæкæныс?**

– Ныртæккæ мæ цард афтæ аразын, æмæ мæ концертты фæстæ æрцæуын Ирыстонмæ. Ам баулæфын, ме уæнгты ног хъарутæ фæзыны, æмæ та уæд ногæй мæхи иннæ концертмæ бацæттæ кæнын.

**– Кæм дæ фæнды дæ зæры бонтæ арвитын?**

– Æрмæстдæр Ирыстоны. Хъуамæ иппæрд ма уæм нæ уидæгтæй. Мæ бæллиц та у, нæ зындгонд адæм Ирыстонмæ куы æрыздæхиккой æмæ ам, нæхимæ, рæвдыд куы æййафиккой, куысты бынæттæ дæр сын куыд уа, сæ мызд дæр – зæрдæзæгъгæ. Уымæн ис гæнæн. Уый тыххæй, ацы хъуыддагыл сахадын сæ бон кæмæн у, уыдоны хъæуы Ирыстон зæрдæйæ уарзын.

**– Чи у уæддæр Джиоты Вероникæ?**

– Рæстдзинад уарзаг! Уыцы миниуæг мæ царды тынг хъыгдары, уымæн æмæ æрцыд цæстмæхъус ныхасгæнджыты дуг, гамхудтæ чи дары, уыдоны рæстæг. Адæм сыл афтæ тынг сахуыр сты, æмæ бирæтæ нал æвзарынц, кæм ис растдзураг, кæм – фæлитой. Мæн нæ хъæуы бирæ аргъгæнджытæ мæ аивадæн. Мæн фæнды, цæмæй мæ алыварс уой, æрмæст мæ зæрдæйæ чи уарзы, уыцы адæм. Кæд мæ аивад элитарон у, уæд мæхæдæг дæр хъуамæ уон элитарон. Дæн комкоммæ дзураг. Куы дæ уарзон, уæд дын мæ уд иннæрдæм рафæлдахдзынæн, мæ зæрдæйы

дын – бынат. Кæд – нæ, уæд нæ дыууæ дæр стæм кæрæдзийæ сæрибар. Кæнгæ митæ мæм нæй. Зонын мæхицæн аргъ кæнын æмæ иннæтæн дæр.

**– Цæуыл фæсмон кæныс царды?**

– Иухатт мæ Мая Плисецкая хуыдта. Хъуамæ уыдаин йæ цыппар кадджын уазджытæй сæ иу, фæлæ нæ ацыдтæн. Стыр Театр мæ нæ ауагъта репетицитæй. Тынг фæсмон кæнын æз абон ууыл. Ахæм адæймаг дæ куы хона, уæд хъуамæ ныууадзай дæ хъуыддæгтæ иууылдæр. Махмæ та афтæ фæкæсы, æмæ нын фадæттæ нырма бирæ уыдзæн царды. Нæ уыдзæн…

**– Сценæйы науæд царды æнахуыр уавæрты никуы бахаудтæ?**

– Иухатт зарыдтæн æмæ, сценæйæ рахизон, зæгъгæ, афтæ фæбырыдтæн æмæ размæ ахаудтæн. Гамбурджы мыл цы æрцыд, уый та никуы ферох кæндзынæн. «Травиата»-йы хъуамæ кæронмæ хæстæг «амæлон». Ныр, заргæ-зарын, сценæйæ кулисæты ‘рдæм иу асины къæпхæн кæй уыд, уый нæ зыдтон æмæ ме ‘мбæрцæгæй ахаудтæн. Райхъуыст мæ гыбар-гыбур. Рог дæр кæцæй дæн. Уæ цæстытыл ма ауайæд уыцы ныв.

Иухатт та Новосибирскмæ æртахтæн æмæ цалдæр сахаты фæстæ хъуамæ азарыдаин «Евгений Онегин»-ы Татьянæйы парти. Йæ фыстæгмæ куы бахæццæ дæн, уæд мæ мæ ныхæстæ ферох сты. Ныр суанг фæскулисæты дæр азмæлæн нæ уыд иннæ зарæггæнджытæй, иууылдæр хъусынц æмæ кæсынц мæнмæ. Залы кой нал кæнын. Куыддæртæй ма сраст кодтон мæхи. Уымæ хорз арæхсын.

**– Цал æвзагыл фæзарыс, Вероникæ?**

– Италиаг, немыцаг, францаг, испаниаг, чехиаг, уырыссаг æмæ ирон. Мæ алы концерты дæр вæййы ирон зарæг. Фидæны мæ фæнды ирон зарджыты диск ныффыссын. Нæ зарджыты куы бауадзин ног уддзæф, ног цард, уый мæ фæнды.

**– Дæ арфæтæ «Мах дуг»-æн.**

– Мæнæн тынг æхсызгон у, ахæм ирон журнал нын кæй ис, уый! Йæ ном дæр куыд рæсугъд у – «Мах дуг»! Стыр æвæрæн хæссут ирон литературæйы рæзтмæ, йæ бахъахъхъæнынмæ, фæсивæды хъомыладмæ, æмæ уын зæгъын стыр бузныг. Уæ фæндтæ иууылдæр сæххæст уæнт. Сымах хуызæн фæрнджын адæмы фарсмæ кæддæриддæр хъуамæ уа хорз адæм. Ирыстон дидинæг калæд!

*Ныхас ныффыста*
*ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ Оксанæ*

# ÆВЗОНГ БÆЛЛИЦТЫ ДУНЕМÆ БÆЛЦЦОНТÆ

РЦИ-Аланийы æмæ Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг, Уæрæсейы аивæдты академийы кадджын уæнг Мæргъиты Таймураз кад æмæ радимæ æмбæлы йæ 65 азы юбилейыл. Хуссар Ирыстоны Ленингоры районы Цъолды хъæуы райгуырæг лæппу хуызджын ахорæнты дунемæ фарны фæндæгтыл рацыд – каст фæци Цæгат Ирыстоны аивæдты училище æмæ Мæскуыйы Васили Суриковы номыл академион аивадон институт (Юрий Королевы æрмадз), æртæ азы та куыста профессор Валентин Челомбиевы монументалон нывкæнынады æрмадзы.

Æрдзæй фæхайджын Мæргъийы-фырт куыд сфæлдыстадон кусæджы, афтæ ахуыргæнæджы курдиатæй дæр – æрыгон фæлтæрæн йæ дæсныйады сусæгдзинæдтæ амыдта Беслæны аивæдты скъолайы, ЦИПУ-йы аивæдты факультеты нывкæнынады кафедрæйы æмæ Дзанайты Азанбеджы номыл Дзæуджыхъæуы аивæдты училищейы. 1996 азы сси Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, 2006 азы та æрлæууыд уыцы цæдисы РЦИ-Аланийы регионалон хайады сæргъы. У Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы секретарь Цæгат Кавказы федералон зылды.

Йæ разамонæджы курдиат раргом бирæкъабазджын куысты: бындуронæй цалцæггонд æрцыд Нывгæнджыты сфæлдыстадон цæдисы равдыстытæ аразæн зал, сног сты иудадзыгон экспозицитæ, 2007 азæй фæстæмæ уагъд цæуы ирон аивады тыххæй сæрмагонд журнал «Национальный колорит». У Ирыстоны нываивады райрæзты тыххæй документалон киноныв «На крыльях вечности»-йы автор, стыр альбомтæ «Художники Осетии» уадзыны проекты разамонæг æмæ сæйраг редактор.

Умæй уæлдай ма æдзух йæ цæст дары сывæллæтты æмæ æрыгæтты сфæлдыстадмæ, æрдзы хъæбысы ныв кæнынмæ æмæ сфæлдыстадон скъолаты фæлгæты кусынмæ разæнгарддзинадмæ, регионты 'хсæн æмæ дунеон æмвæзадыл æмгуыстадмæ – сси Цæгат Кавказы æмæ Хуссар федералон зылдты регионты, Хъырымы, Хуссар Ирыстоны нывгæнджытимæ иумæйаг проекттæ амидингæнæг.

Æрмæст Аланийы чырыстон дин райсыны 1100 азы боны кадæн сарæзта равдыст-конкурстæ «Ос-Бæгъатыр», «Ирыстоны ахуыр-

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ




# МÆРГЪИТЫ ТАЙМУРАЗ: 65 АЗЫ



Нæлгоймæгты Алайнаг моладзандон. 2016 аз



Номарæн. 2023 аз




Фыдæлты райгуырæн бæстæ. 2025 аз



Сыгъдæг Георги. 2022 аз



Хохы Саниба. Сæдæ азы размæ. 2021 аз



Гæды бæлæстæ. 2025 аз



Фыдыбæстæйы Стыр хæсты идæдзы портрет. 2023 аз



Скульптор Кцойты Юрийы портрет. 2025 аз



Нывгæнæджы кæрт. 2023 аз



Дзæуджыхъæуы архаикæ. 2024 аз



Дербентаг бæх. 2025 аз



Дæргъæвс. 2024 аз



Дæргъæвсы зæппæдзтæ. 2025 аз



Цымыти. 2025 аз



Хæдзар хæхты. 2025 аз



Хохæгты архитектурæ. 2026 аз



Ставд-Дурты алфамбылай. 2025 аз


Хæдзары дзаумæттæй натюрморт.
2024 аз


Къæсæрыл. 2025 аз


Хъуывгъантæ. 2026 аз



Фæткъуытæ. 2017 аз



Къомси. 2025 аз



Нас. 2025 аз



Хъоппæг. 2025 аз



Куыроимæ натюрморт. 2007 аз



Уагъылы. 2024 аз



Хъæууон натюрморт. 2023 аз



Хæстон натюрморт. 2024 аз




Агуындæйы портрет Бусяимæ. 2025 аз

гæнджытæ-рухстауджытæ», рауагъта куыстыты цалдæр æмбырдгонды. Йæ хъæппæрисæй райрæзт хæрзаудæн проект «Нæ дуджы хъæбатыртæ» – цыдисты Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты портретты равдыстытæ, уый фæстæ куыстытæ лæваргонд æрцыдисты хъайтарты бинонтæн. Уый тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Александр Твардовскийы майданæй.

«Уæрæсейы стырдæр равдыстыты æнæмæнг фенæн вæййы ацы курдиатджын нывгæнæджы куыстытæ. Аивадиртасджытæ Мæргъиты Таймуразы хонынц ирон нываивады ног уылæны ирддæр минæвæрттæй иу. Йæ фæлтæримæ йæ бахъуыд аивады йæхи фæндаг 90-æм азты змæст дуджы гæрдын. Культурæ паддзахады æппындæр куы нал æндæвта, уыцы рæстæг «йе ‘мвæндаггонтимæ» бындур æвæрдта национ нываивады ног стилистикæйæн, æмæ афтæмæй Ирыстоны аивадон культурæ рахызт рæзты ног къæпхæнмæ», – зæгъы Уæрæсейы аивæдты сгуыхт архайæг, Уæрæсейы аивадиртасджыты ассоциацийы уæнг Татьянæ Бойцова. Советон æмæ уæрæсейаг аивадиртасæг, нырыккон аивады теоретик Виталий Пацюков та фыста: «Мæргъиты Таймуразы аивады арф мидис рабæрæг вæййы адæймаджы хуымæтæг дунейы фæлгæты. Фæндаджы был стыр дур, хæххон суадоны сыр-сыр, фысы уындæй хъарм æнкъарæн – уыдæттыл хъомылгонд у нывгæнæджы уд, æмæ йе сфæлдыстады йæ уды уæлмонц æнкъарæнтæ разынынц иттæг аив æмæ рæсугъдæй».

Ацы æмæ къорд æндæр специалисты бафиппайдтой, нывгæнæджы зæрдæйæн иууыл адджындæр йæ райгуырæн Ирыстон æмæ иумæйагæй Кавказ кæй сты. Уыдонимæ баст фæлгонцтæ нывæндынæй не ‘фсæды, æмæ йæ уый нæ уадзы коммерцион галерейты «æрфысым» кæнын. Уымæй, мыййаг, фæсмойнаг у? Куыд нæ стæй! Уый йын у амонды æмæ дарддæр архайыны нысан, «Хохы фахс», «Паддзахы зæппадзтæ», «Хъæугæрон», «Хæхты арæзт», «Нывгæнæджы кæрт», «Къоста-нывгæнæг», «Фыдыбæстæйы Стыр хæсты идæдз» æмæ бирæ æндæр ахæм зæрдæмæхъаргæ, арфмидисджын куыстытæ нывæндыны хъару дæттæг тых.

Куыд æхсæнадон архайæг, афтæ Мæргъиты Таймураз æмгуыст кæны РЦИ-Аланийы истори æмæ археологийы институтимæ, æхсæнадон æмæ муниципалон уагдæттимæ, куыстуæттæ æмæ æрдзхъахъхъæнынадон организацитимæ. У Хетæгкаты Къостайы номыл

паддзахадон премийы къамисы, РЦИ-Аланийы Культурæйы министрады коллегийы æмæ Дзæуджыхъæуы Горæты рæзтыл дзуапдæттæг къамисы уæнг.

Нывгæнæджы аивадон дæсныдзинадæн æвдисæн суæвæн вæййы алы рæтты арæзт равдыстыты. Ист æрцыдысты йе сфæлдыстадыл дзурæг дыууæ документалон кинонывы, рацыд йæ куыстыты сæрмагонд альбом, аивадиртасджытæ рауагътой бирæ уацтæ мыхуыры фæрæзты. Хорзæхджынгонд æрцыд Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы сыгъзæрин майдан «Удварн. Традицитæ. Дæсныдзинад»-æй, Цæцæны Республикæйы орден «Стыр æнтыстыты тыххæй»-йæ, Васили Суриковы майданæй, майдан «Ирыстоны намысæн»-æй, Аланийы чырыстон дин райсыны 1100 азы кадæн зæрдылдарæн майданæй. Фæлæ йæ сæйраг хæрзиуæг у райгуырæн дзыллæйы хорзæх, уый уарзæгой ахаст «удæгас» ахорæнтæй нывгонд дунембарынадмæ. Æмдугонтæй фидæны фæлтæртæм хæссы хæххон дымгæйы уддзæф, быдираг дидинджыты сыр-сыр, цардыл философон хъуыдытæ, æмæ сыл уымæй тауы Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад. Æнтысæд ын уæдæ дарддæр дæр, цæмæй йемæ иумæ арæхдæр æфтæм кæттагмæ хаст Дæргъæвс, Цымыти, Хъæрмæдон, Хъобан, Лæц, бирæ æндæр, нæ сабидуг æмæ æвзонгдзинад, бæллицтæ æмæ тырнæнтæ кæм «цæрынц», Ирыстоны ахæм бынæттæм.

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

ХУЫГАТЫ Сергей

# ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР

*Мысинæгтæ*

Ницæмæй никæй хуызæн уыди Алыксандр, стæй йæ цыма фæндгæ дæр нæ кодта, истæмæй искæй хуызæн уа, уый. Нæ, фæлæ цыма тæрсгæ дæр кодта, истæмæй искæй хуызæн куы фæзына искæмæ. Мæнæ литературæйы бакаст æмæ мидис кæрæдзийыл бастæй куыд æвдыстой, афтæ баст уыдысты Алыксандрæн дæр йе 'ддаг бакаст æмæ йæ удыхъæд. Чи зоны, алкæмæн дæр афтæ вæййы, чи зоны, уый æрдзы фæтк у. Фæлæ уæддæр Алыксандрæн цыма æмхæстдæр уыдысты йæ бакаст æмæ йæ удыхъæд.

Фысджытæй мæнæ-мæнæ хæстæг никæимæ уыд. Бекмæрзты Афонимæ-иу арæх рацу-бацу кодта, фæлæ йын, мæнмæ гæсгæ, йæ зæрдæйы дзуринæгтæ дзурыныл никуы схæцыд. Цы йын дзырдта, уыдон æнæуи истытæ уыдысты, афтæ хиирхæфсæн истытæ. Афтæ мæм кæсы. Тетцойты Таймуразимæ хæлар уыдысты, æцæг хæлар. Мæнмæ гæсгæ, Мæскуыйы бахæлар сты. Таймураз Литературон институт куы фæци, уæд къорд азы уым баззади. Алыксандр та ахуыр кодта уæд уым. Цæргæ Переделкинойы кодтой сæ дыууæ дæр: Алыксандр институты æмдзæрæны, Таймураз – фатеры.

Цæргæ иу хъæдын хæдзары кодтой Тетцойтæ, уырыссаг тымбыл хъæдтæй арæзт къултæ йын нæ уыди, фæлæ тæнæг фæйнæджытæй, мæнæ кæрты къуымы уæгъд дзаумæттæ æфснайынæн цы мæнгагъуыстгонд вæййы, ахæмы. Хъарм æй электрон пецтæй кодтой, кæд ма исты зонын, уæд. Станцæйæ æмдзæрæнмæ фæндагыл уыд уыцы хæдзар, æмæ-иу Алыксандр фездæхти искæдæй-искæдмæ Таймуразтæм. Уæд зымæгон уыд, æмæ-иу хæдзары хицау, æхсæв цы мит рауарыд, уый райсом кæрты астæумæ батымбыл кодта. Уыцы изæр Тетцойтæ бынаты нæ разындысты, æмæ Алыксандр, йæ дзыппы цы арахъхъы авг рахаста горæтæй, уый уыцы миты æртъыста. Мæй рацыдаид кæнæ фылдæр, æмæ та иуизæр Тетцойтыл ракодта йæ фæндаг. Дуарæй бакаст – уæртæ бадынц цалдæрæй фынгыл. Фездæхти фæстæмæ. Миты рагъ бæрæг фæтъæпæн и, уалдзæджы риф ыл сæмбæлд. Алыксандр иу ран æртыссы йæ цонг – ницы, иннæ ран æртъыссы – уым дæр нæй. Уæдæ цы фæуыдаид уыцы авг? Уæдмæ, мидæгæй чи уыд, уыдон ракастысты – цы фæци Алыксандр?! Цы агуырдта, уый сын куы бамбарын

кодта, уæд фыццаг худгæ фæкодтой, стæй февнæлдтой миты обаумæ, æмæ авг рахауди кæцæйдæр.

Алчи, æвæццæгæн, афтæ нæ бакодтаид: авг у, ахæсс æй æмæ йæ æмдзæрæны искæимæ бануаз! Æмдзæрæны дæ уыйас дæр хъæуæд æмбæлттæ! Фæлæ – нæ! Миты уал æй нытътъысса, æмæ уал уым лæууæд.

Ардæм куы ссыдысты, уæд дæр дзæбæх цардысты – кæрæдзийæн аргъ кодтой. Алыксандр Таймуразы тынг нымадта, куыд поэт, афтæ. Мæ зæрдыл хорз лæууы, иухатт ын йæ къухфыст куы цæттæ кодта мыхуырмæ, уæд куыд загъта, уый: «Кæдæй-уæдæй ма æцæг æмдзæвгæтæ фæкастæн».

Уый фæстæдæр уыди, дыгуронау чингуытæ уадзын куы байдыдтам, уæд. Уый размæ, иу-фынддæс азы бæрц, дыгурон чиныг нал рацыд нæ чиныгуадзæны. Иумæйаг литературон æвзаг, дам, аразæм – афтæ бауынаффæ кодтой нæ тæрхоны лæгтæ, цыма афтæ æнцон ацаразæн у иумæйаг литературон æвзаг! Таймураз нæ куысты лæуд уыд, нал гонорары тæпп иста æмæ, куыд фæзæгъынц, ихсыд къуымты æрвыста йæ бонтæ. Йæ бинойнаг Чырыстонхъæуы ахуыргæнæгæй куыста, æмæ-иу ын уый цы фæхай кодта йæ мыздæй, уымæй цард.

Уæд-иу æм Алыксандр арæх бауад – цæргæ æввахс кодта, Советты уынг чи уыд, уым. Раздæр уыцы фатеры Хъазыбегты Хъазыбег царди. Æз-иу сæм уыдтæн – Хъазыбег мæ ахуыргæнæг уыд институты, нодзы нæ литературон къордæн разамынд лæвæрдта, æз та иурæстæг йæ сæрдар уыдтæн нæ къордæн. Æмæ-иу сæм бауадтæн. Хъазыбегтæн дзы иу стыр уат уыди, фæлæ ма Таймуразмæ, йæ фарсмæ цы гыццыл уат уыд стыр уатæн, уый дæр æрхауди. Мах дæр-иу æм бауадыстæм, бадгæ дæр-иу дзы акодтам, немæ-иу цы бадавтам, уыдоныл. Алыксандр – арæхдæр! Атезгъо-иу кодтой, стæй-иу æй хæрæндонмæ дæр бадавта. Алыксандр-иу йæ дзæбæх зæрдæйыл куы уыди, уæд-иу æй фæзмгæ дæр ракодта – фыдæнæнгæнæгау нæ, афтæ худыны тыххæй. Æмæ, дам-иу загътаид Таймураз:

– Ныр Чырыстонхъæумæ куы ныууаин æмæ иу четверт арахъхъ куы схæссин, уæд æвзæр уаид?

Йæ фарст афтæ амыдта: ныууаин бæргæ, фæлæ фæндаггаг нæй, æмæ…

Алыксандр-иу ын дзуапп радта:

– Нæ уаид æппындæр æвзæр, – йæхæдæг-иу йæ дзыппытыл зилын байдыдта, кæд сæ исты и, уæд сæ бамбырд кæна – Таймуразæн фæндаггаг.

Уыцы изæр сæм куы фездæхт, уæд сæм дыууæ лæппуйы баййæфта. Иу ныллæг стъолмæ багуыбыр сты æмæ шахмæттæй хъазыдысты.

Таймураз сæ уæлхъус лæууыд æмæ сæм касти. Алыксандр дæр чысыл алæууыд Таймуразы фарсмæ, стæй йæм бадзырдта:

– Цом, мах уынджы азилæм.

Таймураз бакаст Алыксандрмæ, бадзырдта йæм:

– Мæнæ Нуриман.

Алыксандр йæ хъустæ фæхъил кодта: нурыимæ, дам, нурыимæ, нæ? Æмæ нурыимæ… Нурыимæ уæд стуры сæр уыдзæн. Уæдæ æндæр цы?! Æвæццæгæн, фыцы кæмдæр, æмæ уал сæхи ирхæфсынц, цалынмæ уый фыца, уæдмæ. Æмæ йæ уæд ацы лæпputæ балхæдтой, æвæццæгæн. Адон дзæбæх лæппутæ ма уой! Уæд сæм арахъхъ дæр ис. Ай хуызæн лæппутæн арахъхъ дæр цы самал кæнын хъæуы?! Арахъхъ дæр рахастаиккой, уым дзæбæх арахъхъ кæнынц, хоры арахъхъ. Бахъарм æй хъæудзæни, хъармæй… Уыцы афон, лæппутæй йæ чъылдым Алыксандры ‘рдæм кæмæн уыд, уый бæх бæрзонд систа æмæ йæ шахмæтты фæйнæгыл æркъæрцц кодта.

– Мат дын, Нуриман!

Æмæ ныккалдысты уыцы дзæбæх нывтæ кæрæдзийыл, æрдæбонсарæй цы адджын нывтæ фæцамадта йæ разы, уыдон. Афтæ ныккалдысты, æмæ сæ гыбар-гыбур ссыди кæмдæр йæ зæрдæйы бын.

Ацы хабар мын Алыксандр йæхæдæг ракодта. Уый раджы уыд, æмæ ма æз бæргæ архайдтон, кæд уыди, уый æрбаввахсдæр кæнынкыл, Алыксандр цы хъуыды кодта уæд, уыдон дзæбæхдæр равдисынил, фæлæ уый зын уыди, тынг зын. Алыксандр дæ цуры цы хъуыды кодта, ууыл дæр æнцон нæ уыд, фæхæст ыл уай, уый. Стæй йæ хъуыдытæ дæр æндæрхуызон уыдысты. Æндæрхуызон цы вæййы, ууыл та зын бауæндæн у. Æз уый зæгъынмæ хъавын, æмæ адæмæн сæ фылдæр афтæ загътаиккой, уый та афтæ нæ загъта, адæм цы дзурынц, ууыл цыма æвввæрсгæ нæ кодта. Фæлтау гуымиры дæр рауадаид йæ ныхас, фæлæ æндæрхуызон уæд. Æмæ уый йæхицæй аразгæ нæ уыди, уый йе сконд афтæ уыд, йæ удыхъæд уыди афтæ.

Хæдзары æхсыры хæринæгтæ кодтой фылдæр, æвæццæгæн, мад рынчын хаста, æмæ мадæн иу хæринаг, иннæтæн æндæр хæринаг, – уыйбæрц гæнæнтæ кæм уыди ахæм æнæфсин хæдзары! Æмæ-иу Алыксандр боныцъæхтыл райхъал æмæ – дуканимæ, кæд рады дзæбæх бынат æрцахсид! Фæлæ уæд дуканийы кусджытæм фæзынд ахæм фæтк: машинæйæ æхсыры бидонтæ исынмæ чи фæкæса, уымæн – æхсыр æнæ радæй.

Æмæ ма Алыксандры цы хъуыд! Уыцы бæрзонд, уыцы саджил лæгиу сгæпп кодта машинæйы гуыффæмæ æмæ-иу уырдыгæй дзаг бидонтæ лæвæрдта уырдыгмæ. Афтæмæй фæуæлмартæн и лæг. Æмæ зæронды

бонмæ бæстытæй фæхаста йæ артæнтæ. Уæд æй тыхконд бакодтой йæхиуæттæ рынчындонмæ. Тыхконд уымæн, æмæ йæхæдæг нæ бацыдаид. Ома тæрсгæ кодта операцийæ æмæ уый тыххæй æдзæугæ уыд? Нæ, æппындæр нæ тарсти операцийæ, стæй тæрсаг лæг нæ уыди. Афтæ, нæ цыди дохтыртæм, нæ цыди, æмæ фæци! Чи зоны, йæхимидæг абон-асом кодта. Чи зоны, нæ кодта. Чи зоны, хъуыды дæр никуы акодта, йæ тæн скъуыд кæй у, ууыл. Зæгъгæ йæ никуы никæмæн кодта. Йе 'фсымæртæ йæ зыдтой, æвæццæгæн, фæлæ йæ махæй ничи зыдта. Æнæуи дæр цæуаг нæ уыди дохтыртæм. Æз уый нæ хъуыды кæнын, æмæ уыцы бирæ азты, иумæ кусгæйæ, Алыксандр фæрынчын æмæ уый тыххæй куысты нæ уыди.

Уый дæр нæ хъуыды кæнын, æмæ искуы ног дзаума балхæна, скæна йæ æмæ афтæмæй æрбацæуа куыстмæ. Уæддæр кæддæр-кæддæр дзабыртæ балхæдта. Хъуыддаг афтæ уыди, æмæ уыцы дзабыртæ чидæр балхæдта радиойы кусджытæй йæхицæн. Æгæр стыртæ йын рауадысты, æмæ сæ уæй кæнынnetwork нылл æууыд. Æмæ йын уæд чидæр Алыксандры бацамыдта. Алыксандр сæ æнæ уæлдай ныхасæй балхæдта. Уæй йын сæ кодта, йæхæдæг сæ æрбахаста, æмæ сæ куыд нæ хъуамæ балхæдтаид?! Дзабыртæ хæрзхъæд нæ разындысты. Сæ уæфстæ, мæнæ кожпропит кæй хуыдтой, уымæй уыдысты æмæ асастысты сæ тæккæ астæутыл. Ноджы – бырынгъæд. Уæддæр сæ дардта, дардта сæ æмæ тухæнæй мард. Асфальтыл-иу мит куы 'рхæцыд, уæд, куы фæбыра æмæ куы ахауа, уый адæргæй-иу йæ къухтыл уæлæмæ схæцыд, æмæ, цыма ахст уыд æмæ йæ кæдæмдæр фæцæйкодтой, уый цыд-иу сцæйкодта бульвары уæлæмæ.

Уæд та йæм исчи куы 'рбахастаид æндæр дзабыртæ, уæд та сæ балхæдтаид, фæлæ дуканимæ бацæуа æмæ йæ цы хуызæттæ хъæуы, ахæмтæ равзара, уыцы зæрдæ йæм нæ уыд. Цæуылнæ йæм уыд уыцы зæрдæ, ацу æмæ йæ ды базон! Йæ сæрыл зымæгон худ никуы ныккодта – сæрдæй-зымæгæй дардта æлхæнгæ фæсмын теглахуд, стæй цыма уыцы иу худ дардта, иумæ куы куыстам, уыцы азты, цыдæриддæр уыди – æз ын æндæр худ никуы федтон йæ сæрыл. Зымæг-иу йæ уæлæ уыд, хæдзары кæй сбыдæуыд, ахæм бæзджын къуымбил хæдон. Сæрд – чырынтæ хæдон, чъизихуыз чи уыдаид, ахæм. Галстук никуы бабаста йæ хæдоны хъуырыл. Цыбырдыс хæдон нæ дардта. Уый, æвæццæгæн, йæ цæнгтæ сахъат кæй уыдысты, уымæн афтæ уыди. Йæ рæмбыныкъæдзтæ кæнæ дæлдæр уыдысты гыццыл, кæнæ – уæлдæр. Хæстмæ дæр æй, куыд хъуыстон, афтæмæй, уымæн нæ акодтой. Æмæ, хæсты кæй нæ уыд, уый-иу ын исчи йæ цæстмæ куы бадардта, уæд-иу йæ маст уромын нал фæрæзта. Ноджы дзы афтæ дзурджытæ дæр уыд, цыма сын немыц сæ хъæу куы бацахстой,

уæд æй сæхицæн донласæгæй баурæдтой. Æмæ-иу уыцы койтæй йæ хъустыл исты куы ‘рцыди, уæд-иу бынтон нал ауæрста йæ маст скалыныл, æлгъитын-иу байдыдта – амæй-ай хъæууон карз æлгъыстытæ, – æмæ-иу ын бауромæн нал уыд. Афтæмæй дзы уадиссагæй ницы уыди, кæд ласта дон, уæддæр: куыд ныллæууыдаид немыцы æфсады ныхмæ, Уырысы æфсад сæ куынæ урæдтой?! Нæ бакастаид сæ коммæ, æмæ йæ æрбамардтаиккой. Уыдонæй ницы фæхъуыдаид, махæй – уый хуызæн поэт.

Йæ тыл лæгуын уыд, уынгæ йын æй никуы фæкодтон, æмæ йын æй чи кæд федта?! Фæлæ зонгæ кодтой: лæгуын у йæ сæр. Йæ фæсхъустæм цы хил зад, уый даргъ рауагъта, æмæ йæ йæ сæрыл æрбатыхта. Мæ зæрдæ мæм цы дзуры, уымæй Алыксандр тынг тарсти, йæ сæр лæгуын кæй у, уый йын исчи куы базона. Иухатт стыр чиныгдоны литературон изæр уыд. Алыксандр дæр дзы касти æмдзæвгæтæ. Æнæуи цæуаг нæ уыд ахæм изæртæм, уæд куыд ацыд, ууыл дæр дис кодтон æз. Бакасти æмдзæвгæтæ, уæдæ цы уыдаид. Асиныл куы ‘рцæйхызти, уæд къæпхæныл раст нæ фæлæууыди æмæ йæхи ахаста размæ. Фæлæ диссаг уый уыд, æмæ, чи фæцæйхауы, уый йæ къухтæ размæ ахæссы, цæмæй йæхи ма ныццæва, уый та йæ сæрмæ фæлæбурдта – сæры лæгуын макуыцæй фæзынæд, æнæуи цыфæнды уæд!

Адæмæн сæ хъæрхæнцъа нал æнцад, æмæ сæм Малиты Васо æрдзырдта сценæйæ – уæд Фысджыты цæдисы сæрдар уыд. Изæрæн дæр разамынд уый лæвæрдта. Æмæ сæм уырыссагау æрдзырдта хъазгæмхасæнты:

– Не беспокойтесь, товарищи! Александр не упал. Настоящие поэты не падают.

Уæд Валодяйæн бинонты кой кодтой. Сæхи хъæуккаг чызгыл бафидыдтой. Телерадиойы сæрдар сын автобусæй ныфс бавæрдта, æмæ мæм Алыксандр бахатыд:

– Ныр уыцы автобусæй бæрæг куы базониккам! Райсоммæ бирæ нал и æмæ. Æз дзы никæй зонын æмæ… Ды сæ куыд нæ зондзынæ? Ды, уый гæнæн нæй, æмæ (æз чиныгуадзæнмæ телеуынæнæй æрцыдтæн) мемæ куы рацæуис?

Ацыдтæн. Гаражы хицау нын загъта, райсом уал æмæ уал сахатыл автобус уым уыдзæн. Æмæ раздæхтыстæм.

– Хорз хъуыддаг сарæзтам æз æмæ ды. Æмæ йæ ныр дзыццайæн дæр куы фехъусын кæниккам, уæд хорз нæ уаид? Æмæ-ма цом, кæддæра… Алыксандр уæд Куйбышевы уынгыл цард, стыр базары бахизæны ныхмæ. Агъниан, сæ мад, æддаг уаты йæ сынтæгыл бадæгау кодта. Æнахуыр

фæлурс уыди, цыма дзы туг æппындæр нал уыди, кæнæ та цыма мыдадзæй арæзт уыди. Бацин кодта зæрдиагæй, автобус кæй уыдзæни, ууыл.

– Æмæ ныр Сергеимæ фæйнæ куы ануазиккам, уæд куыд уаид? Сергей нын хорзы бацыди.

– Ануазут, ануазут, – загъта æнæ къулымпыйæ Агъниан.

– Уæдæ хорз, – хъæрæй загъта Алыксандр. Æмæ мах хæринаггæнæнмæ рацыдыстæм. Алыксандр хъайла кæнын райдыдта. Йæ иу къухæй-иу айк систа къусæй æмæ, йе ‘ннæ къухæй цы тъæпæн кружкæйыл хæцыд, уый былыл-иу æй æрцавта æмæ-иу загъта:

– Оппæ!

Айкæн-иу йæ иу æрдæг кружкæмæ ныккалд, йæ иннæ æрдæг Алыксандры къæхты бынмæ. Мæнæн мæ къухтæ фестъæлф-фестъæлф кæнын райдыдтой уыцы æнарæхст архайдмæ. Бæргæ райстаин уыцы куыст мæхимæ, фæлæ йæм алцæмæй афтæ нæ уæндыдтæн: хаттиу, æппындæр мæстиагæй кæм ницы уыдаид, уым дæр фæмæсты. Гом дуарæй-иу бакастæн Агънианмæ – уый нæ уыны Алыксандры? Уымæн йæ цæстытæ уыдисты цъынд, æмæ мæм афтæ зынди, цыма кувгæ кодта. Æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыд Агъниааны фыстытæй иу гыццыл хабар – æвæццæгæн, æйчытæ кæй саста Алыксандр, уымæн



Алыксандр йæ мад Агънианимæ

ӕрлӕууыд мӕ зӕрдыл. Цӕвиттон, иу хӕдзары уыди ӕртӕ лӕппуйы. Лӕппутӕй дыууӕ лӕгӕн йӕ фыццаг усӕй уыдысты, иннӕ лӕппуйы та йемӕ ӕрхаста йӕ дыккаг ус. Ныр-иу лӕг куыстмӕ куы ацыди, уӕд-иу ус дыууӕ айчы сфыхта ӕмӕ-иу сӕ лӕджы дыууӕ лӕппуйӕн радта – фӕйнӕ айчы. Стӕй-иу йӕхи бакъултӕ кодта:

– Акӕсут-ма, сымах цас фылдӕр уарзын! Сымахӕн фӕйнӕ айчы радтон, мӕхи лӕппуйы та ӕххормагӕй ныууагътон. Ныр ын сымах фӕтӕригъӕд кӕнут ӕмӕ йын фӕйнӕ айчы ӕрдӕджы авӕрут.

Цас хин ӕмӕ кӕлӕн уыди уыцы сылгоймаджы ӕрхъуыдыйы! Афтӕмӕй йӕм ӕдде бакӕсгӕйӕ азым бадарӕн дӕр зын уыди.

Бирӕ ахӕм дзӕбӕх хабӕрттӕ фӕфыстой лӕппутӕ Агъниаты ныхӕстӕй. Йӕхӕдӕг, ӕвӕццӕгӕн, фыссын нӕ зыдта, кӕнӕ, чи зоны, зыдта, фӕлӕ, рынчын кӕй уыд, уый ахходӕй йӕ бон нӕ уыд фыссын. Ӕмӕ йын сӕ фыстой – Алыксандр дӕр сӕ фыста, Валодя дӕр, Таймураз дӕр. Бирӕ уыдысты. Уартӕ дзы, Хуссары сывӕллӕтты дунемӕ ӕввахсдӕр чи уыд, уыдонӕй рауагътой чиныг.

Малиты Васо нӕ редакцийы хицау уыд. Тынг нымадта Алыксандры. Йӕ къухфыст-иу ын пъланмӕ куы хастой ӕмӕ-иу йӕ ныхмӕ дзурджытӕ куы уыд, уӕд-иу хъӕрӕй дзырдта Васо – мӕнмӕ гӕсгӕ-иу ӕгӕр хъӕрӕй дӕр дзырдта:

– Алыксандр удӕгас классик у!

Ӕнӕуи дӕр тынг архайдта, цӕмӕй махмӕ ӕрбаввахсдӕр уа, ууыл: тӕригъӕд ын кодта, иппӕрд кӕй уыди, уый тыххӕй. Ӕмӕ-иу исты рог бадт ацарӕзтаид куысты бынат фӕскуыст. Алыксандр йӕхи иуварс ласта уыцы абӕдтытӕй, ӕмӕ уӕд Васо цы ӕрхъуыды кодта. Фӕскуыст-иу загътаид:

– Цӕй ӕмӕ хӕлттӕ сӕппарӕм, кӕй хал схауа, уый нӕ фӕхынцӕд.

Стӕй ӕртӕ гӕххӕттыл дӕр афыстаид Алыксандры ном, ӕмӕ йын хӕлттӕ йӕхицӕн сисын кодтаид, куыд хистӕр, афтӕ. Ӕмӕ-иу, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, йӕхи ном систа. Абон дӕр ма фӕхудын уыцы хъуыддагыл. Уӕдӕ-иу алы хатт йӕхи ном куы иста, уӕд афтӕ куыд никуы фӕгурысхо, махӕй куыд никӕй ном исы? Нӕй, гуырысхойӕн дзы йӕ кой дӕр нӕ уыд. Систа-иу йӕ ном ӕмӕ-иу цӕуыныл фӕци. Куйбышевы уынджы стыр банчы ныхмӕ цы дукани-хӕрӕндон уыд, уым уӕй кодтой болгайраг коньяк цыдӕр тымбыл авджы, гогызы фыд дӕр-иу дзы арӕх уыд. Ӕмӕ-иу Алыксандр араст и уырдӕм. Махӕй исчи куыд нӕ ауадаид йӕ бӕсты, хӕрдзтӕ дӕр куыд нӕ райстаиккам нӕхимӕ. Фӕлӕ, уыдӕттӕ йӕ зӕрдӕмӕ куынӕ фӕцӕуой, уымӕй ӕдас нӕ уыдыстӕм.

Уыцы райсом æй куысты баййæфтон. Васо уым нæма уыд. Æнæуи дæр раджы цæуаг уыди куыстмæ. Хæдзарæй-иу раджы рацыди, уæлдайдæр сæрдыгон. Куйбышевы уынгыл-иу æрбацыд, уым уæлæмæ фæзилæны уыди хæрæндон. Уым-иу тæбæгъырдæг борщ райста дзулы къæбæримæ – уый йæ аходæн. Уырдыгæй бульвары – уæлæмæ (уæд чиныгуадзæн Профцæдисты хæдзары уыди).

Ацы хабæрттæ уыцы бæстæтты уымæн фыссын, æмæ мын цыма сæхи фыссын кæнынц. Мидæмæ-иу куы бахызтаид нæ кусæн бынатмæ, уæд-иу йæ къæхтæ фæрсæй-фæрстæм авæрдтаид æмæ загътаид, æнæмæнг загътаид: «Оппæ!»

Æз-иу дис кодтон: цымæ ныр махæй куы никæй баййафы куысты, уæд дæр фæзæгъы «оппæ»? Æмæ уæд та куыд фæзæгъы æмæ кæмæн фæзæгъы «оппæ»? Æмæ, кæд нæ фæзæгъы «оппæ», уæд цы фæзæгъы? Мацы зæгъа, уый гæнæн нæй. Уæдæ куы бахиза мидæмæ æмæ йæ къæхтæ уыцы æмыр æвæрд куы акæна фæрсæй-фæрстæм, уæд мацы зæгъа, уый гæнæн куыд и?! Хъуыдытæ кодтон æмæ кодтон. Стæй дын уалынмæ мах дæр – æз дæр æмæ Васо дæр – куы райдаиккам дзурын уыцы «оппæ»! Чи-иу нæ бахызтаид мидæмæ, уый-иу саламы ныхас дæр нæма загъта, афтæмæй-иу йæ «оппæ» фæцыди. Уый нæм исдуг йæ хъус не ‘рдардта. Стæй ныл йæ цæстытæ разил-базил кæнын байдыдта: хъыг ын уыд, тынг хъыг, мах «оппæ» дзурын кæй байдыдтам, уый. Стгæ дæр-иу скодта йæ бынатæй, стъолты астæу ма цы афтид гæппæл уыд, уый бæрæгастæу-иу лæууыди. Æвæццæгæн-иу хъуыды кодта: уыцы дзырдæн дзурæн нал и, иугæр æй мах дæр дзурæм, уæд!

«Оппæ» ма дзура, уый гæнæн нал и, æндæр дзырд хъæуы, фæлæ кæм и ахæм дзырд, æмæ, къæсæры сæрты æрбахизгæйæ, «оппæ»-йы хуызæн чи сфидауа?! Æмæ йæ бон нæ баци йæ аивын, æцæг æй бирæон нымæцы байдыдта дзурын – «оппытæ!»

Мæ ныхас, цыма хъазгæ кæнын, афтæ цæуы, фæлæ хъазгæ нæ кæнын – бынтондæр нæ уарзта, нæ уарзта нæ, фæлæ нæ фæрæзта, уый цы дзуры, уый ма æндæр исчи дæр дзура! Йæхæдæг йæ цæргæ-цæрæнбонты дæр никуы никæй бафæзмыдта – нæдæр искæй ныхас загъта, нæдæр, исчи куыд кодта, афтæ бакодта.

Уыцы райсом æй куысты баййæфтон. Бадти йæ бынаты. Йæ тылы уæлæ йæ сау сæрыхил лæууыд тымбыл тыхтæй æмæ сау тæмæнтæ калдта. Йæ фындз, уыцы цæхгæр æртæтигъон фындз, ракæнонхуыз æвдыста. Йæ цæстытæ, йæ комкоммæ цы къул уыд, уымæ ныццарæзта,

æмæ мæм афтæ зынд, цыма, уым къул чи сарæзта, уымæ мæсты кодта – цæмæн дзы хъуыди къул?!

Æз бадтæн æмæ мæ куыст кодтон, фæлæ-иу уымæ дæр куыннæ бакастаин мæ цæсты кæронæй. Æмæ, цыдæр кæны, уый равзæрстон, фæлæ, цы кæны, – ацу æмæ йæ базон! Æмæ дын уæд куы райхъуысид йæ ныхас, мæстæй къæс-къæс кодта, афтæмæй:

– Æмæ мæ цæмæн хъуыди?! Æмæ æз уарзгæ дæр куынæ кæнын фысы фыд. Стæй фысы фыд игæрæн чушкайы фыдæй æвзæрдæр куы у. Æмæ мæнæн мæ игæр… – дзырдта хъæрæй, афтæмæй мæнæн нæ дзырдта – æз уым дæн-нæ дæн, уый йæм, мæнмæ гæсгæ, нымады дæр нæ уыди. Æнæуи дзырдта, йæ маст æй нæ уагъта æнæ дзургæ. Иу хатт ме ‘рдæм æрбакасти, федтаид мæ, куыд нæ мæ федтаид! Фæлæ мæ цыма нæ федта, афтæ азылдта йæ цæстытæ æмæ та сæ уыцы къулмæ сарæзта. – Кæдæм сæ калдта уыцы тæбæгъыл, зынгæ дæр куы нæуал фæкодта тæбæгъ, уæд?! Уыцы дзæбæх дæргъæццон тæбæгъ, æмæ йыл уыцы ставд фæрæтдзæф хæйттæ ныккалдта.

Æмæ гыццылгай мæ хъуыдымæ цæуын байдыдта – æвæццæгæн, куывды хабæрттæ кæны. Нæ экономист-чызгæн фатер радтой, æмæ фæхуыдта кусджыты. Æз дзы нæ уыдтæн, æз хъæумæ цыд фæдæн.

Уый мæм комкоммæ æрбакаст æмæ мæм æрбадзырдта, цыма кæмæндæр цæмæйдæр тæригъæд кодта, ахæм хъæлæсæй:

– Уыцы лæгъз карст уыдысты, фæлтæргай æвæрд уыцы дæргъæццон тæбæгъты мидæг, сис уыцы тæбæгъæй уыцы лæгъзкарст дзидза, ахæр æй, стæй йæ аууил, аууил æмæ йæ аныхъуыр. Æмæ йæ кой дæр нал фæзынд уыцы дæргъæццон тæбæгъæн – фысы фыды бын фæци.

Уым фæйнæрдæм цыдæр знæт кæстытæ акодта, æмæ мæм Дантейы хуызæн фæкасти. Арæх-иу мæм фæкасти Дантейы хуызæн, мæсты-иу куы уыди, уæд. Дантейы хуызæн, зæгъын, Дантейæн йæ чиныджы цы ныв федтон, уый хуызæн. Æмæ-иу æм уæд бакæс-бакæс байдыдтон: цыдæр, цыдæр уыди йæ бакасты ахæмæй, æви мæнмæ афтæ касти? Æмæ мæм афтæ кæй касти, уый дæр хъуыдыйаг цæуылнæ уыди?! Стæй йæ финдз, уыцы æртæкъуымоны хуызæн уыцы дæргъæццон цæсгомы астæу йæхи радардта размæ. Ноджы йæ роцъо, дзæбæх фидар роцъо, цыма афтæ дзырдта: æз, æвæдза… Æз сæтгæ дæр ницæмæн бакæндзынæн, йæ коммæ дæр никæмæн бакæсдзынæн. Æз афтæ... Дантейæн йæ сæрыл цыма дидинæг хъамбыд уыд уыцы нывы. Афтæ йæ бахъуыды кодтон. Алыксандрæн та йæхи сæрыхил уыди хъамбыды

хуызæн тыхт йæ сæрыл. Хъамбыдæй ноджы бæстондæр тыхт. Уыдысты, уыдысты цæмæйдæр æмхуызон. Æниу, чи зоны, нæ уыдысты, чи зоны, мæнмæ афтæ касти. Цы нæ вæййы!

Уыцы райсом та йæ йæ дзæбæх зæрдæйыл баййæфтон. Сабат бон уыди, æмæ цы «субботниктæ» кодтой уæд, ахæм «субботник» нæм уыд. Мах-иу «субботникты» дæр нæхи куыст кодтам. Алыксандр бадти æмæ, йе стъолыл цы цалдæр сабæлуты дардта, уыдонæй иуы бургъæд буармæ хилдасæны тæнæг фындзæй нывнал-нывнал кодта. Уымæй-иу йæхи ирхæфста. Æмæ сыл цынæ фыст æмæ цынæ ныв федтаид лæг уыцы сабæлуты уæлæ! Æнæуи хорз арæхсти ныв кæнынмæ. Кърандасы бырынкъæй йе та пъеройы фындзæй-иу хыртт-хыртт кодтаид гæххæтт, стæй-иу дзы кæнæ адæймаджы цæсгом разынд, кæнæ исты цæрæгой, кæнæ та æнæуи исты ныв.

Иу ахæм бон нæм Камал бауади куыстмæ. Алыксандр та уæд дæр хыртт-хыртт кодта гæххæтты гæбаз. Стæй дзуры Камалмæ:

– Мæнæ мæ гæххæттæй цыма цыдæр зонгæ цæсгом разынд. Фæлæ чи уа? Æркæс-ма йæм, ды йæ, чи зоны…

Камал æркаст гæххæтты гæппæлмæ æмæ хъæрæй ныххудти.

– Уый мах Дзаххотт куы у!

Дзаххотт йæ фыдыфсымæр уыди Камалæн. Журналист уыди, хæсты размæ йын йæ фельетонтæ хæлæфæй кастысты адæм.

Ныр гæххæттыл нæ ныв кодта, сабæлуты фарсмæ нывнал-нывнал кодта хилдасæны фындзæй. Афтæ йæм нывнал-нывнал кодта, цыма йын æндæр куыст ницыуал уыди. Цыма йын фæдзæхсгæ бачынди, ныууадз дæ иннæ куыстытæ, цыдæриддæр сты æмæ сабæлутмæ сараз, цы дæ бон у, уый.

Æз кæйдæр къухфыст райстон, рафæлдæхтон æй æмæ редакци кæнын байдыдтон. Уый дæр-иу мæм йæ цæсты кæронæй æрбакаст, æмæ йæ афтæ æмбæрстон, цыма йæ нæ фæндыд, редакци кæнын кæй райдыдтон, уый. Стæй уый дæр ныууагъта сабæлутимæ архайын æмæ цыдæр къухфыст æрбайста стъолы кæронæй йæ размæ. Фæлæ йæм кусыны зæрдæ нæ уыд, æмæ йæ бамбæрстон: дысон кæмдæр фынгмæ бафтыд ацы лæг.

Абадт-иу, афæлдæхтытæ-иу кодта къухфыст, йæ ручкæйы фындз дæр-иу æм ныххаста, стæй-иу æй ныууагъта. Сыстад-иу, рацу-бацу дæр-иу акодта, лæугæ дæр-иу акодта рудзынджы раз. Йæ лæуд мæ зæрдæмæ нæ цыди – уыцы бæрзондæй кæм размæ фæтасæгау кодта, кæм – фæстæмæ. Бадгæйæ хуыздæр фидыдта. Сихормæ æввахс мæм – махæн нæ «субботник»-ы æмгъуыд сихормæ уыд – æрбадзырдта:

– Ныр, æвæдза, æз æмæ дæуæн иу авг хорз уаид, – афтæ мæм æрбадзырдта, цыма дысон дæр иумæ бадтыстæм фынгыл кæмдæр. – Иу авг, уый…

Æз ын йæ ныхас фехъуыстон, фæлæ йæм мæ хъус не 'рдардтон. Мæхицæн мæ куысты кой кодтон. Æнæуи йæ æмбæрстон – цыдæр сфæнд кодта æмæ йæ куынæ стынг кæнид!

– Иу авг… дыууæйæн… Дыууæйæн, куыд хъæуы, афтæ у.

Æмæ йæм бадзырдтон уæд:

– Мæнæн ницы гæнæн и, мæн не 'вдæлы.

Уый мæм фездæхти, цыма йемæ сразы дæн, уый здæхт мæм фæкодта:

– Афтæ нæу?!

– Мæнæн гæнæн нæй. Мæн тагъд кæнын хъæуы хæдзармæ, – загътон æз фидарæй. Уæдæ мыл цы бафтыди? Иу авг, дам, дыууæйæн, дам.

Æз æрсабыр дæн. Уæдæ йæм цытæ бадзырдтон, уый фæстæ ма мæм кæдæм дзурдзæн?! Уый дæр фæсабыр, фæлæ бирæ нæ ахаста йæ сабыр.

– Дæлæ йæ Сергейы дуканийы балхæндзыстæм (Сергей йæ зонгæ дуканигæс уыд, Горький æмæ Ленины дыууæ уынджы тигъыл уыд йæ дукани).

Мæнæ диссаг! Æз æм иу дзурын, уый – иннæ!

Ручкæ гæххæттыл баппæрстон.

– Сывæллæттæ иунæг сты, æнахъом сывæллæттæ!

– Æз æй мæ плащы дзыппы нывæрдзынæн. Арф дзыпп и мæ плащæн. Тынг арф. Æмæ Афицерты хæдзары дзæбæх хæринæгтæ вæййы, æмæ дзы райсдзыстæм. Æз дзы райсдзынæн.

Æз лæууыдтæн. Куыд алæууыдтæн, уый не 'рхъуыды кодтон. Æмæ йæм комкоммæ кастæн. Уый дæр лæууыд. Уый куыд слæууыд, уый дæр не 'рхъуыды кодтон.

Æмæ хъæрæй, тынг хъæрæй загътон:

– Мæнæн гæнæн нæй. Нæй мын гæнæн!

Уый йæ цонг фæхъил кодта, цыма йын æхсаргард уыди æмæ мыл æй æруадзынмæ хъавыд, уый хуызæн æмæ мæнæй ноджы хъæрдæрæй загъта:

– Æппындæр нæ ничи хъæуы, кæд ныл Тетцоев амбæла, æндæр. Вот так!

Уæд мæ уый мæт нæ уыди. Уыдæттæ мæ не 'ндæвтой уæд. Фæлæ уый фæстæ куы 'ркастæн, Алыксандр цы дзырдта, уымæ дæр æмæ, æз цы дзырдтон, уымæ дæр, уæд дзы цыма цыдæр сценæгонд рауади, афтæ мæм зынд, цыма сценæйы сфидыдтаид, мацы дзы аив, куыд уыди, афтæ йæ равдис, уæд.

Уæд та йæ уыцы бонты не ‘мбæлттæн радзырдтон, æмæ йыл тынг худтысты. Фæхæццæ и Алыксандрæн йæхимæ дæр, æмæ йыл бынтон худтытæ та йæхæдæг фæкодта, цыма йæхæдæг нæ кодта уыцы авджы кой, фæлæ æндæр исчи, æмæ уыцы æндæр искæуыл худти. Стæй-иу йæ дзæбæх зæрдæйыл куы уыди, уæд та-иу мæм бахатыд:

– Уыцы авджы хъуыддаг куыд уыди?.. Куы та йæ радзурис.

Æмæ та-иу æй радзырдтон, æмæ та-иу худти, цыма йæ фыццаг хатт фехъуыста, афтæ.

Æнæуи уарзта бахудын, мæнмæ афтæ зыны, æмæ-иу æм цæугæ æркодта худын, мæнæ, тамако дымæгмæ тамако дымын куыд æрцæуы, афтæ. Æмæ-иу æргом агурын байдыдта, цæуыл ахуда, ахæм исты. Æмæ-иу уæд фысджытæй искæмæ бахъавыд – кæуыл ахуда! Йæ фыссæджы курдиат æй мæнæ-мæнæ кæмæн не ‘ндæвта, уыдонæй искæмæ. Кæддæр дзы йæ разы иуы æрбадын кодта.

– Ныр цуанон куы уаис æмæ иу хъæды куы фæцæйцæуис дæ дыууæхстонимæ, афтæмæй дыл иу знæт тигр хæрхæмбæлд куы фæуаид, уæд цы ми бакæнис?

– Ныггæрах æй кæнин, – загъта уый.

– Цал гæрахы йæ ныккæнис?

– Дыууæ гæрахы. Дыууæхстон у æмæ.

Уæдмæ Алыксандр худæгæй бацъæх и, стæй, куы фæбадти йæ худт, уæд æм бадзырдта:

– Нæ, цыма дыууæ гæрахыл нæ баззаис, цыма дын фылдæр рауаиккой дæ гæрæхтæ, – æмæ та йæ ахаста йæ худыны кæл-кæл.

Мах дæр худтыстæм Васоимæ, фæлæ мах худт, куыд фæзæгъынц, йæ рыджы дæр нæ зынди Алыксандры худтæн.

Худæг ныхас хорз æмбæрста. Йæхицæй дæр-иу схауди худæг ныхæстæ. Арæх – нæ, искуы-иу хатт. Æмæ-иу афтæ зынд, цыма йын æхсызгон нæ уыд, кæй дзы сирвæзтысты уыцы ныхæстæ, уый. Æмæ йын куынæ бахудиккой йæ ныхасыл, афтæ йæ фæндыд – цыма сæ хæлæг кодта, кæй цуры сæ загъта, уыдонæн.

Уыцы райсом æй кæимæдæр бадгæ баййæфтон. Бадтысты стъолы фæйнæфарс. Алыксандр цыдæрхуызон батымбыл йæ бандоныл, лæгæн йæ артæнтæ куы риссой, уæд куыд батымбыл вæййы, афтæ. Лæг дзырдта æмæ дзырдта. Афтæ дзырдта, цыма сæрмагондæй дзурынмæ æрвыст уыди. Дзырдта иу хъæлæсы уагæй – никуыдæр уæлдæр схæцыд йæ хъæлæсыл, никуыдæр æй дæлдæр æруагъта. Дзырдта æмæ дзырдта. Афтæ иу сахат æмæ æрдæджы бæрц фæдзырдтаид мæ

цуры. Мæ размæ дæр адзырдтаид иуцасдæр, уæдæ цы кодтаид! Æмæ бадзырдтон Алыксандрмæ, лæг куы ацыд, уæд:

– Цæй дзураг лæг уыди, дæ хорзæхæй.

Алыксандр мæм иу уæззау каст æрбакодта.

– Иунæг хатт мæ схуыфын бауагъта, уый дæр кæронмæ – нæ.

Мæнмæ уый худæг фæкаст, æмæ йыл худтæн. Дзургæ дæр æй ракодтон кæмæндæрты, æмæ худтысты уыдон дæр. Хъуыды дæр-иу кодтон, Александры бынаты чи куыд загътаид не 'мбæлттæй. Æмæ дзы афтæ æрмæст цыма Алыксандр загътаид, афтæ мæм каст.

Иннæ хатт та йын йæ разы лæугæ баййæфтон иу лæджы – бæрзонд, базæрхыгарæзт лæг. Лæууыд гыццыл гуыбырæй, Алыксандрмæ йын хуыздæр кæсæн куыд уыдаид, афтæмæй. Стæй мæм афтæ дæр фæкаст, цыма рагæй лæууы, æмæ бадис кодтон, бадын æй цæуылнæ скæны Алыксандр? Йæхæдæг бады, уый лæууы йæ разы, æмæ ныхас кæнынц, фылдæр уый дзуры, лæг, фæлæ Алыксандр дæр куыд не сдзуры истытæ! Мæнмæ раст нæ фæкаст, лæг лæугæ кæй кæны, уый æмæ, кæд æдас нæ уыдтæн Алыксандрæй – хъыг ын куы уа мæ ныхас – уæддæр бадзырдтон лæгмæ:

– Бадгæ цæуылнæ скæныс, хорз лæг?

Алыксандр фыццаг мæнмæ 'рбакасти, стæй скасти лæгмæ дæр æмæ загъта:

– Бадгæ – æнæмæнг!

Афтæ дæр цыма ничи загътаид махæй, афтæ мæм зыны. Афтæ дæр æрмæст уый загътаид, Алыксандр.

Уæд нæ Ирон театрмæ ахуыдтой. Уым Хостыхъоты Зинæйы æмдзæвгæтæй спектакль сарæзтой æмæ, куыд вæййы, афтæ уал æй раздæр махæн – мыхуыры, культурæйы кусджытæн, хицауады кусджытæн равдыстаиккой. Режиссертæ, æвæццæгæн, разы уыдысты сæ куыстæй – сæ рауай-бауайыл бæрæг уыди. Сæ режиссурæ афтæ уыд: авд нæлыстæг артисты, сæ уæлæ сырх цухъхъатæ æмæ урс хъуынджын худтæ, лæууыдысты рæгъ-рæгъы. Зинæйы æмдзæвгæтæй-иу сæ исчи исты радзырдтаид, стæй та-иу исты ныв равдыстаиккой.

Хуынд адæм сценæмæ дæр куыд нæ кастысты, фæлæ сæ кæрæдзимæ дæр къаддæр нæ бакæс-бакæс кодтой. Куы фæци спектакль, уæд нæм ныххатыдысты – зæгъут, куыд уæм фæкасти? Ничи ницы дзырдта, æмæ уæд Алыксандр йæхиуыл схæцыд.

– Ныр, цымæ, уым цы авд лæджы лæууыд, уыдонæй иу куы лæууид

уым, иннæ æхсæз æндæр исты куы кусиккой, уæд хуыздæр нæ уаид? – афтæ куы загъта, уæд ма гыццыл алæууыд æмæ сбадти.

Гоголы «Ревизор»-ы цы æдзæм сценæ вæййы, уый, мæнмæ гæсгæ, фæсте аззад. Ныссабыр и театр, цыма сабырæй куыд фидауы, уый æвдыста. Мах дæр, хуынд адæм, размæ кастыстæм – кæдæм размæ, уый бæрæг нæ уыд, уыдон дæр, театры хицауад дæр, – размæ, фæлæ никæй цæстæнгас никæй цæстæнгасыл схæцыд, æвæццæгæн. Стæй ма, æвæццæгæн, дзырдтой – куыд нæ дзырдтаиккой! Фæлæ дзы æз мæ зæрдыл никæй ныхасæй ницы бадардтон. Æвæццæгæн мæм Алыксандры ныхæстæ æвваxс никæй ныхас æрбауагътой. Карз ныхас уыди, чи зоны, æгæр карз. Æмæ, чи зоны, режиссерты куысты тыххæй нæ рауад афтæ карз, чи зоны, æмдзæвгæтæ дæр се 'ппæт нæ цыдысты йæ зæрдæмæ Алыксандрæн. Йæ раныхасы тыххæй дæр хъуыды кодтон: дзураг нæ уыд, ис æмæ гæнæн уæвгæйæ, йæхиуыл никуы схæцыд исты зæгъыны охыл. Ныр схæцыд йæхиуыл, ныр загъта. Æмæ мæм ахæм хъуыды дæр æрцыди, цыма æрмæст пьесæ æвæрджыты ныхмæ нæ уыди йæ ныхас, æмдзæвгæты ныхмæ дæр – цыма театры чидæриддæр уыди, уыдонæн се 'ппæты ныхмæ дæр уыдысты уыцы цалдæр дзырды.

Ацы хабар та Валодяйæ фехъуыстон, сæхи Валодяйæ.

Иу зымæгон бон Валодя лæууыди, бульвар æмæ Куйбышевы уынгтæ кæм баиу сты, уым тигъыл цы хæринæгты дукани уыд, уый раз цыдæр лæппутæ æмæ чызджытимæ. Мит стыр тъыфылтæй уарыд, фæлмæн уарыд, уазал нæ уыд, æмæ Володя йе 'мбæлттимæ хъæлдзæг пиррычытæ кодта. Уыцы рæстæг Алыксандр та лæууыд фæзæн йæ иннæ фарс, раздæр «Универмаг» чи уыд, уæд та «Детский мир» кæй схуыдтой, уыцы агъуысты раз. Валодя йæ хъуыди цæйдæр фæдыл, фæлæ йæм уыцы стыр фæзы астæуты куыд бараст уыдаид?! Æмæ йæ цонг адаргъ кодта, Валодя кæм лæууыд йе 'мбæлттимæ, уыцырдæм: мæнæ йæм фæкæсдзæн, æмæ йæм уæд йæ амонæн æнгуылдз фæкъæдз кæндзæн. Фæлæ Валодя нæ каст æмæ нæ каст Алыксандры 'рдæм. Цонг лæууыд ивæзтæй, æмæ йыл мит уарыд æмæ уарыд. Адæм цыдысты цонджы бынты. Чи-иу сæ æнæуи ахызт, чи та-иу сæ йæ сæр фæкъул кодта.

Ныр арæхдæр афтæмæй ауайы мæ цæстытыл Алыксандр – лæууы цыртдзæвæны хуызæн, йæ цонг уартæ скæсæнырдæм даргъæй, æмæ йыл мит уары. Адæмæй иутæ, куыд сты, афтæмæй ахизынц цонджы бынты, иннæтæ, – сæ сæртæ фæкъул кæнынц, афтæмæй.

ГУСАЛТЫ Барис

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

## НЕМЫЦАГ ЛИТЕРАТУРÆ



**Герман Гессе**

Хорз фысджытыл нымад кæйдæрты дзы цалдæр ныхасы аккаг уæддæр фæкæнæм – йæ чингуытæ кæсæн дуг йæ тæккæ рæвдзæй кæмæн уа, уымæн сæ уацмыстæ – уæд та ма сæ сæйрагдæр чингуытæ – æхсызгонæй бакæсинæгтæ. Уый уын **Герман Гессе** (1872 – 1962) – фæсивæды ахсджиагдæр хъæугæ фыссæг – йæ романты бæрæгдæр дарæг темæ «уды биографи, цардвæндаг». Йæ агуырддæр чингуытæ «Быдираг бирæгъ» æмæ «Хæрдоджытæй хъазт».



**Лион Фейхтвангер**

**Лион Фейхтвангер** (1884 – 1958) – дæсны фыссæг, æнамонд уираг – æнæ азымæй æнамонд æрмæстдæр уымæн, æмæ дзуттаг у. Гитлеронтæ йæ сæ ныхтæ уайтагъд ныссагътой, йæ бынтæ йын байстой, йæ чиныгдон ын арты хай бакодтой, йæ сæрæн дæр ын дзаумайау аргъ скодтой – 10 000 маркæйы… Йæхи афойнадыл айста Францмæ.

Æхсызгонæй, цымыдисагæй кæсинаг – йæ романтæ, уæлдайдæр та – мæхицæй дæр æй зонын! – «Мæнг-Нерон» æмæ «Гойя, кæнæ та Сфæлтæрды утæхсæйнаг фæндаг»… Хæлæггаг у, фыццаг хатт сæ чи кæсдзæн, уый…

---

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7, 8, 10-æм æмæ 2026 азы 1 æмæ 2-æм номырты*



Эрих Мария Ремарк

**Эрих Мария Ремарк** (1898 – 1970) – «Ацы чиныг нæдæр зылынгæнæг у, азымы дарæг, нæдæр тæригъæдтыл сæттæг. Хæст цы фæсивæды фæлтæр бабын кодта, уый тыххæй радзырды фæлтæрæн у айдагъдæр – бабын, о, кæд сæ исчитæ сармадзанты нæмгуытæй аирвæзтысты, уæддæр уыдон дæр сты йæ амæттæгтæ», – гъе ахæм разныхас ныффыста Ремарк йæ уацмысты номдзыддæр роман «Ныгуылæн фронты ницы ивы»-йæн.

Афтæ æнтыстджын рауад йæ фыстыхъæд, цымыдисаг æмæ зæрдæмæдзæугæ, æмæ йæ æвæстиатæй ратæлмац кодтой европæйаг адæмты ‘взæгтæм. Немыцаг литературæйы хæст афтæ æргомæй, афтæ æбуалгъæй фыццаг хатт нывгонд уыд.

Эрих Марияйы романтæн сæ фылдæрмæ гæсгæ кинотæ систой, æппæтæй тынгдæр фæрæстмæ «Триумфалон аркæ»-йы сценарийыл æнцайгæ киноныв.

Фыццæгæм дунеон хæсты архайæг æмæ уый фæстæйы фæлтæр америкаг фыссæг Гертрудæ Стайн схуыдта «дзæгъæлсæфт», æмæ сыл уыцы ном мыггагмæ баныхæст. Фæлæ ма æндæр хæстыты амæттæгтæ æмæ хæрзиуджытæ уарæн бон фæсвæд чи аззад, уыдоныл сбадт ахæм бæрæггæнæн – «хæсты кæмæй спайдачындæуыд, уыцы геройтæ»…



Бертольт Брехт

**Бертольт Брехт** (1898 – 1956) – XX æнусы драматургтæн се стырдæр, театралон аивады теоретик, сценографийы ног системæ саразæг… Йæ драмæты зындгонддæртæ сты «Æртæ капеччы аргъ операæ», «Нана Кураж æмæ йæ сывæллæттæ», «Сычуаниаг цæстуарзон лæг», «Кавказаг зылд мелæй»…

Кæд уæ искæдбон искæмæн йæ фадат амона Брехты пьесæтæй искæцы сценæйы фенын, уæд уын бантысæд – æвæсмон уыдзыстут, æцæг, театр йæхæдæг сæ бæззонтæй уæд. Ныр та мын æнæ æрхæсгæ нæй йæ ахъаззаджы поэтикон рæнхъытæ:

*Помните,*
*Говоря про слабости наши,*
*И о тех мрачных временах,*
*Которых вы избежали.*
*Ведь мы шагали, меняя страны чаще, чем башмаки,*
*Мы шли сквозь войну классов, и отчаянье нас душило,*
*Когда мы видели только несправедливость*
*И не видели возмущения...*
*Увы,*
*Мы, готовившие почву для всеобщей приветливости,*
*Сами не могли быть приветливы.*
*Но вы, когда наступит такое время,*
*Что человек станет человеку другом,*
*Подумайте о нас*
*Снисходительно.*

Уæ не Скæнæг, не Сфæлдисæг Хуыцау! Ахæм диссаг цыдæр нæ рауад, æмæ йыл нæхæдæг дæр кæлын, нæ ных сæттын райдайæм, цы стæм, цы, æмæ чи стæм, чи, зæгъгæ.

Куыддæр фæдæн Брехты æмдзæвгæ фыст, афтæ уадидæгæн мæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр-кæддæр Ольгæ Берггольцмæ цы уацмыс бакастæн, уый. Æнæхъæнæй ма йæ кæцæй хъуыды кодтон, æмæ йæ сæрмагондæй бацагуырдтон, ссардтон æмæ та… æмæ та…

Æмдзæвгæ нæу, æмдзæвгæ, фæлæ нæ советон бæстæйы тугивылд заманы æдзæстхизæй сау-сауидгонд зæрдæйæ, мæстæй тыппыртæ-дæнгæлтæ зондæй фыст истори. Нæй йæ хатыр кæнæн, нæй, рæстытæ кæнæн алы паддзахадон хæрзты ‘фсæнттæй, науæд та ахæм трагеди адæм искæдбон ногæй-ногмæ ‘взардзысты ноджы фыддæртæй…

Ольгæ Берггольцы ном æнгом баст у мæнæ ацы дыууæ рæнхъимæ дæр: «Никто не забыт, ничто не забыто». Ныры сахат та не ‘ппæтæн дæр зæрдыл даринаг сты ацы æхсидгæ æмæ судзгæ-дудгæ ныхæстæ Аннæ Ахматовайы æмдзæвгæ «Памяти Ольги Берггольц»-æй – бæлвырд цыдæр бавæййынц Брехты хиуылхæст лæгъстæтæн:

*Нет, не из книжек наших скудных,*
*Подобья нищенской сумы*
*Узнаете о том, как трудно,*
*Как невозможно жили мы.*
*Как мы любили – горько, грубо,*
*Как обманулись мы, любя,*
*Как на допросах, стиснув зубы,*
*Мы отрекались от себя.*
*И в духоте бессонных камер*
*Все дни и ночи напролет*
*Без слез, разбитыми губами*
*Шептали: «Родина... Народ...»*
*И находили оправданья*
*Жестокой матери своей,*
*На бесполезное страданье*
*Пославшей лучших сыновей.*
*... О дни позора и печали!*
*О, неужели даже мы*
*Тоски людской не исчерпали*
*В беззвездных топях Колымы?*
*А те, что вырвались случайно,*
*Осуждены еще страшней*
*На малодушное молчанье,*
*На недоверие друзей.*
*И молча, только втайне плача,*
*Зачем-то жили мы опять, –*
*Затем, что не могли иначе*
*Ни жить, ни плакать, ни дышать.*
*И ежедневно, ежечасно,*
*Трудясь, страшилися тюрьмы,*
*И не было людей бесстрашней*
*И горделивее, чем мы.*
*За облик призрачный, любимый,*
*За обманувшую навек*
*Пески монгольские прошли мы*
*И падали на финский снег.*

*Но наши цепи и вериги*
*Она воспеть нам не дала.*
*И равнодушны наши книги,*
*И трижды лжива их хвала.*
*Но если, скрюченный от боли,*
*Вы этот стих найдете вдруг,*
*Как от костра в пустынном поле*
*Обугленный и мертвый круг,*
*Но если жгучего преданья*
*Дойдет до вас холодный дым, –*
*Ну что ж, почтите нас молчаньем,*
*Как мы, встречая вас, молчим...*

Уыцы æрттиваг – куырмгæнæг æрттиваг æмæ стæй зæрдæ та сауæвзалыгæнæг, зондыл халасæвæрæг азты тыххæй чи дзура-фысса, уымæн ацы æхсидгæ æмдзæвгæ, Ахматовайы «Реквием»-ы æмæ ма иуцалдæр уацмысы сæрты ахизын уыдзæн дæхи зонгæ-зоныны барвæндæй бацъынд кæнæгау, зæрдæхгæд скæнæгау…


**Генрих Белль**

**Генрих Белль** (1917 – 1985) – цыма чиныг кæсгæйæ райгуырд, уыйау бирæ уарзта кæсын. Бæргæ, тынг æй фæндыд университет фæуын дæр, фæлæ Вермахты та дунесæттæг салдæттæ хъуыд: 6 азы фистæг æфсады хæцыд Францы, Украинæйы, Хъырымы, удæгасæй аирвæзт советон мастисæг нæмыгæй æмæ 1945 азы тæккæ райдианты йæ къухтæ йæ дæлармы акодта æмæ хæцæг æфсадæй лыгъд радта – скуыси америкаг лагеры… Уый тыххæй уацау дæр ма ныффыста – «Поезд афойнадыл æрбацыд».

Германы Федеративон Республикæйы йæ ном айхъуыст роман «Бильярд фарæстæм æрдæгыл»-ы фæстæ, фæлæ йын стыр фыссæджы ном та скодта «Клоуны цæстытæй кæсгæйæ».

Белль йе сфæлдыстады табуйагдæр хæс хуыдта æнæгæды æргом

ныхас ӕмӕ адӕймаджы сӕрыл дзурын, йӕ сӕрибар ӕмӕ хӕдбардзинадыл тох кӕнын аив, зӕрдӕмӕхъаргӕ, ӕдӕрс Аив Дзырды фӕрцы. Ӕмӕ йын ӕнтысгӕ дӕр бӕлвырд цыдӕртӕ кодта…

1971 азы фӕзынд йӕ роман «Къорды портрет ӕхсинимӕ». Йӕ амонд афтӕ хорз ацыд уацмысӕн, ӕмӕ йӕ афӕдзы фӕстӕ Нобелы премийӕ ӕнӕмӕлгӕ фӕкодтой…



Гюнтер Грасс

**Гюнтер Грасс** (1927 – 2015) – уый дӕр та Нобелы премийы лауреат (1999).

Зӕххы къорийыл бир-бирӕ адӕмыхӕттытӕ ис, ӕмӕ сӕ иу у кашубтӕ – уыдонӕй уыд Гюнтеры мад. Цӕргӕ та кӕнынц… кодтой…

Лӕгмӕ йӕ тыхст-уырыд-зын сахат ирвӕзынгӕнӕгау фӕзыны хъазӕн ныхас. Ӕмӕ дын иуахӕмы Грасс дӕр афтӕ куы бакӕнид, мӕнӕй, дам, фыссӕг уымӕн рауад, ӕмӕ мӕ райгуырӕн уӕзӕгӕй ӕнӕ хай кӕй фӕдӕн: хӕсты фӕстӕ немыцаг хӕдбар горӕт Данцинг схуындӕуыд польшӕйаг горӕт Гданьск. Гъемӕ ам, цӕугӕдон Вислӕйы гуырӕнмӕ хӕстӕджыты, цард славяйнаг адӕмыхатт – кашубтӕ.

Гюнтер Грассы фыццаг романӕн дӕр йӕ кад нӕргӕ рауад – уый адӕмы ‘хсӕн, критиктӕн та сӕ дзыхтӕ хӕлиуӕй аззадысты: йӕ сюжет – раст детективон ӕмӕ йӕ ногдзинадӕй ӕгӕрон дисы ӕфтауӕг. Ныхас цӕуы «Тасмачъийӕ барабан»-ыл…

Йӕ заманы немыцаг философ Тедор Адорно афтӕ бакодта, нал, дам, ис «Освенцим»-ы фӕстӕ ӕмдзӕвгӕтӕ фыссӕн, ӕмӕ йӕ Гюнтер та амоны, куыд ӕмӕ ма цы хуызы ис ныр дӕр дӕ адӕймагон, дӕ дзырдӕй дӕ авторон хӕстӕ ӕххӕстгӕнӕн, зӕгъгӕ.

Фыссӕг дын цынӕ ӕрымысдзӕн, цӕмӕй йӕ рӕгъӕд хъуыдыйӕн цард ратта, уый охыл: «Тасмачъийӕ барабан»-ы астӕуккаг архайӕг Оскар Матцератӕн Гюнтер йӕ бӕрны бакодта аргъауаг миниуӕг – йӕ хъӕлӕсы тыхӕй ныддӕрӕн кӕны, авгӕй кондӕй цыдӕриддӕр ис, уыдон. Гъемӕ дын ӕхсӕвыцӕстыл зынаргъ дуканиты бӕзджын авгӕй витринӕтӕ цӕрдхуынчъытӕ куы фӕкӕнид ӕмӕ, ӕнӕфсис

цæстытæй худгæйæ, мæстæлгъæдæй, мæстæймарæгау худгæбылæй куы кæсид иуварсæй, æнафоны иугай цæуджытæй къæрныхтæ куыд рауайы цæстуынгæйæ, уымæ.

Ногæй исты куы ныммыхуыр кæны фыссæг, уæд та критикæ аралло сисы – зæгъæм, йæ уацау «Гæдыйæ-мыстытæй хъазт» ын кæд æмæ суанг фæдзæхстыл банымаинаг уыдисты, рæзгæ фæлтæры зондахаст, дам, галиумæ, тæссармæ ардауы, зæгъгæ. Æмæ дын уæд, 1970 азы, йæ фарс рахæцыд америкаг æппæтæй дзырддзæугæдæр журнал «Тайм», афтæ ныффысгæйæ: «42-аздзыд Грасс Германы æмæ стæй дунейы мидæг æппæтæй егъаудæр фыссæджы хуызæн нæу, кæнæ та, цы бæрæг ын ис, сæ иу дæр æмæ се 'ннæ дæр уа…»

Дунеон аив литературæйы классиктæм кæй хауы, уый та гуырысхойаг цыма нæу.

Ацы къорд фыссæгæй дзы кæйдæрты зондæххæст дзырдбæстытæ æрхæссæм…

**Томас Манн:**

*Дзæгъæлы ма саф нæдæр иу бон, нæдæр иу минут дæр, ауæрд сыл, хъахъхъæн сæ: æрмæстдæр рæстæг у ахæм къæбиц, чъынды уæвын æппæлинаг миниуæг кæм вæййы.*

* * *

*Мæлæтæй тæрсгæйæ, уарзондзинад æмæ зæрдæхæлары фыдæхы ма бацу – уыдоны сæрвæлтау дæ хъуыды фидар, æдæрс уæд.*

* * *

*Нæ тæппуддзинад у не знæгты æхсары гуырæн.*

* * *

*Поэт æрхъуыдыйы курдиатæй не 'мбулы, фæлæ æнкъарæны уæлтæмæнæй.*

* * *

*Курдиат у лæгæн йæ хъысмæт сбиноныг кæныны мадзал.*

* * *

*Лæг йæхæдæг йæхи цы кары æнкъары, уымæ гæсгæ вæййы цардбæллон дæр æмæ цардвæллад дæр, æрыгон æмæ зæронд дæр.*

* * *

*Адæймаг лæмæгъ у: йæ уынд æхсызгон у, зæгъгæ, уæд рæзгæ кæны; куыдфæндыйы уазал цæстæй йæм кæсгæйæ, уæд та æмпылгæ, бадæлæмæдзыд вæййы...*

**Эрих Мария Ремарк:**

*Æхца тынг ахсджиаг сты. Уæлдайдæр, куынæ дæм уой, уæд.*

* * *

*Рагон фæтк: кæйдæр амонд цы сылгоймаг бацис, уый дæм тæхудиагдæр кæсы уарзынæн, дæ хай чи фæцис, уымæй.*

* * *

*Фæстæрдæм арæх чи фæкæс-фæкæс кæны, уымæн йæ ных дæр ахъаззаг æнæ сцæвгæ нæй, стæй, фæкæлгæйæ, æнæ ахаугæ.*

* * *

*Уарзондзинад, æнæрвæссон сæрыстыр циу, уый нæ зоны.*

* * *

*Уарзондзинад хæлардзинадæй ивæн нæй: уæд къæмдзжын кæны. Иугæр фæндаг фæсаджил – алырдæмты цæугæ у.*

* * *

*Састы бынаты баззайынмæ дæр сарæхсын æмбæлы. Науæд фæлтау ма цæр.*

* * *

*Иу лæджы мæлæт зиан у, дыууæ милуаны мæлæт та – статистикæ.*

* * *

*Уæлтæмæн æнкъарæнтæм æргомыздæхт адæймаг йæхи дæр фæсайы æмæ æндæр искæй дæр.*

* * *

*Йæ удæнцойыл къаддæр цы лæг мæт кæны, уый фылдæр нымаинаг вæййы.*

**Бертольт Брехт:**

*Уыцы бæстæ цы æнамонд у, геройтæ кæй хъæуы!*

Ам иу ахсджиаг хъуыдымæ фездæхæм, ома интеллигенцийы азыммæ – уыдон, дам, ныггалиутæ, ныттæссармætæ кæнынц дзыллæты зондахаст, зæгъгæ, уымæ.

Германы фашизм, национал-социализмæн царды рохтæ йæхимæ ‘рбайсынæн фæахъаз, Фыццаг дунеон хæсты састы кæй баззад æмæ йæ уæлахиздзау паддзахадтæ Версалы бадзырдмæ гæсгæ æгæр кæй бафхæрдтой, кæй йæ ныддæлдзинæг кодтой, уыцы уавæр: сæ маст истой немыц Гитлеры æнцонæй ардыдæй…

Фæлæ уыцы тугмондаг зонды гуырæнтæ уартæ кæд æмæ кæд райдыдтой æнхъизын – цыбыр Литературон Энциклопедийы 5-æм томæй, 203 фарсæй скъуыддзаг рафыстон: «Немало общего с «тривиальной» литературой имела плеяда проповедников германской великодержавности и шовинизма – Кристиан Шеренберг (1798 – 1881), воспевавший в напыщенных поэмах военную историю Пруссии; Оскар фон Редвиц (1823 – 1891), автор проникнутой реакционным духом поэмы «Амаран» и песен во славу бисмарковской империи; Вильгельм Иордан (1819–1904), разрабатывавший с явно шовинистической тенденцией сюжеты… Эрнст фон Вильденбрух (1845 – 1909), сочинитель пьес, возвеличивавших юнкерско-милитаристскую Пруссию и династию Гогенцоллернов, – все эти писатели апеллировали к низменным чувствам национальной спеси и расового превосходства». Æмæ ма адонимæ историктæ дæр – Генрих фон Трейчке, Пауль де Лагард, Юлиус Лангбен, Хьюстон Стюард Чемберлен æмæ ма нацизмы идеологийæн æндæр бындурæвæрджытæ.

Нæй, æцæгдæр, фыссæгæн уымæй зæрдылдаринагдæр, дæ дзырд цытæ расайдзæн боныфæстагмæ, ууыл бындуронæй асагъæс кæнынæй, уымæн æмæ растæй ноджы æмрастдæр у Федор Тютчев:

*Нам не дано предугать,*  
*Как слово наше отзовется, –*  
*И нам сочувствие дается,*  
*Как нам дается благодать...*

Стæй ма афтæ дæр зæгъдзынæн: алы бæстæйæн дæр йæ цыфыддæр знаг у тутсæр, хъуынавæрдзæрдæ патриот.



**Томас Манн**

…Уый дын æмæ Братья Гримм, адон та – Маннтæ – сæ дыууæ дæр нымад фысджытæ, фæлæ нын биноныгдæрæй ныхасы сæр уыдзæн **Томас Манн** (1875 – 1955) – Генрихы кæстæр æфсымæр. Райдианты фæбыцæу сты Германы хæстон хъуыддæгты тыххæй, стæй сын æнæ бафидаугæ нал уыд.

Фæсхæст Томас рауагъта философон роман «Тæмæссаг хох» – фæллойаг хабарыл дзы архайы æхсæнад æмæ адæймаджы бафидауын кæныныл, ноджы æвдисы лæджы уазал зонд æмæ йæ тæлмæнтæ-бæллицтæ, хорз ракæндтæм тындзæг кæй у алы цæлхдурты ныхмæлæуд фæндагыл дæр.

Стæй уæд бавдæлд романты цикл ныффыссынмæ – «Иосиф æмæ йе 'фсымæртæ».

Æрбагуылф кодта фашизм, дзырды хурх æлвæстгонд цæуы, чи-иу бауæндыд уæддæр сдзурын нацизмыл æнæ разыйæ, уыдонимæ та – топпы хъæлæсæй ныхас: фысджытæ Альбрехт Хаусхофер, Иоганнес Вюстен, Артур Зильберглейт сæ мæлæт ссардтой гитлеронты къухæй… Томас йæхи афойнадыл айста Швейцаримæ, стæй та Америкæмæ.

Фыссы антифашистон уацтæ, Гетейы тыххæй цы роман ныффыста, – «Лотта Веймары» – уый дæр у фашизм æмæ шовинизмы ныхмæ арæзт: хицæн бынæттæ дзы листовкæты хуызы хæлиугонд цыдысты Германы, радиойæ ныхас кæны немыцимæ, антифашистон журнал «Бæрц æмæ хæзна»-йæн йæ бындурæвæрджытæй у сæ иу.

Йæ ахадгæдæр уацмыстæй иу у роман «Будденброктæ», кæнæ та «Иу бинонты сæфтмæ 'рцыд». Æмæ дзы æвдисы иу хæдзарвæндаджы цыппар фæлтæры цард уыцы бæстон æмæ бæлвырдæй.

1943 азы Томас Манн кусын райдыдта йæ иннæ зындгонд уацмысыл – роман «Доктор Фаустус»-ыл. Фылдæр у фашизмы ратæдзæнты тыххæй, «æвзæр Герман» куыд фæзынд, уый истори.

Йæ царды фæстаг азты фыссæг йæ кæрдаг дзырды фæрцы тох кæны дунейы фидыдыл, сабырдзинадыл, реакцийы ных къуыры, сиды, цæмæй атомон хæцæнгарз сæфт æрцæуа. Йæ 80 азы юбилей йын цытджын уавæрты бæрæг кодтой æгас дунейы дæр. Æппæтдунеон литературæйы хæзнадоны исбон сты йæ уацмыстæ дæр. Уæдæ йын Нобелы премийы лауреаты кад та 1929 азы скодтой – комкоммæ йæ «Будденброктæ»-йы тыххæй.

Маннты райгуырæн горæт у Любек, сæ фыд – сæудæджергæнæг Иоганн Генрих, сæ мад та – фурды фалейæ, Рио-де-Жанейройæ, фæлмæнзæрдæ сылгоймаг. Йæ царды хабæрттæй дзаг у йæ лæппуйы фыст новеллæ «Тонио Крёгер».

Сæ хæдзардарæг фыд куы амард, уæд бинонтæ ралыгъдысты Мюнхенмæ, ам Томас университеты ахуыр кодта философи, истори, литературæ.

Кæй æвдæла, размæцыд цæмæй уа, уымæ тырнæг чиныгкæсæгæн бæргæ кæсинаг сты йæ чингуытæ, уæлдайдæр уæд та ма йæ новеллæ «Мæлæт Венецийы». (Уæ алкæй амонд дæр-иу ацæуæд, цæмæй ацы æмбисонды горæт фена – дендджыз æмæ арв кæм баиу вæййынц, дон цæрæн зæхх кæм у…).

Æххæст ма уый дæр зæгъæм, дзырд «немец» куыд фæзынд: уырыссаг æвзаг куынæ æмбæрстой æмæ йыл куынæ дзырдтой, уæд сæ схуындæуыд «немойтæ», ома къуыттытæ, æмæ «немой»-йæ райгуырд «немец», стæй та «немчура» дæр…

## АВСТРИАГ ЛИТЕРАТУРÆ

Уæдæ æндæр куыд уа, кæд æмæ алы бæстæйы-адæмы аив дзырдæн дæр йæ райдиан уым ис – фольклоры, дзыхæйдзургæ сфæлдыстады: аргъæутты, таурæгъты, кадджыты, æмбисæндты…

Æмæ Австрийы литературæйы фæзынд дæр амоны XI–XII æнустæм, моладзандонты латинаг æвзагыл монон литературæйы фæзынды рæстæгмæ. Æхсины сылгоймаг Авæ ныффыста монон æмдзæвгæтæ «Чырыстийы цард», «Антихрист», «Хъаймæты боны тæрхон»… Сæ миффыссæг бæрæг кæмæн нæу, ахæм поэтикон уацмыстæ дæр фæзынд Мады Майрæмы тыххæй, моладзан Генрих фон Мельк та сатирикон æмдзæвгæтæ сфæлдыста дины кусджыты цардæй, алы галиу хъуыддæгтыл хæст адæммæ зындоны æфхæрæг

мадзæлттæ кæй æнхъæлмæ кæсы, уый сын сæ зæрдыл лæууын кæны.

Венæ ссис рыцарьты лæгдзинæдтыл фыст поэзийы артдзæст, фæзындысты «Нибелунгты кадæг», «Нибелунгтыл æрдиаг», «Дитрих Бернский»…

Рæстæг цыд, литературæ йæ жанртæ ивта, рæзыд, æндæр адæмты дзырдаивадимæ бæстонæй зонгæ кодта. XVI æнусы æмбисы Австрийы райдыдтой чингуытæ джиппы уадзын. Хъæздыгæй-хъæздыгдæр кодта фысджыты сфæлдыстад, æнгомдæргæнгæ цыд йæ бастдзинад историон цаутимæ, æмткæй, царды уавæртимæ, социалон проблемæтимæ. XIX æнусы зындгонддæр автортæ сты Людвиг Анценгрубер æмæ Петер Розеггер. XX æнусы къæсæрыл Бертæ фон Зутнер рауагъта роман «Бынсæфт фæуæд хæцæнгарз», æвдисы дзы хæсты уæззау бæллæхтæ. Фæлæ, оххай, бынсæфт нæ, фæлæ æбуалгъæй-æбуалгъдæр кодтой æмæ кæнынц адæймаджы марæн фæрæзтæ, зæххон цард æнæхъæнæй дæр бабытъайлаг кæныны мадзæлттæ…

Фыдвæнд, фыдгæнд лæджы къухты хуымæтæг дурæхсæнæй дæр хæцæнгарз рауайы – ис дзы искæй сохъхъыр фæкæнæн…

Поэт Карл Краус, журнал «Факел»-ы хицау, милитаризм æмæ хæсты ныхмæ тохгæнæг, джиппы рауагъта монументалон драмæ «Адæмысконды фæстаг бонтæ» (1919 аз). Æллæх, æллæх, æмæ исчи фæудаист, фæтарст, йæ къух ауыгъта кард, топп, сармадзан, бомбæйыл?

Фæзындысты дыууæ стыр фыссæджы – поэт Райнер Мария Рильке æмæ прозаиктæ Франс Кафка æмæ Стефан Цвейг. Гъемæ уыдоны тыххæй чысыл бæлвырддæр зæгъдзыстæм…

**Райнер Мария Рильке** (1875 – 1926) – йæ лирикæйы астæуыстæг у алы фæзынд, алы æрдзон дзаумайы дæр Хуыцауы фæд агурын, Уый комытæф, Уый фæндон. Æмæ уæлдай бæрæгдæр уыцы æууæл фæзынд йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Табуйы чиныг»-ы (уырыссагау – «Часослов», немыцагау та – «Stundenbuch»), сæйраджыдæр та – йе 'ртыккаг хайы – «Мæгуырдзинад æмæ мæлæты тыххæй чиныджы». Царды зын уавæртæ æвдисгæйæ, Рильке табуйаг кæны чырыстон дины иу адæймагæй иннæйы 'хсæн уарзондзинады фæткæвæрд.

Дисы æфтауынц йе 'нахуыр рифмæтæ, ритмтæ, метафорæтæ – иу цыбыр дзырдæй, йæ аивадон ахорæнтæ. Куыд фæстæмæ йе сфæл-



**Райнер Мария Рильке**

дыстады тыхджындæр кодта мистикон пафос – 1923 азы чингуытæ «Дуинезкаг элегитæ» æмæ «Сонеттæ Орфейæн»-ы. Царды трагедион уавæртæй фервæзыны мадзæлттæ дзы уыны аивады.

Австриаг æй уымæн схуындæуыд, æмæ райгуырд Прагæйы, уыцы заман та Чехи хауд Австро-Венгримæ. Фæстæдæр цард алы бæстæты – Герман, Франц, Швейцари, Итали. Дыууæ хатты бафтыд Уæрæсемæ дæр, базонгæ Лев Толстоимæ, суанг ма уырыссагау фыссын дæр фæлвæрдта, тæлмац кæнынил фæцалх, фæхæлар Борис Пастернакимæ, фыста æмдзæвгæтæ Маринæ Цветаевайы номыл… Уæрæсе та раст йе 'цæг райгуырæн бæстæ схонинаг уыд. Афтæ дæр ма загъта: «Уæрæсе Хуыцауимæ æмарæн у».

Йæ ном дунейыл айхъуыст йæ фыццаг чингуытимæ. Æмдзæвгæтæй фалæмæ фыссы драмон æмæ прозаикон уацмыстæ. Чиныгкæсджыты цымыдисаг кæнынц йæ хъуыдытæ, йæ аивады авналæнтæ, дунейы скондмæ цы æнахуыр цæстæй кæсы, уый: зæгъæм, алы æрдзон дзауматæ æмæ адæм, горæттæ æмæ планетæтæ Рилькæмæ гæсгæ сты æмхуызон иунæг, æвæгæс сидзæртау, ницы сæ иу, кæрæдзийыл æнувыд кæны. Æмæ уыйадыл фыссы: «Изæрæй та ногæй иууылдæр сидзæртау сты; ме 'ввахсдæртæ дæр мын кæмæддæрæгонтау фесты уадидæгæн…».

Уыцы æцæгæлонтау цардæй фервæзыны иунæг фæрæз хоны кæрæдзийы уарзын, дунейы фæзындтæн аргъ кæнын, семæ сфæлдыстадон бастдзинæдтæ фидар кæнын, æнгом тар хъæд, дам, мæ хъæбысы удæнцой ссардта, æз та, дам, уымæн, хъæдæн, йæ уынæр æмæ улæфт, йæ тыбар-тыбур дæн…

Райнер Марияйы сурæттæ-фæлгонцтæ кæд реалистон сты, уæддæр сæ символтæ рауайы – Парижы сырддоны пантерæйæ рауад сæрибары трагеди, бæласы цард та у æрдзон фидыц, нæй йæм ныхилæн, нæй йæ ивæн лæджы хивæндмæ гæсгæ.

Йæ поэзи у арфхъуыдыджын, музыкалон, иттæг хъæздыг æнкъарæнтæй дисы æфтауæг алы поэтикон мадзæлттæй. Æмæ æнæ сахадгæ нæ уыд æппæт немыцаг лирикæйыл дæр.

Цыдæриддæр йæ алыварс уыны поэт, уым ын ис Хуыцау, ома æнæныгуылгæ Хур – Аивадон Дзырд.

*Тебя во всех предметах я открою,*
*с которыми я братски сопряжен;*
*в былинке малой Ты блеснешь росою,*
*в великом Ты величьем отражен.*

Цветаевайы номыл цы ‘мдзæвгæтæ фæлдыста, уыдонæй иуы скъуыддзаг дæр фаг æргом æмæ уæрæхæй æвдисæн у Рилькейы поэтикон, æнæфæивддзаг хъæлæсыуагæн:

*Волны, Марина, мы море! Глубины,*
*Мы – земля, Марина, мы*
*тысячекратно весна.*
*Песня, как жаворонков, нас*
*в невидимое извергает.*
*Мы начинаем восторгом,*
*и нас превышает восторг.*

Уæрæсейы тыххæй уарзон зæрдæйæ загъд сты, æнæмæнгæй, ацы ныхæстæ дæр: «Куыд хицæн адæймæгтæ, афтæ адæмты миниуджытыл куы дзырдæуа сæ рæзты фæндагыл лæуджытæн, уæд афтæ зæгъæн ис: ацы адæмы салдат суæвын фæнды, иннæйы та – сæудæджергæнæг, æртыккаджы та – ахуыргонд; уырыссаг адæм та тырнынц нывгæнæг уæвынмæ».

Райнер Мария Рилькейы йæ рухс дунейæ фенæхай кодта туджы низ, æцæг йæ ном, йæ кадæн та поэзи у æнусон номарæн цыртдзæвæн.

Хуыцауæн дæр ма адджын æмæ хæлæггаг дуне – стыр поэтты хæларад. Уыцы арвæй кæсы адæймаджы дзæбæх удмæ æнæныгуылгæ хур. Никуы никæм уыд цард æнцонæй, æдыхстæй цæрæн – стæй искуы ма уа ахæм? Æмæ, уый хъуыды кæнгæйæ, зæрдылдаринаг сты Рилькейы фæдзæхстау ныхæстæ: «Сæйрагдæр уæлахиз нæу, ахсджиагдæр ныббыхсын у хъысмæты цæфтæ-хæфтытæ-рæхуыстытæн!»

Курдиатджын уд кæддæриддæр сидзæр у – уымæн æвдисæн Рай-

нер Мария Рилькейы рæнхъытæ. Иу æмдзæвгæ дзы уæд та æрхæссон æнæхъæнæй, се 'нцондæрæй æмбаргæ…

***Песня сироты***

*Я никто и днем, и во тьме ночной.*
*Нечего ждать мне судьбы иной*
*на свете.*
*У кого есть дети,*
*сжальтесь надо мной.*

*Но я все равно останусь для вас*
*скошенным колоском;*
*рано лелеять меня сейчас,*
*поздно будет потом.*

*Ветошь, как вечность, мой голос тих;*
*едва не сгорев со стыда,*
*быть может, с Богом в лохмотьях моих*
*останусь я навсегда.*

*А кто-то добрый, полный сил,*
*не чающий потерь,*
*мне гладить волосы любил...*
*Но нет его теперь.*



**Франс Кафка**

**Франс Кафка** (1883 – 1923) – ай дæр – дзуттаг æмæ райгуырд Прагæйы, гъе уымæ гæсгæ йæ хуындæуы австриаг фыссæг, немыцаг æвзаг та зыдта æнахъомæй фæстæмæ – фысгæ дæр уыуыл кодта. Чехаг æвзаг дæр зыдта, æрмæст йæхи æцæгæлонау хатыдта. Йæ фыд хæст уыд рацубацугæнгæйæ базаргæнæджы куыстыл, йæ дуканийы эмблемæ та уыд цъиах, чехагау –кафка…

Франц фæцис Прагæйы университет, æрмæст бæрнон бынат никуы

бацахста, йæ цæст уымæ дардта, цæмæй кусгæ-кусын искæуыл мацы фыдбылыз æрцæуа. Кæд æй быдурон зæрдиагæй исты æндæвта, уæд литературæ. Фæлæ йæ уацмыстæ йæхи цæсты нæ ахадыдтой, мыхуыр кæнынмæ дæр сæ нæ лæвæрдта. О, суанг ма йæ мæлæты размæ йæ хæлар Макс Бродæн дæр фæдзæхста, цæмæй йын уый йæ къухфыстытæ арты амæттаг бакæна.

Нæ бакодта, мыхуыры йын рауагъта æртæ романы; кæд кæронмæ æххæст фыст нæ фесты, уæддæр бæрзонд аивадон уацмыстыл нымад æрцыдысты – «Америкæ», «Тæрхонгæнд», «Фидар» æмæ радзырдты æмбырдгонд «Китайы сисы арæзтад». Æмæ йæ удæгасæй кæд æрмæстдæр журналты цыдысты мыхуыргондæй йæ хицæн радзырдтæ æмæ нымад æмбырдгæндтæ, уæддæр ын йе сфæлдыстад цытджын литературон премийы аккагыл банымадтой – Фонтанейы.

Чиныгкæсджытæ йæ уæлдай хуыздæр базыдтой Дыккаг дунеон хæсты азты æмæ йæ хæд фæстæ – йæ ном æгас дунейыл айхъуыст.

Стыр фыссæджы уацмыстæ кæсын хиирхæфсæн мадзал нæу, хъуамæ литературон хуызы ифтонг уай се ‘мбарыныл, науæд сæ уайсахат афæлмæцдзынæ – Кафка та зын кæсæн у. Фæлæ дын сæ бамбарын куы бантыса, уæд та цинæфтау сты, стыр цымыдисаг…

Йæ уацмысты дуне цыбырæй ахæм нывæй ис равдисæн – кæй æрцахстой рæстадæй, æнæ азимагæй, уый зæгъы: «Æз дзыхыдзагæй дæр ныхъхъæр ласдзынæн!» Æмæ уæд ахæм дзуапп райсы: «Æз та дын дæ дзых сæхгæндзынæн – уый мæ бон у».

Йæ хъысмæты лæджы бон аивын ницы у, æрмæст æнусон у царды фæтк дæр, зæгъгæ, лæджы амарæн ис, фæлæ йыл суанг мæлæты тасæй дæр нæ фæуæлахиз уыдзынæ, йæ мидрухс нæ аныгуылдзæн…

Хатгай, о, фыссæг сæнттæцæгъдæджы хуызæн фæкæсы йæ чиныгкæсæгмæ, фæлæ уыцы сæнттæ вæййынц цæугæ царды ныв-тæ-сурæттæ æмæ, цы ис æцæгæй, ахæм фæлгонцтæ. Зæгъæм, йæ роман «Тæрхонгæнд»-ы сæйраг архайæг йæ сынтæджы хуысгæйæ куыд райхъал, афтæ дын йæ уæлхъус лæг лæууы цыдæр æфсæддон дарæсы – Йозеф К. йæ бамбæрста, ахст кæй у, уый. Цæмæн, цы фыдракæнды тыххæй? Бæрæг нæу. Йæ миног, дам, ахæм у кæцыфæнды тиранийæн дæр, диктаторæн… Ахсы æмæ – фæци!

Фæлæ ма дзы æндæр фæзынд дæр æмбæхст ис: абон иу дæ, зонгæ чидæр, æрмæст цъус фæстæдæр та фестдзынæ æндæр дунейы, æмæ дæ базонæн дæр нал уыдзæн. Францы новеллæ «Фæлдурæдгонд»-ы

герой та куы райхъал, уæд дзы саск рауад. Чи стæм æмæ цы стæм, уый фæдыл та ацы хæдхуыз фыссæг афтæ зæгъы: «Зæххон адæймаджы, хуымæтæг лæджы цæстæй нæм куы кæсай, уæд мах стæм ахæм бæлццæттæ, æмæ йæ поезд дæргъæй-дæргъмæ тъунелы кæмæн фæбæллæхджын, æмæ нæм дзы иуæрдыгæй дæр рухс нал зыны – нæ разæй, нæ фæсте, гъемæ нæ уырнгæ дæр нал кæны, нæ фæндагæн райдиан дæр æмæ кæрон дæр кæй ис, уый».

Царды фæлыст сты рухс æмæ талынг, рæстад æмæ хæрам, азым æмæ æнæазимаг уавæр, герой æмæ иннæты ‘хсæн æбæрæг ахастытæ. Гъемæ уæддæр цæр, рухс кæй ис, уый дæ куыд уырна, афтæмæй…

1912 азы Кафка иуварсæй Прагæйы каст бунтгæнæг дзыллæмæ æмæ афтæ бакодта, цы мæгуыр, дам, сты, цы: сæрибары бæсты ног цъагъарадмæ кæй бахаудзысты, уый не ‘мбарынц…

Кæд, цы сылгоймаджы уарзта, – Миленæ Есенскаяйы – уый моймæдзыд уыд, уæддæр ын амонды ад бавзарын кодта, фыста йæм: «Æз хъæддаг сырд дæн, цавæрдæр чъизи хуыккомы ныффæлдæхтæн (чъизи та, æз дзы кæй уыдтæн, уыйадыл уыд, æндæр уæдæ куыд…), уалынджы дæу федтон уым, æгæрон тыгъдады, диссæгты-диссагдæры, æмæ æппæт дæр ферох кодтон… мæхи ферох кодтон, мæхи… де ‘рмтты æхсæн мæ цæсгом банорстон æмæ иу амондджын, иу сæрыстыр, иу сæрибар, иу хъомысджын уыдтæн, цыма кæдæй-уæдæй мæнæн дæр мæхи адджын къона фæзынд!»

Хуыцауы ахъаззагдæр лæвар дæр у курдиат, арвы милтæм йæ хъулонæй хайджыны сисæг дæр, стæй йын йæ дзæбæх, йæ цингæнаг-риссаг уд дæр æнауæрдонæй æвдæрзæг. Уымæн æмæ йæ иннæтæй фылдæр фæхъæуы сæрибары сыгъдæг уæлдæф… искæмæн.

Кафкайы базырифтонг ныхæстæ дæр нæ асагъæс кæнын домынц:

*Æмæ мæнæн уирæгтимæ иумæйагæй цы ис? Раст куы зæгъон, уæд æз мæхæдæг мæхицæн дæр ницы бавæййын.*

* * *

*Цард нын иудадзыг дæр не ‘ргом тæссармæ здахы, æрмæст æй мах не ‘рцахсæм, цы хуызы æмæ цæмæн.*

* * *

*Дунейы æппæт тыгъдад сæ райгуырæн бæстæ хоныны бар уирæгтæм сæ æгæрон хъизæмæртты фæрцы цыма ‘рхаудта…*

* * *

*Хъалæй дæр тарф фыны мидæг цыма стæм – схонæн нæ ис ивгъуыд рæстæджыты æндæргтæ.*

* * *

*Хъуыддаг иу цæсты фæныкъуылды мидæг ис. Уый басгуыхы, уый – нæ дарддæры цардаразæг.*

* * *

*Алцы дæр рæстдзинады пайдайæн рауайы, суанг ма мæнг ныхас дæр. Аууæттæ хуры нæ аныгуылын кæнынц.*

* * *

*Кæд адзалæн мадзал нæй, уæддæр æз мæлæтæн цæргæбонты гæнæн æмæ амæлæй æнæбасæттоны ныхкъуырд дæттын.*

* * *

*Кæддæриддæр аивад лæджы æнæхъæнæй домы. Æмæ йæ бындур дæр уымæн у стыр трагедион.*

* * *

*Æппæт адæмты хъадамантæ дæр къæнцылары гæххæттæй арæзт сты.*

* * *

*Хорзракæнды зындонмæ фыдгæнды дзæнæтæй бахауы лæг.*

* * *

*Цæмæй цардыл театр сахада, уый тыххæй ууыл æмбæлы æрвылбоны цардæй тыхджындæр æмæ цырендæр уæвын. Æхсгæйæ мысанæй хъуамæ уæлдæр хъавай.*

* * *

*Йе 'цæг мидис Дзырд уайсадыны æмбæхсы, йæ æдзæмы.*

* * *

*Цардæн йæхицæй уæззаудæр дунейыл ницы ис.*

*Уыдзæн ма*



*Абон фӕсивӕды ʼхсӕн зӕрдӕ кӕмӕй райы, ирон дзырды ад чи ӕнкъары ӕмӕ йӕ йӕ риуы цырагъдарӕнау чи дары, уыдонӕй иу у ӕрыгон поэтессӕ, тӕлмацгӕнӕг, радиоамонӕг, цардбӕллон ӕвзыгъд кӕстӕр Гасситы Аннӕ.*

*Райгуырд 1999 азы Цхинвалы. Ӕмдзӕвгӕтӕ фыссы ирон ӕмӕ уырыссаг ӕвзӕгтыл. Каст фӕцис Хуссар Ирыстоны Тыбылты Алыксандры номыл университеты фӕсарӕйнаг ӕвзӕгты ӕмӕ ирон филологийы факультет. Ирон ӕвзагмӕ тӕлмац кӕны англисаг ӕмӕ уырыссаг авторты уацмыстӕ. 2022 азы ӕппӕтуӕрӕсеон литературон конкурс «Услышь, Россия, наши голоса»-йы йе ʼмдзӕвгӕты цикл бацахста фыццаг бынат. 2025 азы та ссис УФ-йы Фысджыты цӕдисы национ литературон премии «Слово»-йы уӕлахиздзау.*

*Аннӕ у хӕдхуыз автор. Ис ын йӕхи ӕрмдзӕф, нӕ фӕхӕццӕ уыдзӕн ӕндӕр автортимӕ. Автор ӕнгом баст у йӕ уидӕгтимӕ, арф ӕнкъары цард, йӕ фӕзилӕнтӕ, уыны ӕмӕ райхалы хуымӕтӕг символтӕ ӕмӕ хъуыддӕгты арф ӕвӕрд мидис. Йе ʼмдзӕвгӕтӕ йын мыхуыр кӕнӕм фыццаг хатт.*

*ГАССИТЫ Аннӕ*

# УӔДДӔР ЦӔУЫН МӔ АМОНДЫ КЪӔСӔРМӔ...

***

Афтӕ комкоммӕ ацу дӕлӕмӕ
Ӕмӕ базил кӕдӕмфӕнды стӕй.
Ау, куы ничи дӕм кӕсы ӕнхъӕлмӕ,
Уӕд цы агурыс рохстӕй, тыхстӕй? –

Дзурын хинымӕр, дымгӕмӕ тасгӕ,
Мигъы бандзыг мӕ уазал хӕдзар,
Ӕмӕ цъынӕхты уадист уастӕй
Скъуыйы арвӕн йӕ дондӕппал цъар.

Горæт узынц мæгуыргурты къухтæ,
Æз мæ чыссæйæ къахын æхца.
Цæй, мæ сихорæй абон фæцух дæн,
Фæлæ хъусын: «Дæ фæдзæхст, Хуыцау!»

Æмæ сулæфын, цыма ирвæзт дæн,
Цыма аивдзæн зæрдæйы уаг.
Мæн цы хъæуы? Дыууæ дзыппы ‘рмæстдæр
Æмæ ацы хæнкъуытæ фæндаг.

Иннæ хорзæхтæм нал тындзы хъуыды,
Къæхтæ ссæндынц уæззаугай цъыф мит.
Æмæ уæлдæфы ауыгъд дзыхъхъытæ
Сты мæ цинкъахт цæстытау афтид.

* * *

Уылæн кæй у, нæ зоны уый уылæн,
Кæсаджы та нæй мисхал дæр кæсагæй.
Æппæт нæмттæ – дæхи ном дæр дæуæн –
Ысты тæлмацтæ иунæг иу æвзагæй.

Уый мард æвзагыл банымайæн нæй,
Фæлæ æгæстæй хицондæр у мæрдтæн.
Дæ хъустæ сæхгæн, фехъусай цæмæй
Куыд дæм тоны мæнг уынæрæй йæ бæттæн.

Кæс-ма: цæугæдон фестади ныхас,
Йæ фаллаг фарс æгомыг дзырдтæ ниуынц.
Гъе уыцы дзырдтæй фыст вæййы дæ тас,
Ныггуыппæввонгæй баризынц дæ риуы.

Æцæг æвзаг куы атоны йæ баст
Дæ тарфдæр фынты – рохуаты уæрмыты, –
Уæд-иу æрымыс, уымæй кæй дæ хаст,
Кæй нæ басур йæ сау æхсыр дæ былтыл.

* * *

Цæфхады ‘рдæг æрцауындзæг мæ сæрмæ,
Мæ царды ‘рдæг – рыгвæндагыл ызгъæлст.
Уæддæр цæуын мæ амонды къæсæрмæ.
Цы ма баззад – æрдæг къахдзæф æрмæст.

Фæлæ мæ къæхтæ нал кæсынц мæ коммæ,
Мæ уазал ныхыл ралæууыди хид.
Æрдæгмардæй фæхауын æз уæлгоммæ,
Æрдæгкарст хосыл бауæндын мæхи.

Мæ цæстыл ауад đард, цыма у бонцау,
Уынын, куыд хауы алцæмæй æмбис,
Цæмæй хæссон къуырма æмæ æндонцъар,
Фæдихгæнæн кæмæн нæй, ахæм рис.

* * *

Мах æхсæвæддæ искуы куы амбæлæм – ма-иу æрлæуу:
Азил иннæрдæм, ахиз мæ иуæрсты, ма фæкæн «уæуу».
Æз – æгомыг, къуырма, æз – æгуыппæг хæдзары чъылбыз,
Уым та мидæгæй айдæнæй цадæггай байрох мæ хуыз.

Æмæ рох туман дзыппæй куыд ысхауы, афтæ æз дæр –
Афтæ рахаудтæн Скæнæджы хъуыдыйæ. Нал кæнын хъæр.
Нæ, нæ кæнын мæсты, æз æм рагæй дæр нал дæн тæргай:
Уый мæхи конд фæлгонц ныр ызгъæлы мæ сæрыл фæркгай.

Уый мæхæдæг мæхицæн ныфсытæ æвæрын æдзух,
Æмæ уый тыххæй уæлдæфы ауыгъдæй аззайы къух.
Мæнæ иу ран цæнкуыл тæрс æрттæтыгъдæй арвмæ ныдджих
Æмæ куры къуыбыртæ, фæлæ йыл æрызгъалы их.

Мæнæ уынджы цырагъау йæ цуры ныггуыбыр æндæрг,
Уый æз дæн æви нæ? О, æз дæн, фæлæ ‘нæзонгæ – ‘ндæр.
Мæнæй ферох мæ ном, мæнæй ферох, кæмæй дæн, кæцон.
Мæн куы базона исчи, уæд мын уый нæ уыдзæн æхцон.

Нæ, нæ уарзын уæлдай ми, цæстмæ цин, тыхарæзт хæстæг,
Растдæр уымæн нæ кæлы мæ хæдзарæй абон фæздæг.
Æмæ фатæгæй сахат куы фæуа мæ цардбыдыр карст,
Уæд мæ къулыл ныффыс: «Ам цард музыкæ, иунæгад, уарзт».

* * *

Мæ уæхсчытыл æнæзынгæ сынтытæ
Хъæрахстæввонгæй бауигъынц сæхи.
Ды мæм кæсыс. Нæ мæ уыныс – зынын дæм.
Ды дзурыс, фæлæ ‘ндæр цыдæр зæгъис.

Æмæ лæууын æнхъæлмæгæс. Æниу æм
Кæдæй нырмæ фæхъавыдтæн æз дæр.
Фæхордтам иумæ цины гуыл. Æууилæм
Ныр сусæгæй фæхицæны къæбæр.

Цы уа, уый уæд. Ныр аив нал у фауын.
Нæ дзуринагау не ‘хсæн адæргъ бон.
Хуылыдз сыфтæрмæ зад кæрдо æрхауы,
Уæззау тъæппæй нæм райхъуысы тæрхон.

* * *

Зымæгон дæр нæ горæты базар
Йæ къуындæг кæхцы денджызау æхсиды.
Дæвдæг халсартæ тагъд-тагъдæй æвзар,
Дæ хъæлæс бафтау царддымгæйы ‘хситтыл.

Ам бардзуылæн фæйлауæнтæ кæны,
Ам тротуар дæр равзæрстой тæрхæгæн,
Ысхцæццæ сты кæсаджы тæф, сæны,
Сæ фæрсты хил, дæ сæнтты та тæхгæ кæн.

Чырсæвдылдæй цъæх фæткъуытæ лæууынц
Æфсæн бедраты амадæй рæгъ-рæгъы,
Æддæуæз та ысхъуырдухæн и куыдз –
Ыстæг æхсынгæ, алырдæм фæлдæхы.

Ныззылын вæййы, бауигъы йæ сæр
Æмæ та ыстæг рахауы йæ дзыхæй,
Ехх, буци, буци, ахæм дæн æз дæр,
Дæ хуызæн дæн мæ мæт æмæ мæ тыхæй.

Æрмæст мæнæн мæхи стæг и, хæлар,
Йæ ном у цард. Мæ дæндæгтæй æрхауы.
Æууилын мын нæ комы, нæу мæ бар,
Фæлæ бынтон ныууадзынæн æвгъау у.

* * *

Æз, æвæццæгæн, фесæфтæн искæмæй,
Мæн, æвæццæгæн, чидæр ныууагъта,
Æмæ баззадтæн вагзалы сагъдау,
Æмæ ферттивы поезд æвзист тæлмæй.

Хизынц рохстхуызæй, хизынц мæ иувæрсты,
Ам æппынæдзух тагъд кæнынц адæм,
Сидын цæстытæй, сидын сæм: «Ам дæн»,
Фæлæ вагæтты таримæ сиу ысты...

Нæ, мæн дæр чидæр агуры, чи зоны,
Кæд, мыййаг, уый дæр дымгæмæ басыд.
Æмæ ауузтты уазал æнгасы
Æз тыхст сабийау агурын хионы.

Чидæр зилы бæгъæввадæй, фистæгæй
Æмæ развæд нæ уыны мæйдары.
Мæн, æвæццæгæн, чидæр нæ ары,
Æз, æвæццæгæн, фесæфтæн искæмæй.

*ЦÆГÆРАТЫ Феликс*

# НАРТ ÆМÆ ЧЫЗДЖЫТЫ ÆФСАД

*Рагон цардæй мæ хистæртæй цы хабæрттæ фехъуыстон, цы кадджытæ бакастæн, уыдæттæм гæсгæ фыссын нарт æмæ чызджыты æфсады ахастытыл. Мæ азты сæрты акæсгæйæ, фыссын, адæмон сфæлдыстады хæзнатæ зынаргъ кæмæн сты, æппæт уыцы адæмæн. Фæлæ уæддæр мæ каст сæйраджыдæр фæсивæдмæ у, уыдон сты мæ мæт, æмæ мæ тынг фæнды, цæмæй дзурой æмæ кæсой иронау, æмбарой, сæ мадæлон æвзаг сын Хуыцауæй æвæджиауы хæзнайæн лæвæрд кæй у...*

*Автор*

Хъæдрæбынæй разынд барæг, æмæ мæнæ бæхæй æрхызти бæрзонд лæппулæг. Йæ размæ уыди ног хуымгонд зæхх æмæ дзы саби лæппу къæпийæ стыр къуыбæрттæ пырх кодта, хъизæмарæй марди.

Тынг сфæлмæцыд æмæ хуымы кæрон æрбадти.

Барæг бирæ фæкасти сабимæ, хæстæгдæр æм бацыди. Сывæллон йæ рувæн фелвæста æмæ йæм дзы бартхъирæн кодта, хæстæг мæм ма ‘рбацу, цæвын дæ, зæгъгæ.

– Ма тæрс, кæд мын мæ ныхас æмбарыс, уæд дæ сæр батил.

Лæппу йæ сæр батылдта:

– Хорз дæ æмбарын, æз дæр ахæм æвзагыл дзурын.

– Хæстæгдæр рацу, æмæ дын дæ къух райсон (ома мæ къухы ницы хæцæнгарз кæнæ исты цыргъаг ис).

Базонгæ сты. Барæг Артхур хуыйны, лæппу йæхи Дзæрисары фырт Болат схуыдта.

– Мæ фыд фæрынчын, йæ бон хуымы кусын нæу, æмæ йæ мæнæ фæлмæн кæнын, фæлæ мын ницы æнтысы.

– Фæлæуу-ма, æз дæм фæкæсон.

– Куыд мæм фæкæсдзынæ, иу къæпи йеддæмæ мæм нæй.

– Ныртæккæ адæг ацараздзыстæм æмæ дын дæ хуым баласдзыстæм.

– Адæг циу, уый зонгæ дæр куынæ кæнын…

– Уæртæ хъæды бирæ бæлæстæ, тулдзы къалнутæй сбæтдзыстæм адæг.

– Æмæ нæм бæндæн дæр куынæ ис…

– Бæрзы къалиутæй сбидзыстæм – сæрдзæг кæнæ уæрдæх хуыйны. Ахæм фидар у, æмæ, хорз быд куы уа, уæд æй дыууæ бæхы дæр нæ атондзысты, фæйнæрдæм ахæцгæйæ.

Уыйадыл Артхур тулдзы къалиутæй адæг бæхыл абаста, лæппуйы йыл авæрдта, æмæ хуым баластой.

Лæппу загъта:

– Ардæм хæстæг цæрæм. Цом, нæхи æрæхсæм æмæ исты саходæм. Мæ фыд йеддæмæ хæдзары ничи ис.

Сæ размæ хæдзарæй рахызти къуылых ацæргæ лæг. Артхур æм дзуры:

– Уазæг уæ дуармæ, фысым мын фæут.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, мидæмæ рахиз, – загъта хæдзары хицау.

Лæппу кæртмæ бахызтис, фарн уæ бынаты уæд, зæгъгæ, загъта.

Болат кæрты фынг авæрдта. Мидæмæ бауадис æмæ радавта кæрдзын, цыхт æмæ цалдæр хуызы мисын (хъуджы, фысы æхсырæй), къæдор цыхт, хъæдындз, дудгæ. Хæдзары хицау уазæгмæ дзуры:

– Мæ ном хуыйны Дзæрисар. Æрбад уал æмæ ацы кæрдзынæй фен, цалынмæ хъарм хæринаг фыца, уæдмæ.

Болаты кæдæмдæр арвыста, йæхæдæг уазæджы фарсмæ æрбадт.

Уалынмæ фæзынд иу ацæргæ аив сылгоймаг. Артхур фестад, кæрæдзийæн бон хорз загътой. Сылгоймаг йæ ныхас райдыдта:

– Ацы хъæуккаг дæн. Мæ ном хуыйны Тауырзæт, æмæ дын дæ кой куы фехъуыстон, уæд мæ дæ фенын бафæндыд. Чи дæ? Кæмæй дæ? Кæцон дæ? Цы хъуыдытимæ нæм сæмбæлдтæ? Дæ фысимæн йæ хъуыддаг у уазæджы сбуц кæнын, æмæ йæ адæттæй афæрсын куы байрох уа. Ацы хъæуы сылгоймæгты хистæр дæн, æмæ мæм бафæрсыны бар хауы. Сæрдыгон бон даргъ у, дæ хабæрттæ нын ракæн. Афтæ ма зæгъ, æгъдау халæг стæм, фæлæ æнæ уыцы хабæрттæ базонгæйæ, дарддæр нæхи куыд дарæм, уый нæ зонæм…

Уазæг йæ ныхас райдыдта:

– Суазæг мæ кодтат, бузныг, Хуыцау уын арфæ ракæнæд. Æз дæн нартæй, хуры цот дæр ма нæ хонынц. Цæрæм хохы. Ардæм æрцыдыстæм къордæй. Æз раздæр рацыдтæн фæндаг базоныны тыххæй. Хъæдрæбынæй уæ хъæу разынд. Кастæн, цал хæдзары дзы ис, уый банымадтон. Фылдæр кастæн, хъахъхъæнджытæ дзы чи ис, цал сты,

чи сты, æмæ бæхджын сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттæ йеддæмæ никæй федтон. Федтон уын уæ фосы æмæ бæхты рæгъæуттæ, лыстæг фос. Уæ фос хъахъхъæнджытæ дæр цыма сывæллæттæ уыдысты, афтæ мæм фæкасти. Кæм æмбæхст уыдтæн, уырдæм хæстæг федтон ног хуымгонд зæхх. Лæппу дзы хуымы къуыбæрттæ къæпийæ пырх кодта, хъизæмарæй марди. Æз ын фæтæригъæд кодтон æмæ хуымы кæронмæ рацыдтæн. Лæппу мæм йæ къæпийæ бартхъирæн кодта. Тынг ныфсджын гуырд разынди, афтæмæй нырма, махмæ лæджы бындзæфхад кæй фæхонынц, ахæм у. Иу æвзагыл дзурæм, уый рабæрæг, æмæ йын йæ къух фæрог кодтон, фæкастæн æм хуыммæ базилынмæ. Уый мæ ацы хæдзармæ æрбакодта, æмæ мæ ам æрбаййæфтай. Нарты адæмæй дæн, цæрæм хæхбæсты. Мæнæ сымах цы цæугæдоны был цæрут, уый у къабаз æндæр стыр цæугæдонæн, мах æй хонæм Хъобандон (Кубань). Фæлæ цалынмæ нæ бæстæйы тыххæй радзурон, уæдмæ уал мын уæхи хабар ракæн. Уæддæр сгарæг дæн.

Тауырзæт уæлдай ницыуал загъта æмæ йæ ныхас райдыдта:

– Мах, æвæццæгæн, стæм гуымиртæй. Нæ цард, нæ уæлæдарæс, нæ хотыхтæ, нæ бæрæгбонтæ сты уыдонимæ иухуызон. Бæргъуаны адæмæй нæ хонынц. Гымиртæ тыхджын адæм сты. Цардыстæм æртæ стыр хъæуы. Адæм – бирæ, арæх цыдысты стæры æмæ-иу бирæ мулк æмæ фос ратæлæт кодтой. Нæ раздзог уыди авд æфсымæры хистæр, æмæ уыцы авдæн дæр сæ фæстæ бирæ адæм уыди. Æфсымæртæм чи нæ хъуыста, уый-иу маргæ дæр акодтой, æмæ нæ хъæуты раздзог æвзаргæ нал кодтой, адæм сæхицæн тарстысты. Нæ раздзоджы та схуыдтой Авдсæрон, авд æфсымæры хистæр. Æнæ Авдсæрон нæ куывды хабар, нæ æхсæнадон куыст – иу хъуыддаг дæр нал кодтой. Хъуамæ алцæмæн дæр бар радтаид Авдсæрон, æмæ уыйадыл йæхи хонын райдыдта Авдсæрон-æлдар, алцы дæр мæ къухы ис, алцæмæ дæр, дам, бар дарын, æмæ залымау æгъатыр сси.

Иуафон Авдсæрон фидиуæг арвыста æртæ хъæумæ, цæуæм, зæгъгæ, хæстæй нæ сыхæгтæм. Сæхи нарт хонынц, æмæ сæ ныццæгъдæм, цалынмæ нæ бабирæ сты, кæннод нæ цæрын нæ уадздзысты. Дыууæ хъæуы цæрджытæ ницы загътой, кæддæриддæр – балцмæ æмæ стæрмæ рæвдз æмæ æрлæууыдысты йæ цуры. Фæлæ мах хъæуы хистæртæ загътой, мах йæ фæдыл нæ цæуæм, махæн нарты адæм ницы знаггад скодтой, Авдсæрон нын æлдар кæй нæу.

Уæд æгъатыр Авдсæрон загъта, Дæллагхъæу кæд æхххуысмæ нæ цæуынц, уæд махæн цæстысындз сты, æмæ сæ фæцæгъдæм. Бæргъуанæн бабар кодта нæ хъæуы цæрджыты бындзагъд ныккæнын. Уый æд æфсад йæхиуыл изæрдалынг бакодта æмæ афтæмæй æрбалæбурдта. Лæджы мыггаг нал ныууагътой, лæппутæй уæрдоны цалхæй бæрзонддæр чи уыди, уыдоны дæр мардтой. Мæнæ дæ фысым Дзарисар æгасæй баззад – уæззау цæфтæ фæци, æмæ йæ мард фæхуыдтой. Фыдгæнд бакодтой, цæмæй Авдсæронæн йæ койæ дæр тæрсой, ома йæ хионыл чи нæ бацауæрста, уый æцæгæлонæн та цы митæ бакæндзæн. Уыимæ тæлæт нæ кодтой, хæдзæрттæй дæр ницы ахастой, нæ фосы рæгъæуттæм нын нæ бавнæлдтой, судзгæ дæр ницы бакодтой. Авдсæрон загъта, сылгоймæгтæ æмæ сывæллæттимæ кæй нæ хæцы, æнæ нæлгоймагæй та уæддæр бирæ кæй нæ фæцæрдзыстæм. Фосы дзугтæ хизын хъæуы, бæхрæгъæуттæ фæлидздзысты, чи ма дзы баззайа, уыдон та тугдзых сырдтæ ныццæгъддзысты æнæ хъахъхъæнæгæй, æмæ сын зымæджы аирвæзæн нæй. Ныууагъта нæ мæлынмæ; мах, сылгоймæгты æмæ сывæллæтты сæрыл фæхæцæг нæй, уый зыдта. Сæрæнмæт (сæрмæт) ном ныл баззад гуымирты æхсæн, нæхæдæг дæр нæхи гуымиртæй никуыуал схуыдтам.

Иу хорз, æмæ нын Дзæрисар фервæзт. Уый хæдзары-иу раздæр дæр æмбырд кодтам, куырды лæг уыди, йæ ныхасмæ хъæубæсты адæм кæддæриддæр хъуыстой. Ногæй йын йæ цæфтæ бабастам, æмæ рабадт. Уавæр куы бамбæрста, уæд нын бауынаффæ кодта: «Нæ мæрдты æгъдаумæ гæсгæ бафснайæм, хæсты рæстæг бирæ мæрдты иумæ куыд бавæрынц Садвæнзæппадзы, афтæ, æндæр гæнæн нын нæй».

Райдыдтам уæд цыдæртæ змæлын. Чындздзон чызджытæн æмæ, дыууæ сывæллонæй фылдæр кæмæн нæ уыди, уыцы сылгоймæгтæн сæ иу хай арвыстам зæппадз цæттæ кæнынмæ. Хъæуы фос – бирæ, æмæ уыдонмæ дæр зилын хъуыди, хæринаг кæнын рынчынтæн æмæ зæрæдтæн, æмæ уыдоны кой кодтой иннæ чызджытæ. Фос хизынмæ та чызджыты æндæр къорд аскъæрдта. Афтæмæйты цалдæр бонмæ нæ мæрдты бафснайдтам.

Ногæй та æрæмбырд стæм æмæ тæрхæттæ кодтам, дарддæр нæ цард куыд саразæм, ууыл. Цæмæй не знаджы фæндиаг ма фæуæм, уый тыххæй нæ исты æрхъуыды кæнын хъуыд. Дæхæдæг федтай, цæрæм хæхтæм хæстæг цæугæдон Уæрпы был. Кæлы Уæрпцъитийæ,

дыууæсæрон хох дæр æй хонæм. Донæй нæ ‘фсады, фаг у нæ фосæн дæр. Фыццаг аз фосæй бирæ фæцагъды. Хорз æмæ саузым скодта, æнæ мит зымæг, куы-иу æруарыд мит, уæддæр-иу бон атад, æмæ уый руаджы аирвæзтыстæм. Кæрæдзийæн æххуыс кодтам, нæ бон куыд уыди, афтæ. Нæхæдæг – хуымгæнæг, фыййау, бæхгæс æмæ хъæддзау дæр. Уæдмæ уалдзæджы хæрынмæ бæзгæ кæрдæджытæ фæзындысты, æмæ фервæзтыстæм.

Лæппу афтæ лæмбынæг хъуыста, æмæ йæ йе ‘ххормаг дæр айрох, хæринаг æй нал æндæвта.

Ныр Дзæрисар ныхас айста:

– Рæстæг рацыди, æмæ мæм иубон чындздзон чызджытæ æмæ идæдз æнæсывæллон устытæ æрбацыдысты. Загътой: «Нæ туг куынæ райсæм, уæд нын цæрæн нæй, æмæ нæ гуымиртæ цæрын дæр нæ бауадздзысты. Уыдон куынæ уой, уæд та æндæр исчитæ. Сахуыр нæ кæн æфсæддон хъуыддагыл».

Къулыхæй дæр мæ бон бæхыл бадын уыд, æмæ мæ уынаффæ – чызджыты æфсад саразын. Тауырзæт æмæ иннæ устытæ сразы сты. Чызджытæй алчи дæр бæхыл бадын æмæ бæхмæ базилын зоны, уæдæ фат æхсын дæр – афтæ. Фат æмæ æрдын скæнын зыдтой, фос хъахъхъæнгæйæ тугдзых сырдты мардтой, иуæй-иутæ цуаны дæр цыдысты. Бæхыл бадгæйæ, æнæ дзыларыл хæцгæйæ тагъд уайгæйæ æхстой нысантæ фатæй. Уыцы рæстæг æрхъуыды кодтам æгъдæнцæйттæ, цирхъæй æмæ æхсаргардæй хæцын æнцондæр куыд уа. Чызджытæ бонæн йæ иу æмбис алы хæцæнгарзæй сæхи фæлтæрдтой, иннæ æмбис та хæдзары куыстытæ кодтой. Фос хизын æмæ хъахъхъæнынæн сын сывæллæттæ дæр æххуыс уыдысты.

– Æмæ уын хæцæнгарз-хотыхтæ кæм уыди, æфсæйнаг тынг зынаргъ куы у, уæд? – афарста уазæг.

– Авдсæроны æфсад хæдзæрттæм нæ бавнæлдта, æмæ нæм уым дзæвгар баззад алы хæстон дзаумæттæ.

Уалынмæ бæхы къæхты хъæр райхъуыст, æмæ Артхур йæ бынатæй фестад. Æрбахызт хотыхджын лæг. Бинонтыл узæлгæ цæстæнгас ахаста æмæ, уазæг – Хуыцауы уазæг, зæгъгæ, бакодта. Йæ гæрзтæ тæрхæджы кæрон æрæвæрдта, йе ‘фсæн така-худ систа æмæ… мыдхуыз дзыккутæ æркалдысты! Бæрзонд, нарæгастæу, хæрзконд – æвæджиауы рæсугъд чызг!

Уазæг лæугæйæ баззад. Чызг æм зулаив бакаст, йæ мидбылты бахудт æмæ хæдзармæ бахызт. Дзæрисар загъта:

– Уый мæ чызг Зæринæ-Хурзæрин у.

Чызг уайтагъд фæстæмæ фездæхт. Йæ уæлæ – хæрдгæхуыд къаба, йæ сызгъæрин æндæхтæ изæры сæуæхсидмæ æрттывдтытæ калдтой, йе ставд быд дзыкку уæрджытæм хæццæ кодта, йæ нарæг астæуыл – чыпха рон цармæй конд нывæфтыдтимæ. Бæрзонд, хæрзконд лæппу уымæн дæр йæ зæрдæмæ фæцыди. Бурхил-сырхбын сæрыхъуын – цыбыр æлвыд, æрвхуыз цæстытæ æртывдтытæ калынц чызгмæ кæсгæйæ. Бæрæг уыд, æгæрон тыхы хицау кæй у, уый дæр.

Чызг фынгыл хъарм хæринаг æмæ æртæ кæрдзыны æрæвæрдта, Хуыцауы ном ссарут, зæгъгæ.

Лæппуйы бынтондæр бауырныдта, йæ адæм йæ фысымтимæ иу æгъдауыл хæст кæй сты. Тауырзæт та йæ ныхас дарддæр нывæста:

– Ма фесæфыны охыл æрбангом уæвынæн устытимæ рахастам ахæм уынаффæтæ: ницæй тыххæй ма хыл кæнын, хоты хуызæн цæрын; фидистæ, уайдзæфтæ, æфхæрæн ныхæстæ, фаутæ æнæ хæцæнгарзæй марынц, æмæ нæ хъуыдыйы кæрон дæр ма уæнт; кæрæдзийæн хатыр кæнын зонын; хи цæстæфхæрд, цæстдзыдæй, хингæнджытæй хъахъхъæнын. Алчи дæр хъуамæ тæрса худинагæй, зæгъгæ, загътам, æмæ ууыл ахицæн нæ ныхас.

Дзæрисар бафтыдта:

– Тауырзæт рæстуд æмæ фæзминаг адæймаг у. Кæрдæджытæй дзæбæх кæныны, маргджын буаргъæдтæ æвзарыны зонындзинад æм ис, æмæ чызджытæй кæйдæрты дæр сахуыр кодта.

Ныр уазæг йæ хабæрттæй райдыдта фæрсын чызджы. Æрхатыд:

– Мæнæ мын дæ фыд радзырдта, æфсæддон къорд кæй сарæзтат. Радзур мын уæ хæстон зонындзинад стæры цæуыны æмæ хæцыны тыххæй.

– Нæ нымæц фондзсæдæмæ куы схæццæ, уæд мæ фыды бафарстам, нæ тыхтæ æмæ нæ хæстон зонындзинæдтæ кæм бавзарæм, зæгъгæ, æмæ нын загъта, не знæгтимæ хæцæн нын кæй нæма ис – æгæр бирæ сты æмæ ма æдзух – хæстæввонг. Дон-дон, дам, ныгуылæнырдæм куы ацæуат, уæд денджызмæ ныххæццæ уыдзыстут. Уым ис бердзенаг хъæздыг хъæутæ, æмæ уæ кæд истæуыл сахуыр кодтон, уæд уал уым уæхи равдисут. Лæмæгъ сæ нæ хуыдта, фæлæ зыдта, æдзух æфсад кæй

нæ дарынц. Сæ хъæуты-сахарты сæ сæргъы вæййы æвзæрст адæм, махау хистæрты уынаффæйæ нæ цæрынц. Æвзæрст адæм та, цы хъалон сæм цæуы, уый фылдæр сæхиуыл хардз кæныны зондыл лæуд сты æмæ æвиппайды æрбабырстмæ цæттæ нæ вæййынц.

Мæ фыд ма нын бацамыдта, цæмæй уал сгарджытæ барвитæм. Чи исты æлхæнæг бацæуæд, чи – цæрмттæ æмæ цыхтытæ уæйгæнæджы ‘фсон, æмæ афтæмæй базонын, хъахъхъæнджытæ дзы кæд ис, уæд кæцы рæтты фæлæууынц бонæй æмæ æхсæвыгон, цавæр гæрзтæ сыл вæййы. Базонын ма хъæуы, кæмæ цы хæзна ис, мулк. Хъæздыг сахар куы уа, уæд уырдæм цæугæ у. Денджызы был исты наутæ кæнæ бæлæгътæ ис, уæд уыдон дæр сты хъæздыг сахары миниуæг… Фæдзæхста ма нын, мæгуыр хъæу куы уа, уæд цæмæй зыд ма кæнæм, бæхтыл рифтæгты ахæссын цы нæ бон уа, уый æмæ ма гæрзтæ, æфсæйнаг, хъуымæцтæ йеддæмæ цæмæй мацы исæм.

Дзæрисар æмæ Тауырзæт баулæфынмæ ацыдысты, афтæ ма уæддæр чызг æмæ лæппу сæ ныхас нæма фесты.

– Дзæрисары амындмæ гæсгæ не ‘фсад фондз дихы акодтам, алкæцыйæн дæр – йæхи раздзог. Уыцы фондзимæ дæр рагацау баныхас кодтам, чи сæ цы ми кæндзæн. Æз сæ фæтæг, мæ хæдивæг – Бурхан. Чызджытæн загътам, алчи дæр нæ хæцынмæ цæттæ у, фæлæ алчи дæр раздзогмæ куынæ хъуса, иудзинад не ‘хсæн куынæ уа, уæд кæй ницы æфсад стæм. Чызджытæ ард бахордтой, кæрæдзийыл гадзрахатæй кæй никуы рацæудзысты.

Нæ фыццаг балц уыди денджызы был хъæу-сахармæ. Лыстæг фос уæйгæнæг цыма стæм, уый хуызы бацыдыстæм. Цалдæр боны сахары цардыстæм æмæ нæ цыдæриддæр хъуыди, уый базыдтам æмæ бабырстам. Хъахъхъæнджытæй нæм гæрзтæ чи фæдардта, уыдоны уæлбæхæй фаттæй фехстам æмæ хъæуыл сиргæ æрзылдыстæм. Хотыхджын хъахъхъæнджытæ уым цалдæр уыди, æмæ сæ фæцагътам. Хъæуы цæрджытæ, уый фенгæйæ, схæцын нал бауæндыдысты.

Мах, фондз раздзоджы, иу хъæздыг хæдзары æрбынат кодтам. Уырдæм нæм хъæуы æвзæрст адæм æрбацыдысты. Кæрæдзийы æмбаргæ нæ кодтам æмæ стыхстыстæм. Нæ цуры нын хæрд æмæ хъæбæр нозт æрæвæрдтой, ома бафидауæм.

Мæ фыд мæ куыд ахуыр кодта, афтæ хъæуы ахизæнтыл сæвæрдтам къæрцхъус чызджыты æмæ сын бабар кодтам, уадзгæ дæр куыд никæй

кæной æмæ хъæумæ дæр макæй æрбауадзой, цæмæй нæ чъылдымцæф мачи фæкæна. Уæдмæ кæцæйдæр тæлмацгæнæг æрбахуыдтой, æмæ ныхас кæнын байдыдтам. Фæрсы нæ:

– Чи стут, кæцон стут?

– Æнæзæнæг чызджыты æфсад стæм.

Цæрджытæн нæ ныхас куы загъта, уæд кæрæдзимæ бакастысты, уый фæстæ – махмæ. Дзолгъо-молгъо скодтой сæхирдыгонау.

Тæлмацгæнæг та фæрсы:

– Кæцон стут?

– Уæрпаг. Уæрп кæм ис, уырдæм хæстæг цæрæм.

Бердзенæгтæ та тынг стыхстысты, кæрæдзийæн цыдæртæ дзурынц, махмæ амонынц, фылдæр та нæ гуыры кондмæ. Бердзенæгты не 'мбæрстам, æмæ нæ тæлмацгæнæгмæ бартхъиræн кодтам, кæд нæ хынджылæг кæнынц, зæгъгæ. Уый фæтарст æмæ хъæуы цæрджытæм цыдæртæ дзуры. Уый фæстæ загъта, æнæзæнæг чызджыты æфсад кæй нæ бамбæрстой. «Æнæ» бердзенæгтæм фехъуысти «æмæ», æмæ «æнæзæнæгæй» рауади «æмæдзонкæтæ», ома æнæриу. Кæсынц уын уæ риутæм, æмæ уæм ницы аипп уынынц…

Уæдæ «уæрпаг» ныхас дæр се 'взаджы нæ уыд, разынд дзы «ойропат», уый хуызæн сæм фехъуыстис. Амоны «лæгмар», æмæ, сæ хъуыдымæ гæсгæ, сæ хъæумæ æрбалæбурдта лæгмар чызджыты æфсад. Гъемæ нæ сæхирдыгонау рахуыдтой «амазонкæтæ». Уæдæй фæстæмæ, стæры кæдæмфæнды дæр цæугæйæ, амазонкæтæ систæм.

Хъæуы минæвæрттæ та, æндæр фыдбылыз сын кæй нæ ракæндзыстæм, уый куы бамбæрстой, уæд нын цалдæр бонмæ хъалон æрцæттæ кодтой. Фыццаджыдæр нын æрæвæрдтой дари хъуымæцтæй хуыд сылгоймаджы уæлæдарæс – мæнæ мæ уæлæ дæр ахæм къаба, сызгъæрин æмæ æвзист æндæхтæ, цалдæр хуызы цыллæ хуымæцтæ, къухыл æмæ къахыл дарæн сызгъæрин аивгæнæнтæ, фæрдгуытæ, сызгъæрин æмæ æндæр хæзнатæ. Кæцыдæр дзаумæттæ цæмæн хъæуынц æмæ куыд даргæ сты, уый зонгæ дæр нæ кодтам, не 'мбæрстам.

Загътам сын, кæй нæ хъæуы мæнæу, хъæбæрхор, нартхор, хæрынмæ æмæ садзынмæ чи бæззы, ахæм хоры нæмгуытæ – уалдзæгмæ нын хæринаг фаг нæ кодта. Хуым кодтам æфсæнбырынкъ дзывыртæй, фæлæ, цы тыллæг æмбырд кодтам, уый нæ фаг кодта, æмæ æдзух æрдæгæххормаг цард кодтам.

Ærævæрдтой ма нын æфсæйнаг дзаумæттæ, æрхуыйæ конд цуайнæгтæ, куырды æртдзысгæнтæ, аркъаутæ, дзæккортæ, бæлдотæ æмæ хъæсдарджытæ. Дзæкъулты – æрзæт, æвзалы æмæ æндæр дзаумæттæ, нæхæдæг кæй федтам æмæ цæмæдæриддæр бацамыдтам, уый. Цы нын æрцæттæ кодтой, уыдон сæвæрдтой уæрдæтты.

Нæ фæндаг скодтам цæгатæрдæм, цæмæй нæ исчи сурынвæнд куы скæна, уæд ма базона, кæцырдæм цæуæм, кæм ис нæ бæстæ, нæ цæрæн бынат. Уæрдæтты цæлхыты фæд куыд нæ зына, афтæ фæсте тардтам стурвос, хæрынмæ кæй ракодтам, уыдон æмæ ма ноджыдæр цалдæр сусæгдзинады нæ фæдтæ æмбæхсынмæ.

Цыдæриддæр æрхастам, уыдон адæмыл байуæрстам. Æфсæн æмæ згъæрæй цыдæриддæр уыди, уыдон Дзæрисар райста. Бердзенты сахарæй куы цыдыстæм, уæд цæрджытæн фехъусын кодтам, кæд искæмæн йæ цард ацы бынаты нæ цæуы, исты хъыгдард у, уæд махимæ рацæуæд, æрмæст æфсæйнаджы кæнæ хъæды куысты дæсныйадыл хæст куыд уа, афтæ. Разынд ахæмтæ, æмæ сæ сæ цæстытæ бастæй ракодтам. Афтæ ахицæн нæ фыццаг балц.

Рæстæг цыди, кæстæртæ хъомыл кодтой, æмæ нæ нымæц фылдæр кодта. Нæ балцыты-иу нæ чызджытæ сæхицæн къæйттæ дæр бацагуырдтой, æмæ афтæмæй нæ мыггаг нæ сыскъуыди…

Бирæ бæстæты нæма уыдыстæм, фæлæ диссæгтæ федтам. Денджызмæ кæсынæй не ‘фсæстæн, уылæнтæ удæгас цæрæгойау куыд улæфынц, уый мæ дисы æфтыдта. Хæхты рæзты цæугæйæ та нæм разынд дыууæ бæрзонд урссæр хохы. Мах сæ Уæрп хонæм, зæдбадæнтæ. Раст цыма фырытау кæрæдзийы хойынц, афтæ фæзынынц.

Дзæрисар ма фыдæлтæй фехъуыста, хурыскæсæнæрдæм бæхтыл цæугæйæ, æндæр денджызмæ бахæццæ уæвæн кæй ис, фæлæ уыцырдыгæй нæма уыдыстæм. Хæхты сæрты барджытæн ахизæн ис цалдæр æфцæгыл, уым дæр – бирæ хъæзныг хъæутæ æмæ сахартæ. Искуы сæм цæудзыстæм.

* * *

Райсомæй уазæг Дзæрисар æмæ Тауырзæтæн йæ ныхас дарддæр ракодта:

– Сымах цы цæугæдоны был цæрут, уый у æндæр доны къабаз, мах æй Хъобандон хонæм. Дон-дон куы цæуай цалдæр боны дæргъы, уæд тынг фæтæн коммæ бахæццæ уыдзынæ, Хъобан кæцæй кæлы, уыцы

коммæ. Хъобандонмæ стыр фарсдон кæм бакæлы, уым ис нæ цæрæн бынат. Фос дарынæн æмæ хуым кæнынæн чи бæззы, ахæм зæхх дзы фаг ис. Доны – кæсаг, тархъæды – æнæвнæлд къохтæ æмæ цуаноны аккаг бирæ сырд. Комы фалдæр куы бацæуай, уæд уым та – чъырдур къæдзæхтæ, æмæ дуртæй чъыр судзæм. Сырх бæрзонд къардиу къæдзæхтæн, фат куы фехсай, уæд уый цæйбæрц атæхы, дыууæ-æртæ ахæмы – сæ бæрзæнд. Комы æрбацæуæны æмæ ранæй-рæтты нæ зæххытыл дæр уæлæмæ ис къахвæндæгтæ, фæндæгтыл – суадæттæ.

Доны былтыл цалдæр хъæуы ис, махимæ иу æвзагыл чи дзуры, ахæм адæм. Нæ хъæуты адæм æвзæр нæ цардысты: зæхх – бирæ, фос дæр – афтæ. Ноджы ма нæ фыдæлтæ арæх цыдысты стæры æмæ бирæ хæзнатæ хастой. Куывтой Хуыцаумæ, зæдтæ æмæ дауджытæм. Куырдтой фарн – царды цыдæриддæр хорзæй ис удыхъæдæй, зæрдæйæ, зондæй, æгъдауæй. Хуыцауæй тæрсгæ нæ кодтой, – исчи дæр ма йе сфæлдисæгæй тæрсы – тарстысты йæ фыдæхæй.

Фæлæ рæстæг цыди, æмæ стыр, тыхджын мыггаг фылдæр зæхх бацахстой æмæ фосæй, мулкæй кæрæдзийæ дих кæнын байдыдтой. Афтæмæй та, иумæйаг куыст чи кæны, хъæздыг уыцы хæдзар кæны. Бирæ бинонты ‘хсæн фæзыны ахæм кæстæр фæсивæд, кæцытæн сæ бон у хæтæнты, стæрты цæуын…

Нæ хистæртæ нын дзырдтой: «Иу лæг æфсæддон у, дыууæ лæджы – æфсад сты». Не ‘хсæн хъуамæ ма уа бынат мæнгард, дызæрдыг, козбау ми, гадзрахатдзинадæн. Хæдзары хистæры фарн бирæ у, ныфсы хос у кæстæртæн.

Мæ фаззон æфсымæр Хъæбатыримæ цалдæр хатты уыдыстæм стæры нæ хистæртимæ æмæ цыдæртæ æмбæрстам. Цалдæрæй баныхас кодтам стæры къорд æрæмбырд кæныныл. Рагон æгъдаумæ гæсгæ кусарт акодтам, галы царм æртыхтам æмæ цармыл галы фых дзидза кæрстытæй æрæвæрдтам. Мах фæдыл чи цыди, уый-иу хай систа, ома рæвдз дæн сымахимæ цæуынмæ.

Лæппутæй алчи дæр бæхыл хорз бады, уый иу хабар у, фæлæ ма нæм ис Цæуæггаджы æгъдау дæр. Лæппуйыл æртæ азы сæххæст, зæгъгæ, уæд хæдзары лæджы ном хæссы, йæ хъомыладыл дзуапп дætты нæлгоймаг. Хистæр фæсивæд ын райдайынц хи дарыны æгъдæуттæ амонын, фæахуыр æй кæнынц фат æмæ æрдынæй æхсын. Хъазгæ – уæд хъулæй, хъæлæй, дурæй нысан æхсынæй, уæззау дуртæ исынæй.

Хъулæй хъазын лæппуты кæны рæстдзæвин, дæргъы бæрц барын дæр æй нæ хъæуы, иу бакастæй йæ зоны. Бирæ рæстæг хъулæй куы хъазай, уæд лыстæг нысан дурæй акъахын дæ бон бауыдзæн. Хъæлæй хъазын дæр кæны рæстдзæвин – раст æмæ тынг ныццæвынæн хъæуы тых æмæ цырд уæвын.

Фат æмæ æрдынæй æхсыны хъазт дæр нæм ахсджиагыл нымад у. Афтæ ма – лæдзæгæй конд цирхъ кæнæ æхсаргардтæй хæцын. Кæнæ, бæхыл бадгæйæ, цыбыр арцæй нысан къахын. Арцæн йе 'фсæн бырынкъыл дыууæрдыгæй ис къæпсыртæ знаджы бæхæй раппарынæн. Уарт нæм у тымбыл, хъæдæй, галы, хуыздæр та къамбецы цармæй тыхт.

Стыр кард-ахъынæгæй, æхсаргардæй хæцынмæ дæр дæсны стæм, арц дæр нын æнæзонгæ нæу. Стæм ма лыстæг гæрзтæй быд бæндæн-æртæнгæй бæх ахсынмæ арæхстджын. Алы хæдзары дæр ма нæм лæппуйы ахуыр кæнынц хъæбысæй хæцын æмæ кафынил. Тымбыл кафты алы змæлд дæр истæмæн нысан у. Бынæй уæлæмæ къух рахизæрдæм фелвæстай, уæд уый амоны, æхсаргарды цæф кæй цæуы астæуыл, кæнæ астæуæй дæлæмæ. Дæ ныхмæлæууæг æнхъæлы, кард уæлæмæ исдзынæ уæле дæлæмæ цæвынмæ, æмæ йын æхсаргарды æндæр хуызы цæф æнæнхъæлæджы разыны. Ацы кафтимæ лæппутæ сæхи цæттæ кæнынц æнæ гæрзтæй хæцынмæ дæр – мустучъийæ, рæмбыныкъæдзæй, уæрагæй, уæлфад æмæ дæлфадæй, зæвæтæй, сæрæй.

Нæхи хуызæн бæхджын адæмимæ нæ фыдæлтæ арæх хæцыдысты, æмæ уын ахæм тохы иу сусæгдзинад Зилгæтохы тыххæй радзурон. Не знæгтæ, зæгъæм, бирæ фылдæрæй быдыры нæ размæ æрлæууыдысты. Мах-иу рагацау базыдтам, кæм ис хæстæг къох, обау, адаг, цæмæй æфсады фылдæр хай уымыты æрæмбæхса. Цъымара ран æмæ хъамылы уæззау барæг кæм ныхса, ахæм рæттæ дæр нæ хъуыдыйы дарæм знæгты уырдæм басайынæн.

Дарддæр иу къорд, дæс æмæ дыууиссæдзæй сæдæйы онг барæджы, сæ ныхмæ рацæуæм кæрæдзийы фæдыл халæй. Не знæгтæ уынынц, бирæ не стæм æмæ нæ тæрсгæ нæ кæнынц, дардæй нæ фатæй не 'хсынц, æнхъæлмæ кæсынц. Махæн нæ гыццыл къорд тынг ифтонгджын у. Алкæуыл дæр згъæр хæдон, уыдоныл дæр ма згъæр цæгтæ, цæппузыртæ æмæ цыппæрдигъон згъæры гæбæзтæ хуыд. Сæрыл – æфсæн худ, арæхдæр цъупп, галиу къухы – тымбыл уарт æфсæн кæрæттимæ.

Бæхтыл не знагмæ куы баввахс вæййæм, уæд раззаг барæг цирхъæй рахизæрдæм знæгты цæвын райдайы, æмæ сæ рæзты аздахы йæ бæхы галиуæрдæм. Йæ фæстæ чи цæуы, уыдон дæр рахизæрдæм цирхъæй кæнæ æхсаргардæй знæгты æрцæвынц. Нæ ныхмæлæуджытæн сæ бон у æрмæстдæр галиуæрдæм цæвын, æмæ сæ рæзты агæпп ласæм. Разæй чи цæуы, уый тагъд æрбаййафы, фæсте чи цæуы, уый, æмæ кæрæдзийы фæдыл зилæм, цалхы хуызæн, знæгты цæгъдгæйæ. Афтæмæй се 'хсæн арф бацæуæм. Уыдон ныл æрхъула вæййынц, æмæ иннæрдæм нал фæкæсынц. Уыцы рæстæг не 'фсадæн йе 'мбæхст хай æрбалæбуры æмæ знагимæ схæцы. Зилгæ тохы чи цæуы, уыдонæн аирвæзæн нæй – сæ цард раттынц иумæйаг уæлахизы тыххæй. Чи райгуыры, уымæн йæ адзалы бонæн æнæ 'рцæугæ нæй, ахæм фæтк Хуыцауæй лæвæрдæуы, æмæ мæлæтæй нæ тæрсæм.

Ахæм у нæ къорды хъуыддаг. Зонын, гуымиртæ мах адæмимæ дæр кæй хæцыдысты, цæрын нæ нæ уагътой. Сымахæй цы фехъуыстон, уыдæттæ нæ хистæртæн радзурдзынæн къæрцхъус уæвыны охыл. Ныр та цæуон ме 'мбæлттæм…

Уыцы рæстæг чызг хæдзарæй рахызт, лæппуйы ныхæстæ айхъуыста æмæ йæ кæрдæгхуыз цæстытæй бафарста: «Мæн ам куыд уадзыс?» Зæгъгæ та кодта: «Дæ фæндаг раст уæд, æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн!»

Дзæрисар бафæдзæхста:

– Куыд æй бамбæрстон, афтæмæй нарты адæм æххуысмæ рæвдз сты. Де 'мбæлттимæ кæд баныхас кæнай, уæд уæм æнхъæлмæ кæсæм. Фенут, куыд цæрæм, цæмæ бæллæм, нæхи балцытæм, стæртæм, гуымиртимæ хæстмæ куыд цæттæ кæнæм. Кæд кæрæдзийы бамбарæм, уæд дарддæр хъуыды кæндзыстæм нæ иумæйаг балцыты тыххæй. Ныфсæн иу зæрдæвæрæн ныхас дæр æгъгъæд вæййы. Æнхъæлмæ уæм кæсдзыстæм.

…Цалдæр боны фæстæ хъæдæй разындысты гæрзифтонг барджытæ. Дыгæйттæй цыдысты, сæ разæй – дыууæ фаззон æфсымæры æмхуызон бæхтыл. Дзæрисары хæдзары сæм æнхъæлмæ кастысты Зæринæ æд хотыхджын чызджытæ æмæ зæриндзыкку Бурхан.

Зæринæ, фаззæттæй йæ уарзон кæцы уыди, уый не 'взæрста, цалынмæ йæм Артхур йæхæдæг сдзырдта, уæдмæ. Чызг ын йе 'фцæгыл ныттыхсти. Хъæбатырæн та Бурхан йæ зæрдæмæ фæцыди – æрвхуыз цæстыты фæлмæн рухсæй йæ сæр разилæгау кодта.

Уайтагъд хъæуы иннæ цæрджытæ дæр æрбамбырд сты. Тауырзæт загъта:

– Ацы лæпputы къорд сты нартæй, æрбацыдысты махимæ иумæ гуымиртимæ хæцынмæ, æмæ сæ суазæг кæнæм.

Уый фæстæ уазджытæм разылд:

– Равзарут уæхæдæг фысимы чызджыты ‘хсæнæй. Мах æгъдаумæ гæсгæ чызг йæхæдæг æвзары йæ мойы, фæлæ нæ сæрыл хæцæг стут, æмæ уын абон ахæм бар дæттæм. Райсом та нæхи иумæ цæттæ кæнын райдайдзыстæм гуымиртимæ хæстмæ.

Дзæрисар, Хурзæрин, Бурхан æмæ дыууæ фаззон æфсымæры хæдзары ‘рдæм раздæхтысты…

* * *

Артхур æмæ йе ‘фсымæры æфсад чызджыты æфсадимæ иумæ райдыдтой сæхи гуымиртимæ хæстмæ цæттæ кæнын. Сæхи фæлтæрдтой, фæллад уадзыны рæстæг та кæрæдзийæн дзырдтой алы цардыуагон хабæрттæ.

Нарты фæдонтæ сæ фысимтæн раргом кодтой æрдзы цымыдисаг сусæг фæзындтæ.

Æнæзонгæ ранмæ бахаудтæ, фæдзæгъæл дæ, зæгъгæ, уæд хъæуы цæгат æмæ хуссар, скæсæн æмæ ныгуылæн ссарын. Хур бон цыфæнды афæдзы афон дæр адæймаджы аууон тæккæ цыбырдæр сихорафон хурхæтæны æвдисы цæгатæрдæм. Уыцырдæм, зæгъгæ, де ‘ргом куы уа, уæд дæ рахиз къух æвдисдзæн хурыскæсæнæрдæм, галиу – ныгуылæнмæ, фæсте та уæд ис хуссар.

Зымæгон мит тайын райдайы хуссарæрдыгæй. Ног мæй арвыл фæзыны изæрыгон ныгуылæнæрдыгæй, зына-нæзына хуссарæрдæм здæхт, тынг къахырæй. Йæ сыкъатæ – галиуырдæм, æмæ раст цыма ног сыгъдæггонд æвзистæй конд у, афтæ ферттивы. Куыд базонæн ис æнæзонгæ ран, ног мæй у æви зæронд, тынг къахыр куы уа, уæд? Йæ кæрæттыл-сыкъатыл дæхинымæр хахх куы æркæнай, уæд дзы рауайдзæн Р ног мæйæн – ома Рæзгæ кæнын. С куы уайа, уæд та цыма мæй зæгъы, сæфтмæ цæуын, йæ сыкъатæ – рахизæрдæм.

Зæронд мæй дыууæ къуыриййы дæргъы къаддæрæй-къаддæр кæны, æмæ свæййы тынг къахыр. Мæйхортæ, дам æй хæрынц, æмæ фесæфы. Мæйдар æхсæв, мæй арвыл куынæ вæййы, уыцы рæстæг, æхсæв нæ фыдæлтæ агуырдой арвыл стъалы Арвы цæджындз, кæнæ Хъадзантемыр. Уый дæр амоны цæгатæрдæм. Агургæ йæ кодтой афтæ:

стъалыты гуппар Фисынмæ цæуджытæ сты, æмæ сæм куы кæсай, уæд хæцæнджын у къусы хуызæн кæнæ стыр цолпы.

Разæй цы дыууæ стъалыйы ис, уыдоныл ххх акæн дæхинымæр, æмæ йыл фондз хатты, стъалыйæ стъалымæ цæй бæрц ис, уый куы авæрай, уæд уым цы стъалы уа, уый у Арвы цæджындз. Æрмæстдæр уыцы стъалы не змæлы йæ бынатæй, хонынц ма йæ Арвы сæмæн, Ахъсахътемыр. Фисынмæ Цæуджытыл къусæн йæ хæцæныл дæлæмæ куы рацæуай дæхинымæр, уæд æрхæццæ уыдзынæ ирд стъалымæ. Нæ фыдæлтæ йæ хуыдтой Æрттиваг стъалы Галгæс. Уымæ дардгомау – Кæрдæджы стъалы.

Зымæгон изæрæй хуссарæрдыгæй разыны стъалыты гуппар Фыййауы Лæдзæг (Лæдзджытæ), сæ цуры – стъалы Арвы цæст кæнæ Хуыцауы цæст. Уыцы стъалыйы фæрцы Хуыцау уыны, Зæххыл цыдæриддæр цæуы, уый.

Арвыл хорз зыны Æрфæны фæд. Уымæ дардгомау – стъалыты гуппар Авд хойы: Уз, Заз, Цицыр, Зæда, Гадæкк, Удыкк æмæ кæстæр Гæда (хивæнд æмæ къæбæда, æдзух иуварс вæййы).

Стъалытæн сæ фылдæр фæтæпп-фæтæпп кæнæ ферттив-ферттив кæнынц, сæ гуппартæ сæ бынат нæ ивынц, уыцы иу гуппартæй зилынц Арвы цæджындзы алыварс. Фæлæ ис бæлвырд цалдæр стъалыйы, æмæ уыдон æхсæвæй-æхсæвмæ сæ бынат ивынц иннæ стъалыты гуппарты ‘хсæн – Бонвæрнон, Мустари, Марих.

Хурыскасты размæ скæсæнæрдыгæй разыны тынг рæсугъд ирд стъалы Бонвæрнон, изæры ныгуылæнæрдыгæй дæр зыны рæсугъд иунæг стъалы, уый та Изæрвæрнон у…

Ацы æмæ бирæ æндæр хабæрттæ фехъусгæйæ, Дзæрисар загъта:

– Мах дæр уыдæттыл ахуыр кæнæм нæ кæстæрты, фæлæ хохы хи дарын куыд хъæуы, балцы ацæугæйæ, уыдонæй бирæ цыдæртæ нæ зонæм, æмæ сæ мах кæстæртæн дæр радзурдзынæ.

* * *

Иуцасдæр рæстæг ма рацыд, афтæ хъæумæ æрцыди æнæзонгæ чызг. Загъта, йæ мад æй кæй рарвыста. Ардыгон, дам, у мæ мад, цæрæм гуымирты хъæуы, уæ хæрæфырт дæн. Гуымирты æфсад дард балцæй æрцыди, æмæ сæ ныр Авдсæрон æрвитынмæ хъавы ардæм, цы баисты, уый, дам, базонут.

Зæринæ-Хурзæрин фæдзырдта йе ‘фсымæр Болатмæ æмæ йын бабар кодта хъазуат, цырддзаст æмæ цæрдæг лæппуты æмæ чызджыты æрбамбырд кæнын. Бабар сын кодта, цæмæй гуымирты æфсады рæсæн

(лæууæн бынат) кæм ис, цал барæджы сты, сæхи æмæ сæ бæхты куыд хъахъхъæнынц, уыдæттæ базонын. Знаг къæрцхъус у, фæлæ уыимæ, йæ хъуыдымæ гæсгæ, нæ хъæуы цæрæг нал ис, æмæ, дам уын уый феххуыс уыдзæн.

Йæхæдæг иннæ хæстонтимæ равзæрста схæцынæн бæзгæ бынат æмæ та æрбамбырд сты уынаффæмæ Дзæрисары хæдзармæ. Баныхас кодтой, гуымиртæ куы æрцæйцæуой, уæд сын сæ размæ иу гыццыл чызджыты къорд кæй арвитдзысты. Гуымиртæй цыма фæтæрсдзысты æмæ сæ ных равзæрст коммæ сараздзысты. Бирæ кæй нæ уыдзысты, уый хъуамæ знаджы фæсайа. Коммæ арф куы бацæуой сæ фæстæ, уæд сæ нарты æмæ чызджыты æфсæдтæ дыууæрдыгæй ныццæвдзысты. Изæрмæ куы ахæссæм нæ хæст, уæд гуымирты кæрæдзийыл бафтаудзыстæм æмæ кæрæдзийы ныццæгъддзысты. Цæмæй семæ ма фемхæццæ уæм, уый тыххæй нæ алчи дæр йæ къухыл урс хæцъил бабæттæд.

Дыууæ бонмæ сгарæг лæппутæ æрхæццæ сты æмæ радзырдтой, гуымиртæ дыууæсæдæйы бæрц кæй сты. Сæхи тынг нæ хъахъхъæнынц, раст цыма сæ фæллад уадзынмæ рацыдысты, фæлæ æппæтæй дæр сты бæхджынтæ, гæрзифтонг.

Куыддæриддæр баныхас кодтой, афтæ гуымирты размæ арвыстой чысыл къорд. Чызджыты æфсад æрæмбæхст донæн йæ иу фарс, лæппуты æфсад – иннæ фарс. Чысыл къорд гуымирты куы федтой, уæд цыма лидзгæ кæнынц, афтæ сæ фæндаг коммæ сарæзтой. Гуымиртæ сæ фæсте расырдтой.

Уæдмæ хур æрныгуылд. Чызджыты æфсад æмæ нарты лæппутæ знаджы дыууæрдыгæй ныццавтой æмæ сæхи фæфæсвæд кодтой. Гуымиртæ, кæимæ хæцынц, уый нæ равзæрстой, æмæ кæрæдзийыл фæгуырысхо сты. Æмхæццæ æфсад та бæрæг уыд – сæ къухтыл урс хæцъилтæ дардмæ зындысты. Бацыдысты та тохы æмæ знæгты бындзагъд ныккодтой.

Зæринæ-Хурзæрин æмæ Бурхан сæ уарзæтты ссардтой, иннæ чызджытæ дæр сæ лымæнты бацагуырдтой, æмæ кæрæдзийыл цин кодтой, æнæ мард æмæ æнæ уæззау цæфтæй кæй аирвæзтысты, уый тыххæй. Бæргъуаны мæрдты ‘хсæн ссардтой, йæ сæр ын хъæумæ æрхастой æмæ йæ Сæрвæнзæппадзыл æрсагътой.

Дыккаг бон хъæугуывд скодтой æмæ уым Артхур æмæ Хъæбатыр

сæ хъуыды загътой: «Гуымирты раздзог Авдсæроны фесафын хъæуы. Сæ хъæуты ничима зоны, се ‘фсады иу хай сын кæй ныццагътам, æмæ сæ цард æнæмæтæй æрвитдзысты. Авдсæронæн дæр уымæ гæсгæ бирæ хъахъхъæнджытæ нæ уыдзæн. Цыппар-фондз боны цыд у уыцы хъæутæм, фæлæ мах сæдæ барæгæй къордæй, æртыгай бæхтæ алкæмæн дæр, иу бон æмæ æхсæвмæ бахæццæ уыдзыстæм æмæ гуымирты фæцæгъддзыстæм».

Дзæрисар æмæ иннæ хистæртæ уыцы фæндыл дыууæ нал загътой.

Артхур, Хъæбатыр, Зæринæ æмæ Бурхан къорды разæй атындзыдтой гуымирты хъæумæ, æхсæв æмæ бон фæцыдысты æнæрлæугæйæ. Авдсæрон йæхицæн саразта галуан, уым царди, æмæ, уырдæм куы бахæццæ сты, уæд æм балæбурдтой æмæ йæ амардтой. Гуымирты адæм уый куы федтой, уæд йæ сæрыл ничи рахæцыд. Ноджы ма куы бамбæрстой, чызджытæ цы хъæуы цæрджытæ сты æмæ цæмæн æрбабырстой, уый, уæд сæ цæрæн бынæттæй лидзын райдыдтой æмæ куыдфæстагмæ сæфтмæ æрцыдысты…

Нарты æмæ чызджыты æфсад та ратардтой æлдары фос, рахастой, цыдæриддæр мулк ссардтой, уый æмæ сæ хъæуы цæрджытыл байуæрстой. Уыйадыл æнæмастæй цæрынтæ байдыдтой…



*МАМИАТЫ Таймураз*

# НÆ СОМБОНЫЛ НЫН АУДЫ СЫЛГОЙМАГ...

*Уац*

Раджы заманы хæхбæсты куыстытæ Наргомы фылдæр кодтой галтæй. Царды æмæ æрдзон уавæртæ уæззау уыдысты, дыууæ галы дарын алкæй бон нæ уыд. Уымæ гæсгæ-иу скодтой дыууæ хæдзарæй цæдис æмæ афтæмæй куыстой.

Иу фæззыгон бон дыууæ æмцæдисоны сæ галтыл ацыдысты сæ хосы мæкъуылтæ ласынмæ. Тæссаг нарæг фæндаг, зæхх дæр ма фæсалди. Дæллаг галыл фылдæр уæз цæуы, æмæ уыцы бынаты ифтыгътой хъæддыхдæры – æмбисондæн дæр ма куы баззад, дæллаг галы куыст фæкодта, зæгъгæ. Гъемæ тæссары дæллаг галæн тæнæг ихыл йæ къах фæбырыд. Лæг ма йæ ноджы цъæхснаг уисæй æрдзæхст кодта, худинаг, Сауи, худинаг, зæгъгæ. Гал сонт риуыгъд акодта, фæлæ ницыуал – фæдæлгоммæ. Уæллаг галы дæр æфсондзæй рассывта æмæ æд мæкъуыл тæссарæй асхъиудтой. Мæкъуылласæджы æмбал ма фыр мæстæй бадзырдта: «Гъеныр ацу сæ фæстæ коммæ æмæ «худинаг» дзурыны бæсты кардæй стигъгæ кæн».

Мæ ныхас ууыл у, æмæ уыцы цæдисон галты хуызæн иу æфсондзы бын сты не ʽвзаг æмæ не ʽгъдау дæр. Дæллаг галы бынаты, æвæццæгæн, – не ʽвзаг. Иронау куы нæуал дзурæм, уæд ма цавæр ирон æгъдау уыдзæн?! Æвзаджы уавæрыл ныхасæй тыхсæм, фæлæ хъуылæгæй гарачъи куынæ хауа, уæд йæ цагъд цы пайда у?

Ирон хæдзары хæрзгæнæг, цардаразæг, къонайы хъарм хъахъхъæнæг сылгоймаг у. Мады уæздан, рæвдаугæ ныхас къæдзæхтæ бамур, цъититæ бадон кæндзæн. Фæлæ ма уæ æрæджыты кæд чи фехъуыста мады йæ хъæбултæм «гыццийы карк», «дæ нывонд фæуон», «мæ зæрдæ ахæрай», «мæ урс гоко», «дæ сæрыл хаст фæуон» æмæ æндæр ахæм рæвдаугæ ныхæстæй бадзургæ?

Ирон æгъдау бирæвæрсыг æмæ вазыгджын у. Царды ахæм хъуыддаг, ахæм æнæзонгæ къуым ссарæн нæй, æмæ йæ бындур ирон æгъдауыл кæмæн нæ лæууы. Ирон æгъдау уæззауаргъ у, аргъ та, уæлдайдæр царды дæргъвæтин фæндагыл зын хæссæн вæййы. Уымæ кургæ

нæу, æфстау исæн дæр æй нæй. Сабибонтæй йæ куынæ банкъарай, уæд æй цыфæнды ахуыр кæн, уæддæр æй дæ уды арфæй нæ равдисдзынæ, куыд æмбæлы, афтæ.

Хорз æй хъуыды кæнын, райдайæн къæсты ахуырдзау уæвгæйæ-иу мæ хистæр æфсымæр Казикимæ уæлхæдзар куыд лæууыдыстæм, комы дымæгмæ куыд кастыстæм, уазæгмæ бæлгæйæ. Коммæ æрбахизæны мах цардыстæм, ияуылдæр нæ рæзты цыдысты. Арæх-иу ме 'фсымæримæ хæснаг дæр скодтам, чи сæ базондзæн рагагъоммæ, кæй уазджытæ уыдзысты, зæгъгæ.

Абон нæдæр уазæджы хæдзармæ хонæм, нæдæр чындзæхсæв хæдзары кæнæм. Фатеры уавæртæ къуындæг сты? Æмæ хъæуы стыр хæдзæрттæй дæр нæ цины хабар горæтты ресторантæм рахæссынмæ куы тырнæм, уæд уый та цæмæн афтæ у? Цы нысаниуæг ма ис ахæм ногдзинады фыдæй бынаты бардуаг, бынаты фарн, сæрзæдæн? Алы бынатæн дæр хицау ис, уый рох кæнын нæ хъæуы, буц даринаг у! Ирон лæг æхсæвиуаты лæгæты уа, тыгъд быдыры кæнæ хъæдрæбын, йæхи æнæмæнг фæдзæхсы Бынаты хицауыл.

Иу бæлццонил, зæгъынц, хъæды кæрон æрталынг. Бæласы бын æрбынæттон, йæ фæндаггагæй скомдзаг кодта, скуывта, Бынаты хицау, æз де уазæг, дæ фæдзæхст, зæгъгæ. Йæ цæстытæ кæрæдзийыл куыд авæрдта, афтæ хъусы ныхас иу бæласæй иннæмæ, рацу ардæм, не 'хсæв иумæ арвитæм, зæгъгæ. Дзуаппæн райхъуыст, нæй мын цæуæн, уазæг мæм ис, йæхи мæныл бафæдзæхста, зæгъгæ. Уый бæлццоны бæласы дзуапп райхъуыст.

Ома уазæг хæдзары – уый бæрæгбоны хуызæн уыдис. Мæ дыууæ хистæр хойы Замирæт æмæ Ирæ уым, Нары, нæ хæдзармæ æрбамбæлджытæн куыд лæггад кодтой, сæ дзаума æмæ къахыдарæс сын куыд æхсадтой, уый ма хорз хъуыды кæнын. Уæд æмæ ныр дæр æгъдау сылгоймагæй цæуы, æмæ нæ уый рох хъуамæ ма уа. Саби ноггуырдæй хъуамæ уый хъомылад иса, йæ къай йын кæд феххуысмæ тырны, уæд та – æндæр хъуыддæгты, мады хæстæ йæхимæ ма исгæйæ. Ирон æфсин – уый уæздан, æфсармджын, зæдæнгæс, комкоммæ бакастæй хи хъахъхъæнæг, йæ дыууæ быд дзыккуйæн дæр даринаг адæймаг уыд. Цард ивы, фæлæ хи æгъдауыл дарыны, аив дарæсы цæуыны уагæвæрдтæ «демократийы» дуг дæр хъуамæ ма фесафа…

Уæдæ хъомылад æмæ хæдзары æгъдау дæр сылгоймагæй цæуынц.

Уымæ гæсгæ-иу раздæр минæвар барвитыны размæ чызджы нæ фарстой, фæлæ йæ мады. Ахæм бæрнондзинад æвæрд уыд, æмæ бинонты ‘хсæн сылгоймаджы кад дæр нæ цудыдта.

Цæвиттон, нæ мад Хъуылымбегон Финейæн уыдыстæм авд хъæбулы – цыппар лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Хъысмæт æм æгæр æгъатыр разынд – æртæ азы æмæ æрдæгмæ йæ ахсджиагдæртæй сау сыджытмæ фæд-фæдыл ацыдысты йе ‘ртæ хъæбулы, хъæбулы хъæбул, йæ цардæмбал æмæ йæ хистæр сиахс. Казикы зианы фæстæ тынг фæцудыдта, æмæ йæ нæ хистæр æфсымæр Октябрыхъæумæ сæхимæ ракодта, кæд ын гыццыл фенцондæр уаиды охыл. Дыууиссæдзæм бон нæма ахицæн, афтæ нæ хæрæфырт иу сых уæлдæр чындзæхсæв кодта. Нæ мад уый куы фехъуыста, уæд мæм, йæ кæуын нæ уромгæйæ, дзуры: «Цин æмæ зиан æфсымæртæ сты. Цом æмæ нæ хæрæфыртæн арфæ ракæнæм». Йæ фæндоныл сразы дæн, æгайтма, зæгъын, йæхи зæрды æрæфтыд уыцы хъуыды, йæ сау сагъæстæй кæд иугыццыл фæцух уаид.

Кæрты адæм фæсонтау сты, уыимæ – лæппуйы мад дæр. Саударæг ус та, хъазт уæм цæуылнæ ис, чындзæхсæв куы у, зæгъгæ, бакодта. Шифоньеры сæрæй фæндыр æриста. Чызджытæй йæ куы ничи куымдта, уæд æй сæ иуы хъæбысы тыхæвæрд æркодта. Кафынмæ дæр та ничи комы. Фине иу æмбискары лæджы къухыл рахæцыд æмæ, кæд сæ рæвдзытæй нæ уыд, уæддæр ракафыд. Кæйдæрты кæуын райхъуыст, фæлæ йæ кафт кæронмæ ахæццæ. Цæхæрадонмæ ахызт, йæ тыппыртæ суагъта æмæ æрбаздæхт. Кафгæ кæнут, мæ къонатæ, ме ‘дзард хъæбул Казикæн дæр уыцы бæсты æхсызгон уыдзæн, зæгъгæ, бафæдзæхста æмæ рацыд.

Уæззау хабар, фæлæ уыимæ æвдисы, раздæр æфсарм æмæ æгъдау, æрхъуыдыдзинад куыд бæрзонд æвæрд уыдысты, уый. Цыбыр рæстæгмæ уал судзаггаг зианæн ныффæраз æмæ ма искæй циндзинадыл бацины ныфс æмæ хъару ссар, уый сылгоймагæн кæуылты сгуыхтдзинад уыд!

Абон цытæ цæуы, уыдон дæр хъуамæ рæстæг кæнæ æндæр искæй æмæ истæй аххос ма кæнæм. Сывæллæттæ хъомылгæнæг сылгоймаг уæд, Интернет нæ, фæлæ! Ам дæр та – таурæгъон хабар. Иу хъæуы фæсивæд сæ буц цардæй сæхиуыл фервæссыдысты, кусгæ дæр нал кодтой. Куывдтæ, цæл-минас – парахат. Сæ хистæрты уайдзæфтæй куы стыхстысты, уæд уынаффæ рахастой – амарæм сæ æмæ сын се ‘фхæрæнтæй фервæзæм.

Æрмæст иу лæппу бамбæхста йæ куырм фыды ныккæнды æмæ йын уырдæм хæринаг хаста.

Бухъхъ цард, хъазтизæртæ, хиирхæфсæнтæ, фæлæ цæттæ фæллой бирæйы фаг нæ кæны. Хъал фæсивæд фæззæджы бæркадæй сæ къæбицты ницы нывæрдтой, æмæ сæм уалдзæджы хоры нæмыг тауинагæн нал баззад. Æххормаг рæстæг скодта, æмæ лæппу æнкъардæй хабæрттæ йæ фыдæн радзырдта. Зæронд лæг загъта: «Æвирхъау рæдыд æруагътат, фæлæ ма ныр цы гæнæн ис. Бавдæлут, æмæ быдырæй хор цы фæндæгтыл ластат, уыдон бахуым кæнут. Æрмæстдæр фæндæгтæ, æмæ ма уæ кæд Хуыцауы хорзæх уа, уæд уæ хъуыддаг фæрæстмæ уыдзæн».

Сæххæст кодтой уыцы фæдзæхст, æмæ цасдæры фæстæ фæндæгтæ цъæх-цъæхид адардтой. Хор ласгæйæ цы нæмыг фезгъæлд, уый æвзар суагъта, фæззæджы та йæ тыллæг тугыл аскъуыд. Афтæмæй хъæуы цæрджытæ æххормаг мæлæтæй фервæзтысты. Лæппуйы куы бафарстой, ахæм зонды хъуыды йæм кæцæй æрцыд, уæд сын алцы дæр раргом кодта. Сæ хистæртæй сафтиды хабарыл ма бæргæ фæсмон кодтой иннæтæ, фæлæ сын цы гæнæн уыд. Хатыртæ фæкуырдтой зæронд лæгæй æмæ Хуыцауæй дæр.

Хъуыддаг фæсивæды раст фæндагыл æвæрыны мидæг ис, æмæ хистæрты ууыл ноджы æнувыддæрæй архайын хъæуы. Нæ дуджы уыцы æмæ æндæр къабæзты сылгоймæгтæ ныфсджындæрæй æвдисын сæхи райдыдтой, æмæ уый дæр нацийы райдзаст фидæныл дзурæг фæзилæн у…

*ГАСАНТЫ Валери,*
*Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл*
*Ирон литературæйы музейы хистæр зонадон кусæг*

# РÆСУГЪД ЗÆРДÆ ÆМÆ АРФ ЗОНДЫ ХИЦАУ

*Уац*

**Театралон аивады дæсны иртасæг Плиты Жаннæйы райгуырдыл сæххæст 85 азы**



Уæрæсе æмæ Ирыстоны театралон аивады рæзты йæ зонадон куыстытæй йæ фæд ирд æмæ ахадгæйæ кæмæн баззад, уыцы зындгонд аивадиртасджытæй, арф æмæ бирæвæрсыг зонды хицæуттæй иу уыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты хистæр ахуыргæнæг, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры литературон хайады раздæры сæргълæуууæг Плиты Жаннæ.

Æнцон царды фæндагыл нæ рацыд йæ сабибонтæй йæ бахъомылмæ театралон аивады зонады фидæны стыр дæсны. Фæлæ сфæлдыстадон архайдæй мидисджын æмæ хъæздыг уыд йæ бавæрæн нæ культурæйы иумæйаг рæзтмæ. Райгуырд 1941 азы 9 январы Хуссар Ирыстоны сæйраг сахар Сталиниры (ныр – Цхинвал). Йæ фыд – ирон литературæйы классик, журналист æмæ æхсæнадон архайæг Плиты Харитон, мад – Цæголты Мария – нæ республикæйы музейты змæлды зæрдиаг æмæ бæстон архайæг.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ уый фæстæ зындзæрæн азты цыд фидæны дæсны аивадиртасæг Плиты Жаннæйы хъомылад æмæ æвзонгады цардвæндаг. Фæлæ йæ зæрдæ дзаг уыд зонд, ахуыр æмæ чи-

ныгмæ æгæрон уарзты æнкъарæнтæй. Раджы бамбæрста, йæ зæрдæйы стыр уарзты зынг кæй судзы удварны æнусон хæзнатæ – нывгæнынад, театр, мифологи æмæ культурологимæ. Дзæуджыхъæуы 16-æм астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд æй профессионалон уæлдæр ахуырад райсыны бæллицы рухс фæндаг æркодта Ленинграды театр, музыкæ æмæ кинойы паддзахадон институтмæ. Ам сахуыр кодта театралон аивад иртасæн хайады. Йæ ахуыргæнæг уыд номдзыд культуролог, аивадиртасæг наукæты доктор профессор Сергей Цымбал.

Арф зонындзинæдтæ райсынмæ тырнындзинад, театр æмæ иумæйагæй аивады æппæт жанрты сусæгтæ базонынмæ арæхстдзинад, мидкультурæ æмæ æгъдауæй ирон чызг йæхи бауарзын кодта йæ номдзыд ахуыргæнæгæн æмæ студенттæн. Каст бирæ зонадон æмæ аивадон литературæ. Арæх цыд музейтæм, театртæм. Æнафонтæм-иу бадт Ленинграды стырдæр библиотекæтæ æмæ архивты. Йæ уд-йæ цæст – йæ ахуыры æмбæлттæн ног аивадон чиныг кæнæ спектаклы, музейы равдысты тыххæй радзурын, уырдæм сæ ахонын. Йæ ахуыр æмæ фæлладуагъд уыдысты, куыд фæзæгъынц, иу.

Институт æнтыстджынæй каст куы фæци, уæд ын йæ дипломæй уæлдай радтой сæрмагонд гæххæтт, уый фæрцы та йын гæнæн уыд Мæскуыйы Театралон аивады институты (ГИТИС) театр иртасыны хайады аспирантурæмæ бацæуынæн. Уыцы фадатæй дæр спайда кодта Ирыстоны аивад æмæ культурæйы хорзæхæн.

1973 азы каст фæци аспирантурæ æмæ йæ кусынмæ бахуыдтой Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театрмæ. Зæрдиагæй дзы зонадон æмæ сфæлдыстадон куыст фæкодта 1996 азмæ. Уыцы иу рæстæг ма уыд нæ бæстæйы зындгонд журнал «Театральная жизнь»-ы сæрмагонд уацхæссæг.

Йæ ахадгæ хъуыдытæй æмæ хъæппæристæй-иу зæрдиаг æххуыс уыд Ирон паддзахадон драмон театры режиссертæн, фæлтæрдджын æмæ æрыгон арстисттæн. Йæ цæстуарзон ныхас æмæ арф профессионалон зонындзинæдтæй хай кодта Дзæуджыхъæуы Евгени Вахтанговы номыл академион æмæ Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл драмон театртæн.

Йæ удыхъæд æмæ профессионалон арæхстдзинады сæйрагдæр миниуджытæ бирæ уыдысты. Арф зонд, бæрнондзинад, пьесæйыл, спектаклыл йæ сæвæрын æмæ равдисыны размæ бæстон кусын, актер-

тæн, режиссертæн, драматургтæн се сфæлдыстад æмæ курдиаты гæнæнтæ, куыд гæнæн ис, афтæ арф зонын, сæ аиппытæ цæстуарзон æмæ æргомæй амонын. Йæ хæстæ æххæст кæнынмæ ахæм хуызы кæй каст, уый фæрцы йын уыд кад нæ бæстæ, Цæгат Кавказ æмæ Ирыстоны театралон æмæ аивадон артдзæстыты кусæг æппæт фæлтæрты ‘хсæн.

Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры режиссертæй, артисттæй, нæ республикæйы аивады кусджыты хистæр æмæ кæстæр фæлтæртæй арæх фехъусæн вæййы ахæм хъуыдытæ: «Плиты Жаннæйы хуызæн аивадиртасæджы уæрæх курдиат бирæтæм нæ уыд йæ дæсныйадыл хæст театралон критиктæй».

Йæ зынгæдæр æмæ ахадгæдæр зонадон куыстытæ сты: «Героика и романтика на осетинской сцене», «Три шекспировские роли В.В. Тхапсаева», «Северо-Осетинский государственный театр» (буклет), «Русский театр в Осетии (æмавтортæ Маринæ Литвиненко æмæ Иннокенти Русанов), «Магия музыки», «Делать маленькое добро, но с великим и умным сердцем». Уыдонæй уæлдай ма нæ бæстæйы æмæ Ирыстоны газетты æмæ журналты ныммыхуыр кодта уацтæ æмæ очерктæ, рецензитæ, интервьютæ Ирыстоны дыууæ хайы театрты æвæрд спектакльты æмæ зындгонд артистты цард æмæ сфæлдыстадон архайды тыххæй. Йæ фыст монографитæй æмæ æрмæджытæй парахат æмæ æхсызгонæй пайда кæнынц нæ бæстæ æмæ Ирыстоны аивадиртасджытæ, журналисттæ, студенттæ æмæ аспиранттæ.

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультет куы байгом, уæд Плиты Жаннæйы 1992 азы уырдæм хистæр ахуыргæнæгæй кусынмæ æрбахуыдтой. Студенттæн цы лекцитæ каст, уыдон уыдысты мидисджын, цымыдисаг, æмæ сæм-иу суинаг журналисттæ кæддæриддæр хъуыстой зæрдиагæй. Йæ разамындæй фыстой курсон æмæ дипломон куыстытæ. Иртæстой сæ ирон аивады дæсныты, национ литературæйы архайджыты цард æмæ сфæлдыстад. Цалдæр дзы хицæн чингуытæй дæр рацыд.

Мæнæ нын цы радзырдта Плиты Жаннæйы тыххæй йæ раздæры студенткæ, ныр республикон фæсивæдон газет «Слово»-йы уацхæссæг Хъайтмазты Заремæ: «Нæ бæстæйы æмæ ма суанг дунейы театрты истори, алы рæстæджыты се сфæлдыстадон рæзт, сæ абоны уавæр, актерты дæсныйады миниуджытæ райдайæнæй сæ рæзты тæккæ стырдæр гæнæнтæ æмæ цъуппытæм Плиты Жаннæйы хуызæн бæстон

æмæ арф чи зыдта, дыккаг ахæм дæсны æмæ арæхстджын зонадон кусæг нæ зонын. Уый уыдис энциклопедион зонындзинæдты хицау. Театры аивады алы фæзилæнтæ куыд æнкъардта æмæ сæ махæн, фæсивæдæн, куыд бæстон æмæ арф амыдта, уый стыр диссагæн дзуринаг æмæ уынинаг уыдис. Не 'ппæты дæр хайджын кодта театралон аивадмæ уарзты уаз «низæй». Нæ фæллад дунейы культурæйы, литературæйы, аивады хæзнатыл дзурынæй. Алкæд дæр йæ лекциты æмæ практикон ахуырты уыд стыр мидис æмæ цымыдисаг дæнцæгтæ. Йемæ зонадон-иртасæн куыст кæнын æнцон нæ уыд, фæлæ æхсызгон æмæ цымыдисаг. Бæрнон æмæ домагæй не 'ппæтыл дæр аудыдта æмæ йæ алкæд дæр нæ алкæмæн дæр фæндыд йæ ахуырты арф æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæ раттын. Мах дæр, студенттæ, архайдтам йæ зæрдæхудты ма бацæуыныл. Арæх æй æрымысын: йæ зонд æмæ адæймагдзинадæй, театрмæ æгæрон уарзтæй мæ уд æмæ зæрдæйы ныууагъта арф æмæ рæсугъд, ирд æнæсысгæ æнкъарæнтæ, рухс фæд. Плиты Жаннæйы хуызæн адæймæгтæ-театралон аивадиртасджытæ сты нæ бæстæйы æмæ ирон культурæ æмæ аивады уагæвæрджытæ æмæ аразджытæ, йæ кад, йæ ном, йæ фидыц».

Цæгат Ирыстоны паддзахадон радио «Алани»-йы амонæг, журналист, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Налдыхъуаты Зæлинæ зæгъы: «Плиты Жаннæ зондджын æмæ хæдбындур аивадиртасæг кæй уыд, уый хорзæй æмæ ирдæй бæрæг дардта канд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны театрты æмæ иумæйагæй культурæйы рæзтыл нæ, фæлæ Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты ахуырадон уагыл дæр. Ахуыры рæстæг йæ арф зонды рухсæй хайджын чи фæци, уыцы раздæры студенттæ, ныр журналисттæ æмæ национ культурæйы архайджытæ, се 'ппæт дæр сæхи амондджын хонынц. Аивад æмæ зонад адæймагæй уæлтых зæрдиаг архайд кæй домынц, уый æз базыдтон æмæ банкъардтон Жаннæ æмæ факультеты иннæ фæлтæрдджын ахуыргæнджыты фæрцы. Йæ лекциты æмæ практикон ахуырты руаджы цы зонындзинæдтæ райстон, уыдонæй фылдæр та мын йæ фæлтæрддзинадæй хай кодта, мæ дипломон куыстæн мын разамонæг куы уыд, уæд.

Фæндыд æй зæрдиагæй фæсивæдимæ наукон куыст кæнын, зонд сын амонын, цардмæ сæ цæттæ кæнын. Бирæ йæ уарзтам æмæ йæ абон

дæр уарзæм. Нæ йæ рох кæнæм. Стæм дзы æнæкæрон бузныг. Кæд исчи ирон аивады рæзтæн фæстаг сулæфты онг зæрдиаг хæрзты цыдис, уæд уыдонæн сæ фыццæгтæй уыд Плиты Жаннæ.

Арæх мæ бахъæуы мæ профессионалон сфæлдыстадон архайды нæ бæстæйы зындгонд аивадиртасджыты монографитæм æркæсын. Сæ фылдæр сæ чингуыты æнцой кæнынц йæ фыст зонадон æрмæгыл æмæ уацтыл. Æцæг профессионалон зонындзинæдтæ æмæ зæрдæйы иууыл хуыздæр миниуджытæй хайджын куынæ уыдаид нæ уарзон, фендджын æмæ зондджын хистæр, уæд ын ахæм бæрзонд æмвæзадыл йæ удвæллойæн аргъ, мæнмæ гæсгæ, нæ уаид абон дæр. Æрмæстдæр ын йæ ном куы фехъусын, уæд дæр мын вæййы стыр æхсызгон».

Курдиатджын æмæ дæсны аивадиртасæг Плиты Жаннæйы хъæппæрис æмæ разамындæй Дзæуджыхъæуы 16-æм скъолайы æнтыстджынæй куыста, ахуырдзаутæ йæ архайæг кæмæн уыдысты, ахæм куклаты театр. Йæ зонындзинæдтæ æмæ сфæлдыстадон архайд хорзæй



Брытъиаты Зариффæ, Бекъойты Розæ, Хъесаты Валодя æмæ Плиты Жаннæ Дагестаны Театралон архайджыты цæдисы уæнгтимæ. 1979 аз

сахадыдта Фæсивæдон театр «Амыран» æмæ Бæхты паддзахадон театр «Нартæ»-йы сфæлдыстадон æнтыстытыл æмæ архайдыл.

«Мæ хистæр хо уыд Жаннæ. Цард æмæ йæ дæсныйады уыд фидар зондахасты æмæ мидкультурæйы хицау. Æргомзæрдæ, рæстдзинадыл дзурæг кæддæриддæр. Аргъ кодта адæймаджы уды рæсугъддæр æмæ аивдæр миниуджытæн. Материалон исбонæй æппæты бæрзонддæр йæ царды кадджын бынат ахстой ахуыр æмæ чиныг. Йæ цард æмæ профессионалон зонындзинæдтæ снывонд кодта ирон аивад æмæ театры рæзтæн, фæсивæды размæцыд æмæ сфæлдыстадон курдиаты рæзтæн. Гадзрахатдзинад æмæ фæлывд митæй дыл йæ зæрдæ фæхудт кæнæ дыл фæгуырысхо, уæд-иу йæ зæрдæхудты бацæуæг адæймагæн æргомæй бауайдзæф кодтаид. Фæлæ зонд æмæ зæрдæйы уагæй хъæздыг æмæ рæсугъд, бонзонгæ адæмæн та йæ уд æмæ зæрдæйы миниуджытæй никуы ницы æвгъæу кодта. Зыдта цалдæр фæсарæйнаг æвзаджы, дæсны уыд хионæн, къабæзтæн, зонгæтæн лæвæрттæ æвзарынмæ æмæ кæнынмæ. Арæхстджын уыд уæлæдарæс хуыйынмæ æмæ бийынмæ дæр. Æнувыд уыд йæ хæстæг хионтыл, хæлæрттыл æмæ æмкусджытыл. Йæ бон куыд æмæ цæмæй уыд, уымæй нын иу не 'ппæтæн дæр æххуыс кодта кæм цæстуарзон ныхас, уынаффæйæ, кæм та хъуыддагæй», – зæгъы Плиты Ларисæ.

Плиты Жаннæйы ном, зонадон, сфæлдыстадон бынтæ зынаргъ сты ирон аивады архайджыты, журналистты бирæ фæлтæртæн.

*ДЖИМИТЫ Хайырбег*

# ДЫУУÆ НАНАЙЫ

*Радзырд*

Сызгъæрин фæззæг. Æмбисбон. Автобусы арастмæ ма уыд æнæхъæн сахат. Мæхи æруагътон даргъ бандоныл æмæ газет систон.

Иуафон фæкастæн рахизæрдæм æмæ джихæй баззадтæн: фæйнæрдæм чи фæцыд, ахæм зæронд ус йæ тымбыл фæсонтæй бабыцæу кæрты дуары цæджындзмæ, рафæлдæхынæй йын цыма тарст.

– Дыууæ санчъехы ма æххæст, Маса! Уæртæ нын æвæджиауы уæгъд бадæн, – дзуры йæм лæгъстиагау дыккаг ус – мæллæджытæ, дæргъæлвæс, амоны мæ бадæнмæ.

– Нал, Чабæ! Нал иунæг санчъех дæр. Оф-оф! Иу минут мæ улæфт суадзон...

Чабæ æрбадавта йæ хæссинæгтæ, фæуагъта сæ мæ бадæны фарсмæ æмæ фездæхтис пъырыпъыфмæ, æрхæцыд ын йæ нæрст цыбыр цонгыл. Маса базмæлын кодта йæ дзæккортæ, цыма йæхи дæр нæ уыдысты. Æз мæхи айстон бандоны кæронмæ æмæ та фæлгæсын газетыл. Газетмæ кæсын æмæ хъусын мæ сыхæгты зæрдиаг ныхасмæ дæр.

– Уæдæ ныр Елхотмæ цæуыс, Маса? – дæргъæлвæс афарста тыппыр усы.

– Æнæмаст мын у, Чабæ, мæ чызгмæ. Рагуалдзæгæй нырмæ уым вæййын. Зæликæ та куыдтæ цæры дæуæн? Цы баисты йæ чызг æмæ йæ лæппу?

– Чызг Мæздæгмæ мой скодта, Маса. Лæппу дæр ма йын райгуырд ауалдзæг. Дохтырыл сахуыр кодта. Куы йæ зоныс. Лæппу та Мæскуыйы бакаст институт. Кусынмæ дæр æй уым баурæдтой. Бинонтæ нæма бацагуырдта. Фыццаг фатеры æфсон кодта. Ныр ын фатер дæр радтой, замманай фатер, фарастæм уæладзыджы, æд балкъон. Цом Мæскуымæ, зæгъгæ, ныллæууыдис асæрды, уынæг нæм куы суадис, уæд. Зæликæ мæ нықъкъуылымпы кодта. Мæхи бæгуы фæндыдис ауайын. Ницы кæны бæстæтæ фенын...

Бирæ цыдæртæ ма сæ фехъуыстон. Устытæ сыхæгтæ уыдысты. Масайæн ис дыууæ фырты æмæ чызг. Чызг институт каст фæцис, цæры Елхоты. Ис ын скъоладзау лæппу æмæ чызг. Масайы хистæр фырт ахицæн йæ фыццаг усæй. Фæлæ дыккаг дæр хуыздæр нæ разынд. Кæстæр фыртæн дæр «æрхаста» ус. Æрмæст... чындз нæ бакуымдта Масайы кæртмæ. Асламæй балхæдта зæрæстон кæрт, мæ мадыфсымæр, дам æм æрлидздзæн, æмæ уыцы кæрты смидæг. Куыд ныххатыр

кæна мад ахæм æфхæрд? Куыд атула йæ бирæгъ чындзы бын? Æмæ бафснайдта йæ сæр йæ чызгмæ.

– Дæуæн дæ бадт фæсмойнаг нæу, Чабæ! – йæхи бакъултæ кæны Маса. – Дæ фырттæй дæр – разы, дæ чызгæй дæр. Уыдоны цот дæр дын – цины хос. Амырбийæ, мæгуыр, цы лæг райрæзыд! Тракторæй нæ рахызт, афтæмæй дын хистæр инженерæй агæпп ласта.

– Мæ къона фæкæна мæ гыццыл хур! Мæ богал фырт цыма мæрдтæй æрцыд. Цæрмыстыгъд æй бакодта.

– Цы диссаджы «Волгæ» æрæлхæдта! Кæннод цы галуантæ слæууын кодта!

Амондджын худт бакæны Чабæ. Йæ зæнæджы хистæрæн иу фырт баззад. Нæ йæ ауагъта чындзы цæгатмæ, чындзæн йæхи дæр нæ урæдта йæ фарсмæ. Æмæ хорз мой скодта, мæгуыр. Гъемæ бахъомыл сæ сидзæр хур. Институт каст фæци фæсауyонмæ, сси хъæубæсты хистæр инженер.

– Машинæ йын æхсæны балхæдтой, – æмбарын кæны йæ сыхагæн. – Нæхи ‘хцатæ хæдзæртты фаг уыдысты. Фыццаг Зæликæмæ æрцыд ахæм хъуыды. Стæй йæ уæд Дзæрæхмæт нал ныууагъта. Нанайы фæндиаг, дам, схъомыл лæппу, æмæ йын йæ зæрдæ балхæнæм… Афтæ гъе, Маса.

– Бæгуыдæр сын æмбæлдис, Чабæ. Дзæрæхмæтмæ æхца чысыл уыдзæн? Кæдæй нырмæ у шахтæты хицау!

– Дыууæ мины – Дзæрæхмæты лæвар, мин æмæ дыууиссæдзы – Зæликæ, мин æмæ æрдæг та – чындзы лæгæй. Йæ диплом цы бон райста Амырби, уыцы бон ын æй загъта Зæликæ, – сæрфы Чабæ йæ цины цæссыгтæ. Йе стыр цин йæ зæрдæйы æвæрд у йæ гыццыл хуры уыцы боны стыр цин. – Чындзы лæг мын æй хъæбулау уарзы мæ гыццыл хуры, мæ богалы сидзæры.

– Дæ зæрдæ ма куыд комы «чындз» зæгъын? Ирæд ын радта мады курæггаг?

– Цæмæн зæгъыс, Маса? Цæмæн зæгъыс? Мæ зæрдæйæн стыр æхсызгон у. Æгайтма хорз бинонтæм бахауд мæ чындз. Йæ лæджы сидзæрты дæр амонд уыд. Мады рæвдыд фендзысты мæ чындзæй.

Рауад иу минут æнæ сныхасæй. Устытæ сæхи хъуыдытыл фесты. Чи зоны, кæдæмыты ахæццæ сты. Стæй Маса уæззау ныуулæфыд.

– Уæдæ æз цæй æнамонд фæдæн! Уæдæ мæн Хуыцау куыд ралгъыста! Мæ чындзытæй фыддæр та мæ сиахс разынд.

– Мæ хæдзар куыд уыд! – фестъæлфыд Чабæ. – Уалдзæгæй нырмæ йæм уымæн бадыс? Тынг дзæбæх дæ бауазæг кодта.

– Уа дзæбæх æй фенæд иунæг Хуыцау! Тагъд бон мæм йæ мард æрбайхъуысæд! Цалдæр боны мæм дзæбæх дзырдта. Чындзытæм тæргай дæн, уый нæ зыдта. Стæй мæм дзагъултæ кæнынил схæцыд. Иубон æй æрфарстон хибарæй. Цы, зæгъын, ис дæ зæрды, мæ сиахсгонд? Дæ масты дзæкъул, зæгъын, куы аскъуына, уæддæр æз мæ фырттæм нал цæуын, æмæ дæхицæн дзæгъæлы маст ма кæн.

– Тобæ стафрæллæх, æмæ ма уæд афтæмæй куыд лæууыс йæ хæдзары?

– Æмæ исты уый хæдзар у, Чабæ? Мæ чызджы каппеччытæй сæ фæкодта.

– Цыфæндыйæ дæр... зул цæстæнгасмæ...

– Цæй цæстæнгасы кой кæныс, Чабæ? Сиахс адымдта кæдæмдæр уыцы бон. Абон дæр йæ кой-йæ хъæр нæ хъуысы. Мæнæ цыма зæххы скъуыды ныххауд.

Чабæйæн тынг хъыг уыдис уыцы хабар. Бауайдзæф кодта йæ сыхагæн. Мах, дам, ныр ингæнты раз стæм, дæ чызгæн та – æнахъом сабитæ. Фæлæ ус къæртт-цъула нал фæци. Чызджы цотмæ дæр мæсты уыдис. Куыйтау, дам  мæм рæйынц фæстæмæ. Чи зоны дзы сæ фыды маст истой.

– Дæ чындзытæ куыстуарзаг сты, Маса. «Мæ хур» сын зæгъ, æмæ дæ мадау дарой. Бафæраз мастæн дæхи къонайыл. Дæ чызгæн кæд йæ цард нæ фехæлид.

– Нæ сæ хъæуын, Чабæ, мæ чындзыты. Пенси мын кæй нæ рафыста колхоз, уый та сæ бынтон амардта. Бахъаст кодтон хъæуыл районмæ, фæлæ мæ æвдисæнтæ агуырдтой, æмæ ничи ацыдис мæ фæдыл. Никуы, дам дæ федтам быдыры. Судзгæ сау куырмæй сæ ауынон, кæд пенси уыдоны дзыппæй нæ агуырдтон.

– Дзæгъæлы æлгъитыс адæмы, Маса! Æз дæр дын ницы бацæуин æвдисæн. Нал лæууынц дæ зæрдыл хæсты азтæ? Мах нæ къухтæм æмхасæнтæ куы кодтам, уæд уæхимæ дуарæхгæдæй бадтæ. Нæфæразгæ-нæфæразгæ фæкодтай, æмæ дыл æрæмбырд сты низтæ. Цы цæсгомæй бацыдтæ райкоммæ?

– Цæй, Чабæ, цæуыл стырындз дæ? – Маса стылдта йæ нарст къухтæ. – Къæбæргур дæм нæ бацæудзынæн, ма тæрс. Фæдардзæн мæ мæ ахуыргæнæг чызг.

– Доны дур дæр дæм нæ фæлæудзæн. Бæзджын фиуы стыхтай дæ зæрдæйы дæр æмæ дæ чызджы амонд барæй халыс. Зонд ын цæуылнæ амоныс?

– Нæ мæм хъусы, Чабæ! Нæ мæм хъусы. Уый йеддæмæ йын кæдæй

нырмæ дзурын, дæ хъаст бадæтт милицæмæ, зæгъгæ. Уыдон æй ссарик-кой минутмæ, æмæ сывæллæттæн æхца фидид. Кæд ма мæ чызджы бацæрын фæнды? Кæд ма æнхъæлмæ кæсы дзæгъæлдзуагмæ? Æмæ уæд æз та цы фæуыдзынæн? Мæ чындзытæ мæ удхæссæг куы сты.

– Дæхицæн та зæды хуызæн æфсин уыд, – йæхицæн дзурæгау сдзырдта Чабæ.

– Ахæм зæдтæй дæр нæ уыд, Чабæ! Фæлæ мæ маст нæ хастон хурмæ, æмæ уымæн барæсыд мæ зæрдæ. Ды хъуамæ мæнæй хистæр уай цыма?

– «Цыма» та ма цы зæгъыс? Бирæ хистæр. Абонау дын зонын дæ райгуырд. Рагуалдзæджы иу сæумæрайсом...

– Дæлæмæ 'рхауæд, Чабæ, уыцы бон.

Чабæ æрымысыд сæ чызгон бонтæ. Æртæ сыхы чындздзон чызджытæ-иу Масамæ згъордтой балцы дзаума курæг. Иу сыхмæ æрцыдисты чындзы дæр. Маса зымæгон уазал райсом йæ уаты рудзынг дæр нæ гом кодта, йæ къух уазал доны дæр нæ тылдта. Æфсин-иу йæхи фæразæй кодта.

– Æз та-иу зымæгон райсом мæ сидзæртæн арф миты фæндаг гæрстон, се скъолайæ мын ма фæцух уой, зæгъгæ, – загъта ма æнкъард хъæлæсæй Чабæ.

– Кастæн дæм-иу рудзынгæй, Чабæ. Дзæрæхмæты-иу де 'ккойы хастай, Зæликæ æмæ Тасолтан та дæ фæдыл уадысты. Нæ лæджы-иу афарстон, зæгъын, цымæ, Чабæ йæ цотæй цæмæ 'нхъæлмæ кæсы. Цас зындзинæдтæ бавзæрстай уæдæ æмæ ма куыд уæнгрог дæ, Чабæ! Мæн та сæ быны скодтой низтæ. Удхæссæджы цыргъ цæвæджы 'хситт нал сæфы мæ хъустæй иу минут дæр.

– Æмæ гъа, цы дын зæгъон, Маса? Низ мæнæй йæ удхæссæг уыны. Цæвæджы 'хситт дæр никæцæй хъусын. Радиомæ хъусын уарзын рагæй дæр, иронау куы фæдзуры, уæд. Нæ быдыры бæркады кой, цард... Æркæсын газеты нывтæм дæр. Зоны газеты уыд иу стыр ныв. Сылгоймæгтæ стыр кæрийы раз бадынц æмæ нартхоры æфсирты сыфтæ тонынц. Æвæджиауы дзæбæх бонтæ кæны, æмæ та мæ зæрдæ нал фæлæууыд. Зæликæйы æвастæй радымдтон. Иу-дыууæ боны мæхи аирхæфсон. Чыргъæд сисынмæ нал хæссын мæ ныфс, фæлæ кæрийы раз фæкæсдзынæн.

– Дæ бонæй уай, Чабæ! Цæй амондджын дæ! Низтæй æмæ удхæссæгæй – рох...

– Удхæссæгæй ничи ферох уыдзæн. Иууылдæр, дам æм бæлвырд фыст стæм. Фæлæ, дам, йæ сæр куысыфтæг у, æмæ йын хион-хъузон куынæ фæуа,

Маса, уæртæуæртæгæнæг, уæд, дам, тагъд нæ хæст кæны йæ амæттагыл. Мæныл æй чи сардауа, кæрæдзийæн мæ куынæ хатыр кæнынц цотæй, цоты цотæй? Мæ зæрдæ дæр нæ худы удхæссæгыл. Чи зоны, уый мæн агурæг Садонмæ куы фæцæйтындзы Æрыдоны уылты, йæ цæвæг даугæ, уæд æз та Джызæлыл раивгъуыйын? Нæхи кæртмæ уæндгæ дæр не 'рбакæндзæн. Амырби йын йæхи цыргъ цæвæгæй йæ куысыфтæг сæр рогæн акъуырид.

– Уæдæ ма уагæры Мæскуымæ куы айгæрдай... Ауигъ уæд дæ къух дæ удхæссæгыл. Ныдздзæгъæл уыдзæн уыцы уæладзгуыты.

– Рауайæд æниу мæ фæдыл уырдæм. Кæд йæ тутт сæр дуарыл ныццæхх уаид. Цæрджыты чи ласы уæладзгуытæм, уыцы машинæйы дуарыл зæгъын. Йæхæдæг, дам, ахгæны бацæуæгыл. Цæвæгджын та ахæмтæн цы зоны? Уый мæнæй дæр ма зæронддæр куы у.

Нал баурæдтон æз дæр мæ худын. Устытæ мæнмæ куыд ракастысты, афтæ нæ разы алæууыд бæрзонд, фæтæнуæхск, богалгонд лæппулæг. Йæ къухыл зылдта иу гыццыл дæгъæл сызгъæринхуыз лыстæг рæхысы халыл.

– Амырби! Мæ гыццыл хур! – атыхст ыл Чабæ йæ мæллæг цæнгтæй. – Цæмæй базыдтай, æз ам бадын, уый?

– Дæ бон хорз, Маса! Æнæниз у, – райста лæппу тыппыр усы къух.

– Хорзæй цæр дæ нанайы фæндиаг. Дæ хорзæхæй, кæцæй фæдæ æвиппайды?

– Устытæ мæ рарвыстой Цæлыккæй. Иубон, дам нын фенын кæн Чабæйы. Уый та, дам, Зæликæ нал уадздзæн, æндæр нæ фæлæууыдаид нырмæ дæр. Зæликæйы фатеры дуар – æхгæд. Уæд гыццимæ бауадтæн фæрсæг, æмæ мын загъта, ныртæккæ, дам, афæндараст кодтон æз нанайы хъæумæ. Æз дæр уæд ардæм радугъ кодтон, Маса. Кæд ма, зæгъын, æрæййафин нанайы. Цом, нана!

– Æххæст Масайы дæр ныддав Елхотмæ.

– Уыйас мæ бæргæ не 'вдæлд, нана, фæлæ йæ...

– Омæ йæ цæмæн тыхсын кæныс? Автобус дæр мæ ныххæццæ кæндзæн. Ме схизын мæ зын вæййы, Чабæ. Æмæ та мæм кæд фæкæсид исчи, – бакодта тæргайхуызæй Маса.

– Æз дæр, Чабæ, Елхотмæ цæуæг дæн. Фæкæсдзынæн Масамæ, ма йыл мæт кæн, – мæхи нал баурæдтон æз.

– Кæй лæппу дæ, дæ хорзæхæй, мæ къона? Æз дын ирон æнхъæл куынæ уыдтæн, æмæ ма нын нæ нæмттæ дæр куы зоныс! – цинхуызæй мæм фездæхтис Чабæ.

– Дæ фаг бынат дæр ма ис машинæйы, – радта мæм йæ къух Амырби. – Цомут!

Нæ мæ фæндыдис: магуса Маса йæхи Чабæйы фарсмæ цæмæн ауадза Амырбийы æхсырхуыз «Волгæ»-йы. Фæлæ Чабæ «æнцондзырд» нæ разынд. Нал нæ ныууагъта æнæ сбадгæ. Йæхæдæг дын сæ хъæумæ фæзилæны куы бауромын кæнид машинæ:

– Мæнæн пайда у фистæгæй цæуын, ды та, Амырби, рæвдздæр фездæхай. Дæ хорзæхæй, Маса, ныхъхъуыды кæн æмæ дæ чызджы ма фенамонд кæн, – бадзырдта ма Чабæ машинæмæ...

Елхоты «Волгæ» æрлæууыд иу кæрты дуармæ. Æз Масайæн фегом кодтон дуар, феххуыс ын кодтон æрхизынмæ. Кæртæй разгъордтой къаннæг лæппу æмæ чызг.

– Аласутма-йæ фæстæмæ йæхи къонамæ! – тарстæй дзуры чызг Амырбимæ. – Науæд та нын бабайы атæрдзæн. Нырма абон схæццæ Сыбырæй.

– О, мæ бон куыд бакалдис уæдæ! – машинæмæ бауадзыг Маса, стæй сабыр Амырбимæ дзуры: – О, мæ уд дæ фæхъхъау æрбауа! Цæй хорз уыди, кæй нæ фæзивæг кодтай, уый. Бынтон дзæгъæлæй баззадаин уынджы! Ахæццæ мæ кæн фæстæмæ мæхи къонамæ. Уыцы дзæгъæлдзуаджы мауал фенон.

Лæппу æмæ чызг базгъордтой сæ кæртмæ. Амырби мæнмæ йæ мидбылты бахудт: «Бахатыр кæн, уадзын дæ лæугæ». Стæй æрæлхъывта йæ «Волгæ»-йы газ.

Разгъордта ма сывæллæтты мад, фæлæ уæдмæ «Волгæ» тигъæй фæаууон.

...Араст дæн æз дæр мæ фæндагыл. Мæ цæстытыл ауадис Чабæ æмæ Масайы ног фембæлд... Хъаст кæндзæн Маса йæ хъысмæтæй, кæй нæ фехъуыст йæ карз æлгъыст Хуыцаумæ, кæй æрбаздæхт йæ чызджы «дзæгъæлдзуаг» лæг...

Чабæ фыдзæрдæ никæмæ дары. Нæ йæ фæнды Масайæн дæр фыд фенын. Фæлæ ныр, хабар фехъусгæйæ, нæ бауыдзæн йæ бон йæ цин бамбæхсын. Чабæ дунейы сабиты нана у æмæ, мæгуыр, куыннæ бацин кæна: дыууæмæ дзы сæ уарзон фыд куы 'рбаздæхт!

*«Мах дуг», 1968 азы 1-æм номыр*

КАЛМАНТЫ Этери

# ФÆРДГУЫТЫ ХАЛ

*Радзырд*

Рудзынджы акомкоммæ тæрхæгыл морæхуыз кæлмæрзæныл апырх сты урс фæрдгуытæ. Зæирæ, фынддæсаздзыд цъæхдзаст, урсцъар æмæ саудзыкку чызг, бады æмæ сæ æндахыл хал кæны.

Иу иннæйы фæдыл гæпп кæнынц фæрдгуытæ чызджы къухæй судзинмæ, судзинæй – æндахмæ. Алы фæрдыджы фæстæ дæр чызг æндах рæсугъд æлхынцъ акæны.

Ам, рудзынджы фарсмæ бадын æм тынг хорз кæсы. Сæ хæдзары фаллаг фарс ис, дзул æмæ алыхуызон адджын гуылтæ кæм уæй кæнынц, ахæм дукани. Æрвылбон дæр адæм цæуынц уырдæм, сæ фылдæры сын чызг бахъуыды кодта.

Чызг даргъ судзины бырынкъыл фелвасы фæрдыг æмæ та уынгмæ акæсы. Уæртæ дуканийы къæсæрыл хуры тынтæм йæхи тавы бур нард гæды. Уый дæр уым арæх фæхуыссы. Йæ рæзты цæуджытæ йæ арæх æрлæгъзытæ кæнынц. Зæирæ йæ мадæн цал хатты загъта, мах дæр иу гæдыйы ласпын куы фæуаид, зæгъгæ. Фæлæ мад нæ разы кæны.

Чызг арф ныуулæфыд. Зæирæйы мад сæумæрайсом ацæуы куыстмæ, æмæ чызг иунæгæй фæлмæцы. Фæлæ, сæ царды зындзинæдтæ æмбаргæйæ, нæ фæхъаст кæны. Йæхицæн æрхъуыды кодта алыхуызон хиирхæфсæнтæ. Куы чиныджы фæкæсы, куы музыкæмæ фæхъусы, куы та фæрдгуытимæ фæархайы.

Ничи йын ис мад йеддæмæ. Афтæ рауад, æмæ цы бачындæуа.

Сæ фарсмæ цы хæдзар ис, уым цæры йе ʼмбал чызг Фатимæ. Уый йæм арæх æрбауайы ахуыры фæстæ. Зæирæ йæм уæлдай тынг фенхъæлмæ кæсы. Ацы урс фæрдгуытæ дæр уымæн хал кæны.

Чызджытæ иумæ бирæ фæныхæстæ кæнынц. Фати йын радзуры скъолайы хабæрттæ, æмæ Зæирæйы зæрдæ барухс вæййы.

Хур йæ тынтæ ноджы тынгдæр раирд кодта. Чызг афæллад æмæ йæ къухтыл, кæрæдзиуыл сæ æрæвæргæйæ, йæ сæр æрæвæрдта.

Хуры тын фæллад цæсгомыл хъазы, стæй та фæрдгуытыл радгай скафы.

Уынгæй райхъуыст куыдзы рæйын. Зæирæ йæ сæр хæрдмæ систа æмæ ауыдта сæ сыхаг зæронд лæджы. Уый æд газет йæ куыдзимæ

фæцæуы тезгъо кæнынмæ. Фæстæмæ цæугæйæ та æнæмæнг бацæуы дуканимæ æмæ дзы рахæссы даргъ фæлмæн дзул. Зæирæ дæр бирæ уарзы ахæм дзул. Гыцци йын дзы арæх балхæны.

Хал кæны чызг йæ фæрдгуытæ дарддæр. Йæ сæры зилдух кæнынц алыхуызон хъуыдытæ, йæ зæрдæ сæ куы барухс вæййы, куы та ноджы нынкъард вæййы… «Ехх, искуы æз дæр мæхæдæг дзул æлхæнынмæ цæудзынæн, цымæ…»

Фæрдыг, сынкъ… Уæртæ фæцæуы æндæр чидæр. Æрыгон сылгоймаг сывæллоны коляскæ йæ разæй тулы.

Афтæ  чызг сабыргай йæ фæрдгуытæ халгонд фæци. Уæдмæ æризæр. Хур йæхи æмбæхсын райдыдта.

«Ныртæккæ гыцци дæр зындзæн», – хъуыды кодта чызг. Йæ фæрдгуытæй ма цы баззад, уыдон хъавгæ сæ къоппытæм амбырд кодта.

Уалынмæ тигъæй æрбазынд  йæ мад дæр. Зæирæ йæ куы ауыдта, уæд тынг бацин кодта. Уый дæр æм йæ къух батылдта, стæй дуканимæ бацыд. Цыбыр рæстæгмæ рахызт, йæ къухы чызджы уарзон дæргъæццон дзул, афтæмæй.



– Гыцци! – цингæнгæ, дуары æрбахизæнмæ йæ коляскæ тулгæ, тындзыдта чызг.

– О мæ хур, куыд дæ, сæххормаг дæ?

– Иугыццыл, – æфсæрмхуызæй дзуапп радта чызг. – Гыцци, æз мæ фæрдгуыты хал фæдæн!

– Уый дын гъе, – йæ къухтæ ’хсгæ, сдзырдта мад, – ныртæккæ цайдан авæрон, æмæ сæ фендзыстæм.

Баталынг. Бадынц стъолы уæлхъус чызг æмæ мад. Сæ разы – цайы агуывзæтæ, хæрзад дзул, вареннæ æмæ æндæр хæринæгтæ.

Чызг лæмбынæг хъусы мады ныхæстæм. Ног дохтыр та йын кæй ссардта æмæ йæм тагъд кæй ацæудзысты, уыцы ныхæстæ йын кæны. Ног ныфсы цъырттæй Зæирæйы зæрдæ барухс.

– Гыцци, мæ бон уыдзæн тезгъо кæнын дæр? – мынæг хъæлæсæй бафарста чызг.

– Уыдзæн, мæ къона, æнæмæнг, – фидарæй загъта ныййарæг йæ хъæбулæн.

Цас ма фæбадтаиккой, чи йæ зоны, фæлæ сæм уæдмæ Фати йæ фæрдгуытæ хæссынмæ æрбацыд…

# ХÆХХОН ÆЛДАРЫ ФЫРТЫ ÆМÆ БЫДЫРОН ÆЛДАРЫ ЧЫЗДЖЫ АРГЪАУ

Иу хæххон æлдары фырт фехъуыста, иу быдырон æлдарæн хæрз рæсугъд чызг кæй ис, уый æмæ йæм курæг ацыди. Куы раласт и, уæд ыл, курæг кæй чызгмæ цыд, уыцы æлдар сæмбæлди æмæ йæ бафарста.

– Кæй онг, лæппу?

Уый йын загъта:

– Иу æлдармæ хорз чызг фехъуыстон æмæ уымæ курæг цæуын.

Æлдар ын загъта:

– Цæуæм уæдæ иумæ.

Цæуын дын байдыдтой æмæ, иу цъыфдзаст ранмæ куы бахæццæ сты, уæд лæппу загъта æлдарæн:

– Фæлæуу, хид дын дзы акæнон.

Æлдар загъта:

– О, дæ хуыздæр амæла, цæй æрра дæ, цæй, цалынмæ ды ам хид кæнай, уæдмæ ам бадон?

Афтæмæй дзы æлдар бацыди, æмæ дзы йæ бæх ныссагъди йæ хъусрæбынтæм. Лæппу бацыд, цъыфæй йæ сласта, ныссыгъдæг æй кодта, йæ бæхыл æй сæвæрдта, æмæ та цæуын байдыдтой. Æлдары хъæумæ æввахс куы бахæццæ сты, уæд кæсынц, æмæ хъæуæй иу лæджы мард рахæссынц, æмæ лæппу æлдары бафарста:

– Æлдар, æлдар, дæ фарн-дæ зæдыстæн, уыцы лæг æгас хъæуы лæг уыди æви иу хæдзары лæг?

Æлдар та йын загъта:

– О, дæ хæдзар фехæла, мæнæ лæппу! Æрра дæ æви сонт? Лæг иу хæдзары лæг вæййы, уый йеддæмæ иу лæг æгас хъæуы лæг никуы вæййы.

Афтæмæй æрбацыдысты хъæумæ, æмæ йæ æлдар сæ уазæгдонмæ бахуыдта. Æлдар хæдзармæ бацыди æмæ загъта:

– Уазæгæн кæрдзын æрæвæрут.

Æфсин бацыди къæбицмæ æмæ хæбизджын скодта, стæй æйчытæ афыхта æмæ сæ уазæгæн арвыста. Кусæг фынг куы фæцæйхаста, уæд æйчытæй иу ахордта, бацыд уазæгдонмæ æмæ фынг æрæвæрдта уазæджы раз. Уазæг хæрд куы фæци, уæд кусæгæн загъта:

– Фынг ахæсс æмæ, хæдзармæ куы бацæуай, уæд зæгъ: «Мæй йæ цалхы дзаг уыд, фæлæ стъалытæй иу фæхъуыд».

Кусæг фынг ахаста æмæ, хæдзармæ куы бацыди, уæд загъта:

– Уыцы уазæг уый загъта, мæй, дам, йæ цалхы дзаг уыди, фæлæ стъалытæй иу фæхъуыди.

Æлдар худæгæй мæлын байдыдта æмæ загъта:

– Æмбисонды æрра лæппу у. Абон дæр ма фæндагыл рацæйцыдыстæм, æмæ мын иу цъыф ран афтæ зæгъы: «Фæлæуу, хид дын акæнон». Уырдыгæй рацыдыстæм, æмæ мæнæ нæ хъæуæй иу лæджы мард рахæссынц. Æмæ та мæ бафарста: «Уыцы лæг æгас хъæуы лæг уыди æви иу хæдзары». Уый тыххæй æз афтæ æнхъæл дæн, æрра у.

Æлдарæн йæ чызг сыстади, иу авджы дзаг арахъхъ райста æмæ йæ агуывзæимæ йæ роны бакодта, стæй æппын æнæ дзургæ уазæгдонмæ бацыди, йæ ронæй авг райста, иу агуывзæ дзы рауагъта æмæ йæ лæппумæ авæрдта. Лæппу йæ ануæзта. Чызг та рауагъта дыккаг агуывзæ æмæ йæ йæхæдæг ануæзта. Нoджы та рауагъта æмæ йæ лæппумæ авæрдта, лæппу йæ цъыфмæ аппæрста. Чызг систа агуывзæ, ныссæрфта йæ, рауагъта та арахъхъ, æмæ йæ йæхæдæг ануæзта. Нoджы та рауагъта, æмæ йæ уæд лæппу ануæзта. Ныр кæрæдзимæ ницы дзурынц. Стæй лæппу йæ дæс къухы хæрдмæ схъил кодта, йæ бæхыл абадт æмæ афардæг и. Чызг фæстæмæ æрбацыд æмæ æлдарæн загъта:

– Ды, Æда, уыцы лæппуйы æрра хоныс, фæлæ уымæй зонджындæр нæ бæсты бирæ не ссардзынæ. Æрбайхъус: абон сымах фæндагыл куы цыдыстут æмæ цъыфмæ куы æрбахæццæ стут, æмæ дын афтæ куы загъта, фæлæуу, хид дын дзы акæнон, зæгъгæ, уæд ды афтæ æнхъæлдтай, æцæг дын хид кæнынмæ хъавыди; уæдæмæ дзы фыццаджыдæр йæхæдæг бацыдаид æмæ дзы куы ныссагъдаид, уæддæр уый лæппу у, æмæ уымæн хабар дæр нæ уыд. Фæлæ дæуæн худинаг уыдаид уым ныссæдзын. Уый дын иу. Дыккаг: уырдыгæй куы рацыдыстут, æмæ хъæуæй иу лæджы мард куы хастой, æмæ дæ куы бафарста: «Уыцы лæг иу хæдзары мард у æви æгас хъæуы?» Ды та йыл худын куы байдыдтай, уæд дын уый уымæн загъта, æмæ, кæд хорз лæг уыди, уæд æгас хъæуы лæг уыди; кæд æвзæр лæг уыди, уæд та йæ хæдзары мард уыди. Æртыккаг: ардæм куы æрбацыд æмæ уазæгдонмæ куы бацыд, ды та хæдзармæ куы æрбацыдтæ æмæ, «уазæгæн кæрдзын æрæвæрут»

куы загътай, стæй Æна хæбизджын куы скодта æмæ йæ æйчытимæ кусæгæн куы бахæссын кодта, уæд кусæг фæндагыл иу айк ахордта! Мæй йæ цалхы дзаг у, фæлæ стъалытæй иу фæхъуыди, зæгъгæ та уый тыххæй загъта, ома кусæг иу айк ахордта.

Ныр æз авджы дзаг арахъхъ ахастон æмæ, куы бацыдтæн æмæ йæм иу арахъхъ куы авæрдтон, уый та йæ куы ануæзта, уæд йæхинымæры загъта: «Уыйас дæ уарздзынæн, мæ зæрдæйы æвзæрст»; æз та ноджыдæр рауагътон æмæ йæ мæхæдæг куы ануæзтон, уæд загътон мæхинымæр: «Æз дæр дæ уарздзынæн, мæ хуры чысыл». Ноджы та рауагътон æмæ йæм æй куы авæрдтон, уæд æй уый цъыфмæ ныззыввытт ласта æмæ йæхинымæр хъуыды кодта: «Куынæ бæззай, уæд та дæ афтæ аппардзынæн». Æз та агуывзæ цъыфæй систон æмæ йæ ныссæрфтон æмæ дзы рауагътон æмæ та йæ мæхæдæг куы ануæзтон, уæд мæхинымæр загътон: «Уый дæ зæрдæ ма хъуыды кæнæд, мæ бон, æмæ тæрсгæ дæр ма кæн, бæзгæ дæр кæндзынæн æмæ дæ уарзгæ дæр кæндзынæн, нæ мæ аппардзынæ». Уый фæстæ йæ дæс къухы хæрдмæ куы скодта, уæд загъта йæхинымæр: «Уæдæ дæм дæс боны фæстæ курынмæ æрцæудзынæн». Ныр æз – йæ ус, уый – мæ мой.

Æлдар загъта йæ чызджы дзырдты фæстæ:

– Æцæг, æцæг дæсны куы у.

Дæс боны фæстæ лæппу йæ чындзхæсджытимæ æрцыди, ракуырдта чызджы, æртæ боны æмæ æртæ æхсæвы минас фæкодтой, сæ уды цас фæндыд, уыйас. Стæй йæ ахастой, сæ хæдзары дæр дисsaджы минас фæкодтой. Цард сын уыди, хорз сын уыди. Уыдоны æрцыдмæ хорзæй фæцæрут, аргъаумæ хъусджытæ!

*Диниил ЧОНКАДЗЕ æмæ ЦОРÆТЫ Василийы*
*æмбырдгонд «Ирон текстытæ», Санкт-Петербург, 1868 аз*

# ТÆФÆРФÆС

## КОЛЫТЫ ВИТАЛИ



21 февралы йæ цардæй ахицæн курдиатджын фыссæг, тæлмацгæнæг, журналист, журнал «Ирæф»-ы сæйраг редакторы хæдивæг КОЛЫТЫ Витали.

Колыты Оледжы фырт Витали райгуырд 1959 азы январы Хъæрæсе-Черкессийы Къостайыхъæуы (Лабæ). Хæрз чысыл ма куы уыдис, уæд йæ мад æмæ чысыл хоимæ æрцардысты Цæгат Ирыстоны Æрæфы районы Æхсæрысæры. Уым Витали каст фæцис астазон скъола, уый фæстæ Мæцутæйы астæуккаг скъола, стæй та – Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультет. Куыста мадæлон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй Камбилеевкæйы скъолайы, сæххæст кодта йæ паддзахадон хæс æфсады рæнхъыты (1983 – 1985), уыдис Горæтгæрон районы газет «Фидиуæг»-ы тæлмацгæнæг (1985 – 1990), 1991 – 2017 азты – литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Ирæф»-ы бæрнон нымæрдар, 2017 азæй йæ царды фæстаг бонтæм та – сæйраг редакторы хæдивæг.

Колыйы-фырт ирон чиныгкæсæгæн зындгонд у, фыццаджыдæр, цы æмдзæвгæты чингуытæ йын рацыд, уыдонæй. Уый йæ чиныгкæсæгæн зонд нæ амоны, фæлæ йемæ цин æмæ æмсагъæс кæны.

Дыгурон æвзагмæ ратæлмац кодта Афанаси Феты, Сергей Есенины, Александр Солженицыны, Владимир Бартеневы, Гибизты Русланы, Цæголты Георгийы, Цæголты Василийы, Гатуты Дзахойы æмæ Дыгурон драмон театрæн къорд пьесæйы. Йæхи æмдзæвгæтæ дæр тæлмацгонд æрцыдысты уырыссаг, украинаг, туркаг æвзæгтæм.

Витали ирон литературæйы къæбицмæ бахастæ бæркадджын хуынтæ, уарзта цард, уарзта йæ раттæг адæмы, удуæлдайæ лæггад кодта хистæртæн, йæхæдæг та цæстуарзон хистæр уыд кæстæртæн.

Хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнæм бинонтæн, хиуæттæн, йе ‘мкусджытæн.

Витали, дæ фæлмæн цæстæнгас, рæвдаугæ хъæлæс æмæ ирд сурæт рох нæ уыдзысты дæ бирæ хæлæрттæй. Рухсаг у.

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***12 февралы*** Дзæуджыхъæуы центрон чиныгдоны уыд зындгонд поэт, прозаик, тæлмацгæнæг Хозиты Ясоны фырт Яковы райгуырды 110 азы боны кадæн мысæн изæр «Майы фаззон» – «Орфейы уазæг».

► ***17 февралы*** Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты уыд историон наукæты доктор, профессор Цыбырты Людвиджы чиныг «Алания – Осетия и Дагестан»-ы презентаци. Йæ тираж – æдæппæтæй 500 экземпляры, фæлæ, авторы хъуыдымæ гæсгæ, чиныг у фæлварæн монографийы хуызы дыууæ республикæйы ‘хсæн историон-культурон бастдзинæдтæ равдисынæн, йæ сæйраг нысан та – æфсымæрон ахастдзинæдтæ дарддæр фидар кæнын.

► ***21, 22 февралы*** Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры сценæйыл уыд Саламты Никъала æмæ Брытъиаты Зариффæйы пьесæмæ гæсгæ комеди «Дыууæ чындзæхсæвы»-йы премьерæ. Ацы спектакль театры репертуары куы уыд, уæдæй нырмæ рацыд 15 азы (режиссер – Хуыгаты Геор). Фыццаг хатт та спектакль Ирон театры сценæйыл æвæрд æрцыд 1956 азы апрелы (режиссер – Цæлыккаты Мæирбег). Ныртæккæ йыл ногæй бакуыста режиссер Битарты Алыксандр.

► ***23 февралы*** 57-æм сæрмагонд гвардион мотоæхсæг бригады размæбырсæг къорды командир Герийы Инал хорзæхджынгонд æрцыд «Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыр»-ы Сыгъзæрин Стъалыйæ. Йæ бæрзонд хæрзиуæг райста Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путины къухтæй.



*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 3. 2026 г.
Подписано в печать 17.03.2026 г. Выход в свет: 27.03.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 90. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Æддаг цъарыл Джиоты Вероникæйы къам.

Равдысты цъарыл Хаджеты Таймуразы æмдзæвгæ «Аивад»-æй ист ныхæстæ.

## Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» æртыккаг хатт расидтысты «МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!

*Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын, æмткæй райсгæйæ та – æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы премитæй, Премийы сæрмагонд нысантæй æмæ дипломтæй.*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

***20 январæй 31 августмæ*** *авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адрисмæ: mahdug@kpmk.alania.gov.ru , «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ;*

***1 сентябрæй 30 сентябрьмæ*** *сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн;*

***Октябры кæрон*** *кадджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн ис журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Телеграм æмæ ВК-йы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды журналы сайты.*

*Фæрнæйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+